


YO TE SEZI WAYÒM LI AN.
MEN L AP REPRAN LI.

WA *de* GLWA



BAZE SOU SENTEKRITI YO

MOUN KI RAKONTE
P.D. BRAMSEN

MOUN KI ILISTRE
ARMINDA SAN MARTÍN



WA DE GLWA

Pa P. D. Bramsen

Ilistre pa Arminda San Martín

Copyright © 2024 ROCK International. All rights reserved.

ISBN 978-0-97987-026-4

Haitian Creole edition of KING of GLORY

Copyright @ 2011, 2024, ROCK International

• Relief, Opportunity & Care for Kids

• Resources Of Crucial Knowledge

P.O. Box 4766, Greenville, SC 29608

www.rockintl.org resources@rockintl.org

www.king-of-glory.com

Tout dwa rezève.

Tit Liv la Prepare pa Dave Bramsen

Pèman pou dwa dotè sou liv la reyenvesti nan pwojè ROCK International yo.

Pou tradui KING OF GLORY ou nenpòt piblikasyon e pwogram ROCK, kontakte:


resources@rockintl.org

Konsènan otè a: Paul Dan Bramsen fèt nan Eta kalifòni. Li menm ak madanm li leve timoun yo nan Senegal, Afrik Lwès— yon nasyon an majorite mizilman bò limit dezè Saara a. Bramsen ekri pou moun nan divès nasyon, li kreye plizyè fòm medya, resous nan divès lang ki rakonte istwa e eksplike mesaj pwofèt Labib yo nan lòd kwonolojik. www.rockintl.org/resources

Konsènan Atis La: Arminda San Martín, moun Ajantin, ekri: “Rive jis kote m ka raple m, m ap desine. Mwen anplwaye tout talan desen Bondye ban mwen nan liv Wa de Glwa a. Pou mwen, pwojè sa se yon rèv ki vin reyelite, yon chans ki rive yon fwa nan lavi. Mwen pa ka di Bondye mèsi ase pou opòtinite sa.” Arminda ap travay kounya kòm ilistratè pou yon kantite mezon piblikasyon.




**POU LAGLWA WA A AK
BENEDIKSYON TIMOUN
TOUT LAJ NAN TOUT NASYON**



**“San danje? Kiyès ki pale de san danje?
‘Menwi, li pa san danje. Men li gen bon kè.
Li se Wa a, se mwen k di w.”**

— Lyon an, Sòsyè a, ak Amwa a, Ekri pa C. S. Lewis



SELEKSYON SÈN

Sèn Kache	8
Kòmansman	11
1 • Wa a e Wayòm li a	
2 • Wa a e Pwofèt Li yo	
3 • Wa a e Linivè Li a	
1^e Pati — Wa a anonse Plan Li a	19
4 • Premye Jou a	Jenèz 1
5 • Yon Mond Pafè	Jenèz 1-2
6 • Premye Nonm nan	Jenèz 1-2
7 • Yon Abitasyon Pafè	Jenèz 2
8 • Lalwa Peche ak Lanmò	Jenèz 2
9 • Premye Fanm nan	Jenèz 2
10 • Wayòm Limyè a	Revelasyon 4-5
11 • Wayòm Fènwa a	Ezayi 14; Ezezyèl 28
12 • Sèpan an	Jenèz 3
13 • Chwa a	Jenèz 3
14 • Peche e Lawont	Jenèz 3
15 • Mò Espirityèlman	Jenèz 3
16 • Madichon an	Jenèz 3
17 • Pwomès la	Jenèz 3
18 • Premye Sakrifis la	Jenèz 3
19 • Chase	Jenèz 3
20 • Premye Timoun yo	Jenèz 4
21 • Adorasyon Pechè	Jenèz 4
22 • Lalwa Ofrann pou Peche	Jenèz 4
23 • Aksepte e Rejte	Jenèz 4
24 • Premye Fwa Yo Touye Moun	Jenèz 4-5
25 • Pasyans E Jijman	Jenèz 6-7

26 • Yon Nouvo Kòmansman	Jenèz 8-9
27 • Gwo Batisman Ògèy la	Jenèz 11
28 • Bondye Rele Abraram	Jenèz 12
29 • Sila a K Kenbe Pwomès Li a	Jenèz 15
30 • Pi gwo Tès la	Jenèz 22
31 • Pitit Gason Kondane a	Jenèz 22
32 • Imaj e Pwofesi	Jenèz 22
33 • Yon Bondye Fidèl e Sen	Egzòd 19-20
34 • Dis Kòmandman yo	Egzòd 20
35 • Plis Imaj	Egzòd 20, 24
36 • Plis Pwofesi	Sòm & Pwofèt yo

2^e Pati – Wa a Reyalize Plan an87

37 • Istwa Wa a ap Kontinye	Matye 1
38 • Istwa Mari	Lik 1
39 • Istwa Jozèf	Matye 1
40 • Wa a Rive	Lik 2
41 • Istwa Bèje yo	Lik 2
42 • Istwa Maj yo	Matye 2
43 • Timoun Pafè a	Lik 2
44 • Anyo Bondye a	Jan 1
45 • Pitit Gason Pafè a	Matye 3
46 • Dezyèm Nonm nan	Matye 4
47 • Wa-Mesi a	Lik 4
48 • Dominasyon sou Demon ak Maladi	Lik 4
49 • Dominasyon sou Van ak Vag	Mak 4
50 • Dominasyon sou Peche	Mak 2
51 • Dominasyon sou Lanmò	Lik 7; Jan 11
52 • Sila Ki Fè Pwovizyon an	Jan 6
53 • Anseyan an	Matye 5-7
54 • Majeste Wa a	Matye 17

55 • Misyon Wa a	Matye 16, 20
56 • Wa a Antre Jerizalèm	Mak 11
57 • Yo Kesyone Wa a	Lik 20
58 • Yo Arete Wa a	Mak 14
59 • Yo Kondane Wa a	Jan 18
60 • Yo Kouwone Wa a	Matye 27
61 • Yo Krisifye Wa a	Lik 23
62 • Wa-Sovè a	Lik 23
63 • Dènye Sakrifis la	Matye 27
64 • Yo Antere Wa a	Matye 27
65 • Tonbo Vid la	Matye 28
66 • Mesaj Pwofèt yo	Lik 24
67 • Yon Kò Transfòme	Jan 20
68 • Depa Wa a	Depa Wa a 1
69 • Selebrasyon Viktwa a	Sòm 24; Revelasyon 5
70 • Wa a ap Retounen	Revelasyon 19-22

Fen 157

- Byenere pou Toujou?
- Move Nouvèl
- Bon Nouvèl
- Sa w ap di ak Wa a

Sa W ap Jwenn Anplis 167

- Kesyon pou Revize Sèn yo
- Nòt an Fen
- Ann Ale pi Lwen
- Gid Epizòd Fim nan

SÈN KACHE

Alis te kòmanse fatige chita kot sè l la sou ban an, san l pa gen anyen pou fè; li te jete youn ou de(2) koudèy nan liv sè l la t ap li a, men l pa t gen ni imaj ou konvèsasyon ladan n, Alis di nan kè l, "E a kisa yon liv ki pa gen ni imaj ou konvèsasyon itil?"

— KÒMANSMAN LIV ALICE'S ADVENTURES IN WONDERLAND, EKRI PA LEWIS CAROLL, 1865

Liv ou pral li a ranpli ak imaj e konvèsasyon, men, kontrèman ak istwa fantezi klasik *Alice in Wonderland*,¹ imaj ak konvèsasyon nan Wa de Glwa dekoule de yon istwa ki te vrèman pase.²

Mwen te yon jan lou pou m te ekri yon liv avèk imaj konsènan pi gran istwa yo te janm rakonte.


Sa gen anpil ane, pandan m t ap viv an Anfrik Lwès, m te pran yon kou sou pwodiksyon pwogram radyo. Premye jou klas la pwofèsè a mande, "Ki youn nan prensipal avantaj radyo genyen sou televizyon?" Repons li a te siprann nou:

"Li founi yon pi bon imaj."

Se vre.

Menm fim sa yo ki koute anpil e ke tout moun renmen gen difikilte pou rive kapab konvèti senp mo an yon seri imaj mantal vivan jan lespri lòm nan ka fè l. Ekri ansyen pwofèt yo ba nou tablo san e san mo-imaj ke ankenn fim pa ka byen montre, ke ankenn atis lòm ka ilistre nèt.





Arminda San Martín, atis ajanten nou an ki gen talan e bon kè, fè yon travay etonan e kòrèk nan konvèti istwa bibliik yo de mo a tablo imaj. Avèk plim e bwòs elektwonik, Arminda te reyalize premye ebòch yo ak imaj final yo nan jis katòz mwa. M espere w ap gen menm sansasyon an devan travay li a avèk mwen.

Kounya, ann panse a sa:

Si n ap li yon liv istwa, ki kote n ap kòmanse? Nan mitan? Non, nou pran nan kòmansman. Se lè sa sèlman n ap konprann istwa a. Menm jan an, pou konprann Sentekriti yo, nou dwe pran nan kòmansman e suiv istwa a nan konklizyon lojik li e ki ba nou satisfaksyon.


Ekri pwofèt yo gen ladan yo san e san istwa kout ki yo tout mete ansanm pou fòme yon sèl istwa. Pandan m ap ekri *Wa de Glwa*, m santi m yon jan kouwè yon fleris yo mande pou al nan yon gwo jaden flè san bout, pou triye kèk douzèn, e aranje yo an yon sèl boukè ki montre laglwa tout jaden an. Pou liv sa, mwen seleksyone kèk douzèn istwa kle nan Sentekriti yo e aranje yo sou fòm yon dram 70 sèn, nan yon tantativ pou montre laglwa Wa etènèl la Ki te revele tèt Li nan listwa lèzòm.

Priyè mwen devan Bondye se pou liv sa ki montre e rakonte istwa vrè sa enspire moun tout laj pou yo pran plezi nan ekri pwofèt yo, pou yo tonbe damou avèk Sila liv la ap pale a, e rejwenn wayòm byenere sa ki p ap janm pran fen an.

Pou nou ka gen yon ide klè,

Paul D. Branson

Kòmansman



Mwen gen anpil bèl pawòl nan bouch mwen.
Mwen pral chante yon chante,
mwen tankou yon moun ki konpoze bèl chante.

Monte sou cha ou, al goumen, pou pran defans
moun ki kenbe pawòl yo, moun ki gen bon kè,
moun ki mache dwat devan ou.
Kouraj ou ap fè ou genyen batay la.

— Pasaj nan ekri pwofèt yo (Sòm 45: 1, 4)



SÈN 1

WA A E WAYÒM LI A

Lontan, lontan avan Kòmansman mond lan, te genyen yon wa, Wa Laglwa a!

Wa sa te lwen, lwen sou tèt e depase nenpòt ki moun ou bagay ou menm ak mwen ta ka imajine. Nan etènite san fen an, Li te sèl Wa, e wayòm Li an sèl wayòm: yon rèy pafè ak sajès, lanmou, jwa e pè! Wayòm nan pa t bezwen solèy ou zetwal, paske Wa a Li menm te klere l.

Tandiske wayòm nan te san limit nan gwosè li, li te limite nan jan l peple. Gen moun ki di Wa a pa t gen sijè menm.

Se vre?

Youn nan premye mistè sou Wa sa, sèke menm lè L te egziste sèl, Li pa t janm poukont Li vre!

Kanmèm, Li te vle pataje lavi L ak lòt èt ki gen lespri.

Alò, bon Wa saj sa kreye yon pwovens selès peple ak milyon e milyon espri briyan nan aspè ak panse yo, yo rele zanj. Li konnen non yo tout, e Li vle yo konnen L tou. Lavi avèk Wa sa te yon *avanti* san pran souf!

Men zanj yo pa t sifi pou Wa a! Alò Li kreye yon rèy nan tan, espas ak matyè — yon inivè tèt chaje, avèk yon bèl planèt ki t ap vin abitasyon pou yon kominote kreyati mèveye yo rele lòm.

Fanmi lòm nan, ki diferan de zanj yo, te kòmanse jis ak de (2) moun: yon nonm, yon fanm. Menm jan ak zanj yo, Wa a te vle pataje lavi Li avèk lòm tou.

Epi yon bagay te rive, yon bagay tèrib! Mouvmman rebelyon te leve nan wayòm nan, *dabò* nan syèl, epi sou latè.

Yon zanj rebèl sezi wayòm latè paske l fè lòm tounen prizonye l. Men sa k te rive a pa t yon sipriz pou Wa a!

Nan fon kè Wa a te gen yon plan *sovtaj*, si gran, si misterye, si ekstravagan, ki rive si lwen ke sa t ap pran L anpil milye ane pou L reyalize l.

Epi, kilòt bagay ou ta ka espere nan men Wa tout letènite a?

L ap viv andeyò letan!





SÈN 2

WA A E PWOFÈT LI YO

Pou w konnen Wa a e plan L genyen an, ou dwe konnen liv Li a.

Pandan plis ke 15 syèk, Wa a te chwazi anviwon 40 moun pou ekri istwa e mesaj Li a. Yo rele yo pwofèt. Wa a ba yo Pawòl Li, ke yo ekri nan woulo, ke lòt moun ta pral kopye, fè sikile, e konsève pou jenerasyon k ap vini. Kwak laplipa pwofèt yo pa t janm konn youn lòt, sa yo te ekri te kole pou rakonte yon sèl istwa e mesaj.

Yo rele ekri pwofèt yo Sentekriti. San Ekri sa yo, nou t ap sèlman ka devine kote n sòti, pou kisa n la, e kote n prale. Pou n gen vrè repons a kesyon sa yo, nou bezwen liv Wa a.

Anviwon 3 500 zan, Wa a te enspire yon pwofèt yo rele Moyiz pou l ekri,

“Se pa pen ase lòm bezwen pou yo viv. Yo bezwen tout pawòl ki sòti nan bouch Senyè a tou pou yo viv.”
(Detewonòm 8: 3)

Jodi a, Pawòl Wa a rasanble nan yon liv, Bib la, ki sen. Sen vle di san tach oubyen apa sòti nan tout lòt. Bib vle di liv oubyen *koleksyon* liv. Bib la se liv yo plis tradui e vann nan mond lan. Plizyè milye papiri ak woulo an po bèt montre ke l te pi byen prezève pami tout tèks ansyen.³

Liv la gen 2 gwo pati.

Premye a se Ansyen Testaman an (Lalwa, Sòm...), ladan Wa a anonse plan Li a.

Dezyèm nan se Nouvo Testaman an (Levanjil yo, Travay...) ladan Wa a reyalize plan Li a.

Testaman vle di alyans, kontra, ou akò. Ansyen Testaman an predi sa Bondye gen plan pou fè. Nan Nouvo Testaman an nou jwenn reyalizasyon plan Li a. Sèl Bondye ka ekri listwa avan l rive!

Diferans ant Ansyen e Nouvo Testaman yo se kòm lè yon gran wa voye lèt ak foto ba ou — e lè l vizite ou li menm.

Se nan Mwayen Oryan nou jwenn Sentekriti yo an premye, Lafrik, Lazi, e Lewòp, pita nan Lamerik yo e pi lwen. Pwofèt yo sòti nan Mwayen Oryan, men istwa e mesaj yo ekri a pou tout nasyon. Pou tout fanmi. Pou tout moun.

Pou ou menm.





SÈN 3

WA A E LINIVÈ LI A

Si n te ka vwayaje tounen nan letan e lespas, lwen, byen lwen *annaryè*, avan lòm te fèt, planèt yo, ou zetwal yo, nou t ap ka viv pouvwa ak glwa k kache dèyè premye mo Sentekriti yo:

Nan kòmansman an, Bondye kreye syèl yo ak tè a. (Jenèz 1: 1)

Jodi a, anpil moun panse lemonn ak mèvèy li yo rive egziste san men yon Kreyatè byen entèlijan. Men teyori yo pa ka byen eksplike estrikti konplèks ak lòd nou ka obsève nan linivè a.

Nan Liv la, Wa a di,

“Syèl yo fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Yo fè wè tout sa Bondye te fè ak men L.” (Sòm 19: 1)

Nou tande men, gade men pa w. Bouje pous ou yo. Eseye kenbe yon liv, bale, ou mato san yo.

Gade zong yo, jwenti yo, ak po w. Panse a kèk bagay enpòtan w fè ak men ou. Kiyès si se pa yon mèt atizan ki ka fòje zouti konsa?

Ki degre sajès ak pouvwa ou ta bezwen pou w kreye yon milya galaksi? Ou pou w kreye yon selil vivan ak milyon pati konplèks li yo? Ou pou tise ansanm ti fil tòde tou piti selil yo avèk kòd jenetik ki fè ou menm ou menm?

Sa gen 3000 an konsa, yon pwofèt, yon wa k rele David ekri,

Ou aranje tout pati nan kò m depi nan vant manman m. M ap louwe ou paske W fè m kouwè yon mèvèy etonan! (Sòm 139: 13-14)

Ou ta renmen rankontre avèk Sila k te fòme w la? Ou ta renmen viv pou toujou avèk Kreyatè e Mèt galaksi yo? Ou kapab! Li revele tèt Li. Li vle w konnen Li. Li vle fanmi w ak kominote ou konnen Li tou. Li envite w pou konprann plan Li a, fè eksperyans lanmou Li, *kontanple* majeste Li, koube devan Li, e viv pou laglwa Li. Men Li p ap fòse w vin yon sijè Li.


Aprètou, Li pa jis yon wa! Li se Wa a. Wa laglwa a!

Men listwa Li.



1^e Pati





SÈN 4

PREMYE JOU A

Liv Bondye a kòmanse yon jan yon wa merite. Li di nou sa nou bezwen konnen, e anyen anplis.

Nan kòmansman, Bondye kreye syèl yo ak tè a.

(Jenèz 1: 1)

Tout sa nou ka wè e touche gen yon kòmansman, men Kreyatè e Mèt linivè a pa gen ni kòmansman ni fen. Li se Lespri envizib, etènèl la, Ki ka tout kote alafwa. Li wè e konnen tout bagay.

Èske w konnen non Li? Bondye gen anpil non, men sa yo plis itilize a se SENYÈ a. Nan lang Liv Bondye a te premye ekri a, non Li se Yawe, ki vle di SILA KI EGZISTE a, ou tou senp MWEN SE.

Listwa kreyasyon an kontinye avèk deskripsyon Wa a fè de latè avan tout lòt bagay.

Men latè pa t gen fòm, li pa t gen anyen sou li. Fènwa te kouvri toupatou. Lespri Bondye t ap plane sou dlo ki te kouvri tout latè.

(Jenèz 1: 2)

Li te tan pou prepare planèt la pou moun abite.

E Bondye di, "Se pou limyè fèt." Epi limyè te fèt.

Bondye wè limyè a te bon. Bondye mete limyè a yon bò, li mete fènwa a yon lòt bò. Bondye rele limyè a lajounen, li rele fènwa a lannwit. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te premye jou a.

(Jenèz 1: 3-5)

Kisa Bondye te fè premye jou kreyasyon an? Li te bay lòd pou limyè a travèse fènwa a. Pita solèy la ta pral klere sou tè a, men pa nan premye jou a. Bondye vle nou konnen Li se sous limyè a.

Bondye se limyè. Pa gen fènwa nan Bondye.

(1Jan 1: 5)


Bondye san tach, kouwè limyè. Li pa ka vin sal. Menm lè limyè klere sou bagay ki sal anpil, li rete pwòp. Bondye san defo. Li sen.

Èske w te remake Kiyès ki te la avèk Bondye nan sèn kreyasyon an? Sentespri li a te la, t ap plane sou dlo yo. Pawòl Li te la tou, t ap pale.

Nan kòmansman, Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Li te la avèk Bondye depi nan konmansman. Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay...

(Jan 1: 1-3)

Sentespri Bondye a ak Pawòl la te toujou avèk sèl vrè Dye a. Se pou sa nou ka di ke Wa a, menm lè L te egziste sèl, Li pa t janm poukont Li.





SÈN 5

YON MOND PAFÈ

Nan sis jou youn apre lòt, Wa a kreye yon bèl mond mèveye. Bondye jis pale, e bagay-mèvèy byen fèt te parèt.

Nan premye jou a, Bondye di, “Se pou limyè fèt.” Epi limyè te fèt.

Nan dezyèm jou a, Bondye fè atmosfè tè a avèk syèl ble nou wè a, ak lè envizib n ap respire a. Bondye fè syèl la avèk yon melanj pafè gaz ki bon pou lavi nou, tankou oksijèn e nitwojèn.

Nan twazyèm jou a, Bondye di, “Se pou tè sèk la parèt!” E se sa k te rive. Epi Bondye di, “Se pou tè a pouse zèb ak pyebwa!” Menm lè a, zèb, pyebwa, flè, ak fwi, tonbe grandi, yo chak ak pwòp grenn yo.

Nan katriyèm jou a, Bondye bay lòd pou solèy ak lalin nan klere e make lane, mwa, ak jou pou latè. Li te kreye zetwal yo tou.

Nan senkyèm jou a, Bondye di, “Se pou dlo yo konble avèk pwason e lòt èt vivan! Se pou syèl yo ranpli avèk zwazo tout kalite!” E se sa k te rive.

Nan sizyèm jou a, Bondye di, “Se pou tè a bay tout kalite zannimo — zannimo domestik, ti bèt, ak zannimo sovaj!” Bondye kreye chak bèt pou yo ka fè pitit sanble avèk yo, ak kapasite pou pran swen yo.

Li gade sa L te fè a, Li wè l bon.

(Jenèz 1: 25)

Lapè t ap renye. Nan kòmansman an, tout zannimo yo te dou. Yo pa t nan touye, manje lòt. Yo te manje zèb.

Lòd t ap renye. Menm jan ak zegwi yon mont, solèy la te kenbe distans li ak tè a. Lalin nan te konn chanje *nouvel* lin an plenn lin. Latè te konn renouvle lè, dlo, ak dechè. Si lòm te domine l byen, wayòm latè pa t ap janm manke anyen ki bon. Li t ap rete abitasyon nou ta toujou reve pou lòm.

Chak jou nan kreyasyon an ba nou yon ide sou jan Bondye ye.⁴

Jou 1. montre Bondye sen. Li san defo, san tach, kouwè limyè.

Jou 2. Bondye toupuisan. Li fè e kenbe atmosfè a.

Jou 3. Bondye bon. Li kreye mil e mil plant pou sèvi nou nouriti.

Jou 4. Bondye fidèl. Solèy la ak lalin nan rete nan òbit yo.


Jou 5. Bondye se lavi. Li mete pwason nan lamè a e zwazo anlè a.

Jou 6. Bondye se lanmou. Apre Li te fin kreye zannimo yo,

li te tan pou L fòme kreyati L ta pral devèse lanmou Li ladan yo.

Li te tan pou L kreye èt espesyal sa yo ki te ka fè wè sentete L, pouvwa, bonte, fidelite, lavi, ak lanmou Li.





SÈN 6

PREMYE NONM LAN

Sou sizyèm jou kreyasyon an, Wa a pale nan Li menm (Bondye, Sentespri Li, ak Pawòl Li), Li di,

“Ann fè moun nan pòtre Nou, pou li sanble⁵ ak Nou, e l a gen pouvwa sou... tout latè, e sou tout kreyati...”

Donk, Bondye kreye lòm nan pwòp imaj Li, Li kreye li nan imaj Bondye; Li kreye yo gason ak fi.

(Jenèz 1: 26-27)

Lè Bib la di Bondye kreye moun nan pwòp imaj Li, sa pa vle di Bondye jis menm jan ak nou. Sa vle di nou dwe manifeste nati ak pèsonalite Li. Menm jan pita pyès lajan women yo te tanpe ak pòtre anperè a, lòm tanpe tou ak imaj Bondye. Premye nonm ak fanm nan te kreye avèk kapasite pou panse, renmen, e pale kouwè Kreyatè yo a, pou yo ka jwi yon relasyon sere avè L. Moun pa t kreye pou yo te esklav Bondye, men pou yo zanmi avè L.

Lè Bondye kreye lòm nan pwòp imaj Li a, Li ba yo pouvwa pou domine. Lòm te sipoze pran swen e domine latè pou Bondye, dekouvri sekre l yo e itilize resous li yo byen. Kapasite sa yo rann lòm diferan de zannimo yo.

Zannimo yo menm, Bondye ba yo 2 dimansyon: kò ak nanm. Lòm menm, Bondye ba yo 3: kò, nanm, ak lespri.

SENYÈ a fòme nonm nan ak pousyè tè a e soufle nan nen li souf lavi a, e nonm nan vin yon èt vivan.⁶

(Jenèz 2: 7)

Kò a se jis yon kay, ou tant, Bondye soufle nanm ak lespri lòm nan ladan.

Nanm lòm nan se kapasite pou l konprann, emosyon, ak volonte; sa ki rann li posib pou l panse, santi, e chwazi.

Lespri a konekte lòm ak Bondye. Tandiske kò a se mwayen ki konekte lòm ak mond lan, lespri a pèmèt li konekte ak Bondye envizib la. Bondye vle lòm konnen Li.

Lòm se trezò espesyal Bondye. Piske Bondye kreye yo, li pa sèlman Kreyatè yo, men Mèt yo tou.

SENYÈ a rele premye nonm nan Adan, ki vle di “sòti nan tè,” ou tou senp Lòm. Pita Bondye ta pral fòme premye fanm nan, men avan sa, gen kèk preparasyon k te dwe fèt.

Adan te bezwen yon abitasyon ak yon djòb.





SÈN 7

YON ABITASYON PAFÈ

Aprè L fè premye kò lòm nan ak pousyè⁶ e soufle lavi nan li, Bondye plante yon jaden nan Edenn, yon kote nan Mwayen Oryan.

Yon rivyè klè kou kristal t ap koule nan jaden an.

E SENYÈ a fè tout kalite pyebwa pouse nan tè a — pyebwa ki bèl pou gade e bon pou nouriti. Pyebwa lavi a ak pyebwa konesans byen ak mal la te nan mitan jaden an.

SENYÈ a pran nonm nan e plase l nan Jaden Edenn nan pou travay li e pran swen l. (Jenèz 2: 9, 15)

SENYÈ a pa t mande Adan si l te vle viv nan Edenn. Bondye se Kreyatè-Mèt lòm; Li konnen sa k pi bon pou lòm.

Jaden abitasyon Adan an te chaje ak plezi san bout — bagay pou wè, tandè, santi, touche, e goute. Kouran dlo klè. Zwazo k ap chante. Flè santi bon. Bèt ak fouri. Fwi k gen ji, ke w ap renmen kraze anba dan. Seriz dous. Forè byen toufe. Wòch tout koulè. Ensèk etonan. E yon bann lòt mèvèy pou n dekouvri.

Men lòm te kreye pou yo fè plis k *eksplòre* e manje. Bondye te fè Adan tèt ras lòm nan. Bondye te vle Adan e fanmi li renye avèk Li pou toujou. Men sèlman sila yo ke w ka konfyè ti bagay ka jwenn gwo bagay.

Alò Bondye bay Adan premye djòb li: pran swen jaden an.

Jaden sa pa t gen pwoblèm ditou. Li pa t gen pikan ou vye zèb ou ti bèt nuizib. Klima a se tout sa w ta swete e tè a rich, poutan l pa t janm fè lapli. Olye sa, yon ti lawoze sòti anba tè a e wouze tè a.

Bondye te bay Adan yon lòt djòb: bay zannimo yo non.

SENYÈ a mennen kreyati yo ba li pou L wè non l t ap ba yo. Imajine sèn nan. Yon pè zannimo avèk krinyè lage e janm fò galope vini. Adan obsève yo, manyen do yo, e rele yo chwal! Kreyatè a rele, yon gwo gwo zwazo bèk kwochi, zèl laj, plonje desann. Adan di, “Èg!” Epi, yon bèt ak yon manto oranj avèk trè nwa pase la. Kijan w panse Adan rele l?

Alò nonm nan bay tout zannimo domestik yo non, zwazo anlè yo ak tout bèt sovaj yo. (Jenèz 2: 20)

Edenn se te kote pafè pou lòm te reyisi konnen Kreyatè li a.

Li te tan pou bay Adan yon tè.





SÈN 8

LALWA PECHE AK LANMÒ

Nan kòmansman, Bondye ak lòm te zanmi, men amitye sa te dwe pase nan tè. Wa linivè a pa t vle ranpli wayòm Li an avèk sijè ki soumèt devan L pa fòs.

Bondye te renmen Adan e L te gen plan mèveye pou li ak fanmi l te gen pou genyen. Paske Bondye pa t vle maryonèt, li bay Adan yon lòd pou l obeyi.

SENYÈ a kòmande nonm nan, "Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an.

Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l, w ap mouri." (Jenèz 2: 16-17)

Sa pa t yon lòd difisil pou obeyi. Adan te ka manje nenpòt fwi nan jaden an, eksepte youn. Nan obeyi senp prensip sa, Adan t ap montre li fè Kreyatè li konfyans pou konnen sa k pi bon pou li.

Kisa Bondye te di k t ap rive Adan si l vyole prensip sa?

Èske Bondye te di Adan si l manje fwi *defandi* a, li dwe tanmen fè seremoni relijye, priye ak chaplè, jene, fè charit, al nan yon legliz, sinagòg, ou yon moske, e eseye fè byen ase pou ranje fòs-kote mal li yo? Se sa Bondye te di?

Non, se pa sa Bondye te di. Li te di Adan, "...jou ou manje l, w ap mouri."

Dezobeyi lwa Bondye, sa rele peche. E pinisyon pou vyole lwa Bondye se lanmò. Nan Liv la, Wa a rele sa, "lwa peche ak lanmò." (Wòm 8: 2)

Lwa Wa a di peche dwe jwenn pinisyon lanmò.

Lanmò sinifi *separasyon*. Si Adan dezobeyi sèl prensip Bondye a, l ap vin kouwè yon branch ki kòmanse seche e mouri nan moman l dekole nan sous lavi li.

Si Adan decide fè sa l vle fè olye sa Wa linivè a di l fè, sa ap yon zak rebelyon; sa ap yon peche.

Peche ap mete fen nan amitye lòm ak Bondye. Peche ap fè kò lòm vyeyi e mouri. Peche ap separe lespri lòm, nanm, ak kò l de Bondye pou toujou. Peche koze lanmò.





SÈN 9

PREMYE FANM NAN

Apre Bondye te fin bay premye nonm nan yon djòb pou l fè ak yon prensip pou l obeyi, li te tan pou L fòme premye fanm nan.

SENYÈ a di, “Sa pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M ap fè yon lòt moun sanble avè l pou ede l.”

Alò SENYÈ a fè nonm nan tonbe nan fon somèy; e pandan l ap dòmi an, Li pran youn nan kòt nonm nan e L fèmen plas la ak chè. Epi SENYÈ a fè yon fanm avèk kòt Li te pran nan nonm nan, e L mennen l bay nonm nan.

Nonm nan di, “Fwa sa a, zo l se zo mwen, chè l se chè mwen.

Y a rele l fanm, paske se nan gason li sòti.”

(Jenèz 2: 18, 21-23)

Ou wè Kiyès Ki te fè premye operasyon an — e Kiyès Ki te fè premye maryaj la? Wi, se te Bondye!

Fanm sinifi “Sòti nan Gason.” Pita, Adan bay madanm li non Èv, ki vle di “Manman tout Moun.” Tandiske Bondye ba yo wòl diferan, li fè gason an ak fanm nan gen menm valè. Fanm nan tou te fèt pou l konnen Kreyatè-Mèt li, fè wè karaktè Li, e jwi yon relasyon kè kontan ak Li pou toujou.

Bondye gade sa L te fè a, Li wè L bon nèt. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te sizyèm jou a.

Distans setyèm jou a, Bondye te gentan fin fè tout sa L t ap fè a.

Setyèm jou a, Li sispann travay.

(Jenèz 1: 31; 2: 2)

Poukisa Bondye te repoze sou setyèm jou a? Paske Li te fin travay. Konsa, lè L kreye mond lan nan sis jou e repoze sou setyèm nan, Bondye etabli semèn 7 jou a — yon sik travay-repo ke yo toujou ap pratike nan mond lan.

SENYÈ a te pran swen Adan ak Èv kouwè yon papa saj e Ki gen lanmou. Chak apremidi, Li te konn vin pwomennen nan jaden an pale avèk yo. Yo te kontan e alèz nan prezans Li.

Nonm lan ak madanm li te toutouni. Men yo pa t wont rete konsa.

(Jenèz 2: 25)

Imajine yon mond san pwoblèm peple avèk yon koup pafè nan yon relasyon sere avèk yon Kreyatè pafè. Se konsa bagay yo te ye nan kòmansman an.

Ki mal ki te rive menm?





SÈN 10

WAYÒM LIMYÈ A

Avan nou dekouvri sa k te pase mal sou latè, nou dwe konprann kèk bagay konsènan syèl.

Lòt mond sa, yo rele tou Paradi, se limyè nèt, koulè pou sedui w, mizik pou fè w tresayi, konvèsasyon k ap fè w byen, e mistè san bout. Sa k pi senp k ap pase nan syèl la pi bon pase sa k fè plis plezi sou tè a. Syèl se yon lòt dimansyon.

Syèl se abitasyon Wa a.

Sa k pi bèl pou wè nan plas kè kontan sa se Wa a Li menm. Chak kwen nan vil selès la fèt pou *reflete* majeste Wa a.

Lavil la menm te an bon lò, li te klere kou kristal. (Revelasyon 21: 18)

Nou jwenn deskripsyon ak plis detay sou syèl la nan dènye liv Bib la, *Revelasyon*. Bondye fè pwofèt Jan wè nan syèl la e L di l ekri sa l te wè a.

La menm, mwen wè yon fòtèy nan syèl la ak yon moun chita sou li ... Fòtèy la menm te nan mitan yon gwo lakansyèl ki te klere tankou yon pyè emwòd... Kout zèklè t ap pati sòti nan fòtèy la ansanm... ak kout loraj. Devan fòtèy la tou te gen yon bagay ki te sanble yon lanmè an glas ki klere kou kristal.

Mwen gade ankò, mwen tande vwa yon bann zanj: Yo te tèlman anpil, moun pa t kapab konte yo. Yo te kanpe fè wonn kote fòtèy la... y ap chante san rete: Wi, li sen, li sen, li sen vre, Bondye sèl Mèt ki gen tout pouvwa a, Li menm ki te la, ki la koulye a, ki gen pou vini an.

(Revelasyon 4: 2-3, 5-6; 5: 11; 4: 8)

Zanj vle di *mesaje* ou *sèvitè*. Zanj yo se espri. Menm jan ak Kreyatè yo, moun pa ka wè zanj yo, eksepte lè yo nan misyon e sa mande pou wè yo.

Wa syèl la te fè zanj yo avan L fè lòm. Nan Bib la, Li di, "tout zanj yo t ap pouse gwo kri lajwa" (Jòb 38: 7) pandan yo t ap gade L K ap kreye lemonn.

Bondye bay zanj li yo kapasite pou konnen, obeyi, louwe, e sèvi L pou toujou. Zanj yo pa esklav Bondye. Menm jan ak lòm, Bondye pa fòse yo soumèt devan Li. Li vle yo sèvi L ak kè kontan e volonte.

Bib la pale nou de yon zanj ki te gen gwo grad ke Bondye te bay gwo entelijans, bèlte, ak puisans. Si w konnen istwa zanj sa, alò w konnen kote mal sòti.





SÈN 11

WAYÒM FÈNWA A

Lisifè te youn nan zanj anchèf Bondye yo. Non l vle di *Sila k ap briye a*. Youn nan pwofèt yo dekri Lisifè, “Se ou ki te pi bon... Ou te gen bon konprann. Ou te youn bèl bagay nan je tout moun” (Ezekyèl 28: 12).⁷

Epi Lisifè kòmanse gade tèt li olye l gade gran Kreyatè-Wa a. Se te premye, premye fwa, yon kreyati te vin fyè de tèt li! Bèlte ak entèlijans Lisifè te fè l avèg e bliye Kiyès ki te fè li, li di nan kè l,

“Mwen pral mete fotèy mwen pi wo pase zetwal Bondye yo...

Mwen pral moute sou tèt nwaj yo.

M ap tankou Bondye ki gen tout pouvwa a.”

(Ezayi 14;13-14)

Lisifè te vle vin wa. Li te vle volonte pa l fèt olye volonte Bondye.

Peche te antre nan linivè a.

Lisifè konvenk yon tyè nan zanj yo pou antre nan rebelyon l lan. Men Bondye, Ki pa ka tolere peche, chase yo nan abitasyon selès la.

Non Lisifè te chanje an Satan, ki vle di *akizatè*. Li rele dyab tou, ki vle di *twonpè*. Zanj dyab la yo rele demon.

Bondye prepare yon prizon pou dyab la ak demon l yo nan yon lye sekre fènwa. Lye sa rele lanfè e Letan Dife. Se yon plas separasyon etènèl ak Bondye, yon plas kote rebèl yo p ap bay pwoblèm ankò. Yon jou, Satan ak tout demon l yo ap fèmen nan prizon sa pou toujou, men yo tout poko la.

Alò, kibò movèzespri yo ale lè Bondye te chase yo.

Yo tonbe nan atmosfè tè a. Nan espas sa, dyab la òganize zanj li yo selon grad. *Piske l pa t ka renye nan syèl, li te vle renye sou latè!* Se pou sa Bib la rele Satan, “chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri k ap travay koulye a nan moun k ap dezobeyi Bondye yo.” (Efezyen 2: 2)

Nou pa ka wè dyab la ak demon l yo, men yo reyèl. Menm lè n pa konn sa yo sanble, nou konnen move plan fènwa yo genyen. Y ap itilize tout sòt riz pou fè moun antre nan wayòm fènwa ak malè yo a. Anyen p ap bloke yo nan chèche detwi w.

Satan ka ranje kò l... pran pòz yon zanj limyè.

(2 Korent 11: 14)

Dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k ap chache moun pou l devore.

(1 Pyè 5: 8)

Kounya, ann rebran istwa premye paran nou yo.





SÈN 12

SÈPAN AN

Lavi Adan e Èv ten gen anpil pousuit ak objektif.

Chak jou te plen ak mèvèy pandan yo t ap *eksplòre* gwo jaden yo a, pran swen bèt ak plant, e goute manje yo.

Chak apremidi te plis eksitan toujou pandan Kreyatè yo t ap fè yo lonè yon vizit pèsònèl. Ala yo te renmen mache, koze avè L! Nonm nan ak madanm li te byen nan abitasyon-jaden yo a.

Men Satan pa t kontan. Li te rayi Bondye, li te rayi 2 kreyati sa yo ki montre imaj Bondye!

Alò, dyab la, k te echwe nan sezi wayòm syèl la, fè konplo pou pran wayòm latè. *Si sèlman I te ka reyisi fè Adan, tèt ras lòm nan, vyole lwa Bondye! Men I pa t vle tante Adan dirèkteman...*

Yon jou, Èv tande yon vwa.

Se pa t Adan. Se pa t Bondye.

Se te sèpan an!

Pou Èv, yon koulèv k ap pale, se te jis yon lòt dekouvèt! Èv pa t gen yon ide ke lènmi Bondye a t ap itilize koulèv la. Ni li pa t konnen Satan te vle sèvi avè l pou tante Adan fè l vyole lwa Bondye.

Koulèv la t ap tann ak pasyans, li t ap suiv fanm nan ak kalkil. Epi, nan yon moman *opòten*, li di Èv,

“Èske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?” (Jenèz 3: 1)

Satan te vle Èv doute Pawòl Bondye. Li te vle l tou panse Bondye t ap kenbe yon bagay ki bon pou li ak mari l.


Fanm nan reponn koulèv la, “Nou gen dwa manje donn tout pyebwa ki nan jaden an.

Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di. Piga nou manje ladan l, piga nou manyen l menm. Sinon, n ap mouri.”

Koulèv la di fanm nan, “Nou p ap mouri kras.” “Bondye di nou sa paske Li konnen jou nou manje ladan l, je nou va louvri. N a vin tankou Bondye, n a konn sa ki byen ak sa ki mal.” (Jenèz 3: 2-5)

Kisa Èv ta fè?





SÈN 13

CHWA A

Bondye te bay Adan e Èv libète chwazi ant fè volonte L ou pa yo.

SENYÈ a te konn sa k pi bon pou kreyati espesyal sa yo ke L te fè nan pwòp imaj Li. Li te vle Adan e Èv fè L konfyans, menm lè yo pa t konprann rezon kache dèyè prensip Li.

Sèl Dye te ka prevwa konsekans mal tèrib, k ap rive lwen, ki te fè L di Adan,

“... piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l, w ap mouri.” (Jenèz 2: 16-17)

Men kounya koulèv la di Èv,

“Nou p ap mouri kras.” (Jenèz 3: 4)

Kiyès Èv ta dwe kwè — Kreyatè li ou kreyati a?

Men sa k pase:

Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta manje ladan l pou je l ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje... Li pote bay mari l ki manje tou. (Jenèz 3: 6)

Èv manje! Adan manje!

Èv manje fwi *defandi* a paske Satan twonpe l ak riz. Adan manje paske l chwazi ak tout volonte l fè sa l vle olye sa Bondye vle.

Olye yo obeyi Kreyatè yo a Ki sen e Ki gen lanmou, lòm *sede* a ènmi an.

Premye paran nou yo te tonbe nan peche.





SÈN 14

PECHE E LAWONT

Se te Adan tèt ras lòm nan. Se li Bondye te bay lòd pa manje nan pyebwa konesans byen ak mal la. Se te jis lè Adan mòde nan fwi *defandi* a limenn ak madanm li, tou de a, kòmanse santi efè tèrib chwa yo te fè a.

Manje yo fin manje, je yo louvri, lè sa a, yo vin konnen yo toutouni. Yo pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fè tanga mete sou yo.

(Jenèz 3: 7)

Nanm yo te anvayi ak lawont k ap *konsime*, ak kilpabilite k ap devore kè. Yo te santi yo sal, anndan kou andeyò.

Peché mennen lawont.

Avan Adan e Èv te vyole lwa Bondye, yo te konnen Bondye te la, e" yo pa t santi yo wont" (Jenèz 2: 25). Se te yon onè pou yo t avèk Kreyatè yo, pou *reflete* imaj Li, e pou yo zanmi Li.

Men lè yo te manje nan pyebwa konesans byen ak mal la, yo vin wè tèt yo e yo wont.

Lawont vin ranplase onè.

Yo te eseye kouvri wont yo ak fèy figfrans, men ankenn nivo efò pèsònèl pa t ka repare pwoblèm yo. Yo te san fòs pou debarase yo de peché k te anvayi nanm yo, san fòs pou restore onè yo te pèdi a.


Se te apremidi.

Talè konsa, Kreyatè sen yo a, Ki gen lanmou an, ta pral vini pou vizit nan lè a. Lide pou yo wè li fè vag lapè travèse kò yo.

Kisa L ta pral di yo?

Kisa yo ta pral di Li?





SÈN 15

MÒ ESPIRITYÈLMAN

Avan yo te dezobeyi Bondye, Adan e Èv te konn rejwi pou wè Kreyatè-Zanmi yo chak fwa L vin vizite yo.

Kounya yo pè.

... lè nonm lan ak madanm li tande vwa Senyè a, Bondye a, ki t ap pwomennen nan jaden an. Y al kache... pou Senyè a, Bondye a, pa wè yo.

(Jenèz 3: 8)

Kou w konn timoun dezobeyisan k ap kache pou paran yo, Adan e Èv eseye kache pou Kreyatè yo.

Men SENYÈ a rele nonm nan, "Kote ou ye?"

Li reponn, "Mwen tande vwa ou nan jaden an, mwen pè. M al kache pou ou, paske mwen toutouni."

E Bondye di, "Ki moun ki di ou te toutouni? Eske ou te manje fwi pyebwa mwen te di ou pa manje a?"

Nonm nan di, "Fanm ou te ban mwen an, se li menm ki ban mwen fwi pyebwa a pou m manje, epi mwen manje l."

Alò SENYÈ a di fanm nan, "Poukisa ou fè sa?"

Fanm nan di, "Se sèpan an wi ki pran tèt mwen ki fè m manje l."

(Jenèz 3: 9-13)

Poukisa Adan e Èv te vle kache pou Bondye?

Paske yo te peche. Poukisa yo t ap blame lòt pou peche yo? Paske yo te wont.

Imaj sen Bondye a pa t parèt sou Adan e Èv ankò. Olye yo reflekte sentete ak lanmou Kreyatè yo, yo t ap reflekte kounya rebelyon ak ògèy dyab la.

Premye koup la te vin kouwè yon branch kase nan yon pyebwa anvi. Peche yo te brize relasyon yo avèk Wa linivè a.


Peche yo te separe yo ak Sous lavi etènèl la. Yo te mouri espartyèlman.

Fizikman, yo te toujou anvi, men pwosesis pou yo vyeyi te tanmen. Pouvwa lanmò te anbrase kò yo.

E kisa k koze lanmò ak destriksyon sa?

Peche!





SÈN 16

MADICHON AN

Nan kòmansman listwa lòm, Bondye ak lòm te ansanm. Lapè ak lajwa t ap renye. Epi lòm vyole lwa Bondye.

Menm jou Adan e Èv peche a, Bondye anonse kèk nan konsekans pwofon peche a.

Li di fanm nan,

“Lè w ap fè pitit, m ap fè soufrans ou vin pi rèd. W ap toujou anvi mari ou. Men, se mari ou ki va chèf ou.”
(Jenèz 3: 16)

Avan peche te antre sou sèn nan, Èv te konn rejwi nan lanmou san regadan ak swen mari li. Men kounya, lit, penn, vin melanje ak jwa anndan maryaj la, akoz nati yo k kontamine ak peche.

Epi, Bondye di nonm nan,

“... m ap madichonnen tè a. W a gen pou travay di toutan pou fè tè a bay sa w bezwen pou viv. Tè a va kale tout kalite pikan... ba ou. Se swe kouraj ou ki pou fè w manje yon moso pen jouk lè w a tounen nan tè a. Paske, se pousyè w ye, w ap tounen pousyè ankò.”
(Jenèz 3: 17-19)

Peche Adan e Èv te fè yo pèdi pouvwa pou domine sou tè a. Kounya pral gen pikan, penn, tristès, maladi, e lanmò nan mond yo a.

Anpil nan nou tèlman abitye ak mizè sa yo nou aksepte yo pou nòmal. Men èske l te nan plan orijinal Bondye pou yon pye flè santibon gen vye pikan? Ou pou moman mèveye akouchman te gen tout doulè sa yo? Ou pou sila yo ki fèt nan pòtre Bondye te vyeyi e mouri? Non. Bondye pa t dispoze kreyasyon orijinal la pou l te gen lit sa yo nan li menm. Se akoz peche lòm latè tonbe anba madichon Bondye.

Lòm peche, lòm dwe mouri. Lalwa peche ak lanmò mande sa.

Lanmò se separasyon. Peche koze twa separasyon tèrib:

1. Lanmò espirityèl: lespri lòm separe ak Bondye.
2. Lanmò fizik: lespri lòm, nanm li, separe ak kò li (e ak sila yo l renmen).
3. Lanmò etènèl: lespri lòm, nanm, ak kò li separe ak Bondye pou toujou — nan Letan Dife a.⁸

Lòm pa t gen ankenn mwayen pou sove tèt li anba madichon peche a.

Èske te gen yon ti kal lespwa?





SÈN 17

PWOMÈS LA

Satan te vòlè trezò espesyal Wa a, men L te gen yon plan sekre pou rachte l. Paske ranson Wa a te gen plan peye a t ap tèlman gwo jan w pa ta ka panse, ni demon yo ni lòm pa t ap konprann plan an si se pa lè l fin akonpli.

Menm jou Satan pran lòm kaptif la, Bondye di koulèv la,

“Poutèt sa w fè a, ou madichonnen nan mitan tout bèt jaden ak tout bèt nan bwa. W a rale sou vant ou. W a manje pousyè tè jouk jou w mouri.”

(Jenèz 3: 14)

Koulèv te gen pye lè Bondye te kreye l. Akoz Satan te sèvi avè l pou mennen lòm nan peche, Bondye modi l pou l glise atè. (Ou te konnen piton, bowa, gen ti pwen tete anba po yo kote yo te gen pye yon lè?) Lè L fè koulèv vin pi ba nan tout bèt yo, Bondye bay lòm yon imaj pou raple yo ke, nan tan L fikse, L ap kraze, “sèpan ki la depi lontan an, li menm yo rele dyab ou Satan, k ap twonpe tout moun.” (Revelasyon 12: 9)

Alò Bondye di Satan, ki te sèvi ak sèpan an,

“M ap fè ou menm ak fanm lan, e pitit pitit nou, lènmi youn ak lòt. Pitit pitit li ap kraze tèt ou, epi ou menm w ap mòde l nan talon.” (Jenèz 3: 15)

Sa te premye nan anpil pwofesi Bondye t ap bay pou L fè konnen, ti kal pa ti kal, plan L pou sove lòm anba Satan, peche, ak lanmò. Men, pou L te kache plan an pou Satan ak akolit li yo, Wa a kode pwofesi a.

Bondye pwomèt pou L voye yon Sovè sou latè — *Pitit yon fanm*. Li t ap gen yon manman *imen*, men pa yon papa *imen*. Yo t ap konnen L kòm Mesi a, ki vle di *Sila Yo Chwazi* a. Satan t ap blese Mesi a nan talon, men Mesi a t ap kraze tèt li.

Kisa tout sa te vle di? Wa a t ap rann sa klè pita, men pou kounya, Li te bay Adan e Èv yon reyon espwa.

Plizyè milye ane pita, youn nan pwofèt Wa yo t ap ekri,

“Pèp ki t ap mache nan fènwa a wè yon gwo limyè...” Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l a rele l Emanwèl (ki vle di: Bondye avèk nou).

(Ezayi 9: 2; 7: 14)

Wa a t ap peye ranson⁹ pou trezò espesyal Li a. Men konbyen sa t ap koute?





SÈN 18

PREMYE SAKRIFIS LA

Ou sonje kisa Adan e Èv te fè aprè yo te manje fwi *defandi* a? Yo te fè kouvèti fèy figfrans.

Èske sa te fè yo alèz nan prezans Kreyatè-Jij yo? Non! Yo te santi yo wont. Yo pa t gen mwayen pou ranje koze yo ak Bondye.

Alò, Bondye te fè yo bagay pou yo.

SENYÈ a te fè rad po pou Adan ak madanm li e L abiye yo. (Jenèz 3: 21)

Kiyès ki te fè premye, premye sakrifis bèt? Bondye!

SENYÈ a touye kèk bèt, fè manto po, e abiye Adan e Èv. Lè L fè sa, Bondye t ap anseye yo kèk lesou preliminè sou jistis, mizerikòd, ak gras.

Ann fè yon ti reflechi sou twa mo enpòtan sa yo.

Jistis. Gade bèt mouri yo. Poukisa Bondye te sakrifye yo? Li te fè sa pou montre Adan e Èv ke lwa peche ak lanmò a dwe kenbe. Peche yo dwe jwenn pinisyon lanmò. Se sa jistis.

Mizerikòd. Gade Adan e Èv. Èske Bondye te touye yo? Non. Bondye te fè pwovizyon bèt pou mouri nan plas yo. Se te fason Bondye Li pini peche yo san se pa yo menm. Sa se mizerikòd.

Gras. Kounya gade rad Adan e Èv. Èske 2 vyolè lalwa sa yo te merite kado a? Non, men Bondye te montre bonte L Li abiye yo ak po bèt Li sakrifye yo. Sa se gras.

Akoz sa SENYÈ a te fè pou yo, Adan e Èv te kontan pou y ak Bondye ankò!


San bèt yo te kouvri peche yo. Se Adan e Èv ki te merite mouri jou sa, men bèt inosan yo te mouri nan plas yo.

Rad po bèt yo te kouvri wont yo. Yon fwa ankò, Adan e Èv te santi yo alèz nan prezans Bondye.

Plizyè milye ane pita, youn nan pwofèt yo ekri,

“Se pa ti kontan kè m kontan pou sa Senyè a fè. M ap fè fèt pou Bondye mwen an. Li kouvri m ak pouvwa li pou l sove m. Li vlope m nan bra li pou l delivre m.” (Ezayi 61: 10)

Sèl Bondye gen mwayen pou rann pechè byen avè L ankò.





SÈN 19

CHASE

Lè Bondye te chase zanj rebèl yo nan syèl la, sò yo te gentan sele. Espri sa yo k t ap viv nan limyè nan syèl la pa t gen ankenn eskiz pou peche yo. Men pou lòm ki kontamine ak peche, SENYÈ a te gen yon plan pou rebran yo si yo ta mete konfyans yo nan Li.

Peche toujou gen konsekans. Menm jan Bondye te met Lisifè ak move zanj li yo deyò nan paradi selès la, Li met nonm nan ak madanm li deyò kounya nan paradi tèrès la.

Konsa, li mete yo deyò. Sou bò kote solèy leve nan Edenn, li met kèk zanj cheriben... yon manchèt klere kou dife nan men yo, y ap vire nan tout direksyon pou anpeche moun pwoche bò pyebwa lavi a. (Jenèz 3: 24)

Pyebwa lavi a te lòt pyebwa espesyal nan mitan jaden an. Se sèl moun pafè k ka manje ladan l. Adan e Èv pa t pafè ankò. Yo te peche e dwe vyeyi, mouri.

Gran Kreyatè nou an sen. Sa vle di Li san tach, nèt, pafè e jis. Akoz nati sen e lwa sen Li, Li dwe pini peche pa lanmò — separasyon ak Sous lavi a.

Anpe moun panse Bondye tèlman “bon,” Li ka inyore lwa Li menm Li te pase. Imajine yon tribinal kote jij la refize pran sanksyon pou lwa peyi a. Èske w ta di yon tèl jij *bon*? Imajine yon match foutbòl kote abit prensipal la ap inyore règ jwèt la. Èske w ta rele l yon bon ou yon *move* abit?

Satan te vle Èv kwè ke Kreyatè li pa t ap pran sanksyon pou prensip li yo, ke L pa t ap pini moun ki vyole lalwa pa lanmò. Men Wa jis la e Jij linivè a toujou kenbe pawòl Li.

Bondye bon. Ou ka fè L konfyans.

W ap gouvènen tout bagay avèk jistis san patipri. Nan tout sa w ap fè ou pa janm bliye jan ou renmen nou. (Sòm 89: 14)

Gade pou wè si w ka reponn devinèt sa: *Kisa Satan ak lòm ka fè e ke SENYÈ a pa ka fè?*

Men pwòp repons Bondye:

“Mwen p ap kase kontra mwen pase ak li a, ni mwen p ap janm manke l pawòl... Akoz sentete Mwen Mwen p ap bay David manti.” (Sòm 89: 34-35)

Wa linivè a pa ka tounen sou pawòl Li.





SÈN 20

PREMYE TIMOUN YO

Andeyò jaden an, latè te toujou yon bèl kote, men te vin genyen bagay sa yo tankou pikan pweniti, ensèk nuisib, jenou dekalè, nen larim... Anpil bèt te sispann dou. Manje pa t fasil. Adan e Èv te dwe travay di jis pou plen vant yo.

Yo te gen moman kè kontan tou.

Adan te kouche ak madanm li Èv, e l te vin ansent e bay nesans a Kayen. Li di, "Avèk konkou Bondye, mwen gen yon gason." (Jenèz 4: 1)

Èv te rele premye bebe mond lan Kayen, sinifi Posesyon. Ala yon trezò presye Bondye te bay! Petèt li te panse pitit li a ta Sovè Bondye te pwomèt la, men l te vit dekouvri bèl ti gason l lan te gen tèt di e regadan — menm jan ak paran l yo!

Pita, dezyèm ti gason yo te fèt. Èv rele l Abèl, sinifi Vanite ou *Levid*. Li te klè Adan e Èv pa t ka bay nesans a "*Pitit Fanm*" san peche a Ki t ap gen pou sove lemond nan peche a.

Olye yo refilete imaj sen Bondye, Pitit Adan e Èv yo refilete pwòp nati yo peche andomaje.

Adan... te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi... ki te sanble avè l tèt koupe. (Jenèz 5: 4,3)

Gade imaj la. Ou wè Kayen rape melon an nan men ti frè l la? L ap aji tankou paran l yo, ki te pran fwi k pa t pou yo a. Menm jan ak yon maladi *atrapan*, peche Adan e Èv t enfekte pitit yo.

Lè Adan peche, peche antre nan mond lan. Peche pote lanmò, lanmò vin pou tout moun, paske tout moun fè peche. (Wòm 5: 12)

Gen yon pwovèb afriken k di: *Yon rat ka sèlman fè pitit k ap fouye twou.*

Gen yon pwovèb arab ki sanble: *Pitit yon kana se naje l naje.*

Lè premye paran nou yo te peche, yo te vin kouwè yon branch bwa kase. Menm jan chak ti frèt ak fèy nan branch kase a afekte, konsa peche a afekte tout manm nan branch fanmi Adan an.

Lontan aprè Adan mouri, pwofèt e wa David ekri,

"Depi m fèt, mwen fèt ak peche nan kè m — wi, depi nan vant manman m." (Sòm 51: 5)

Nou ka pa renmen tandè sa, men n konnen se vrè.





SÈN 21

ADORASYON PECHÈ

A dan e Èv te gen anpil pitit gason ak fi, men Bib la fokis sou istwa 2 premye gason yo.

Abèl te gadò mouton, Kayen menm te travay latè. (Jenèz 4: 2)

Kayen ak Abèl tou 2 te konn travay.

Yo tou 2 te gen konesans sou Kreyatè yo.

Yo tou 2 te vle Bondye aksepte yo ak ofrann yo.

Yo tou 2 te gen menm pwoblèm nan: *Peche*.

Non sèlman yo te fèt tou pechè, men yo te viv kòm pechè. Chak jou, yo t ap panse, pale, e aji nan fason ki pa reflekte nati san tach ak lanmou Bondye. Nan Bib la, Wa linivè a rele sa peche.

Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.

(Wòm 3: 23)

Èske te gen yon mwayen pou Bondye padone Kayen ak Abèl e deklare yo jis nan je L? Wi, men sa t ap koute anpil anpil!

Si san pa koule, nanpwen padon pou peche yo.

(Ebre 9: 22)

Lwa envyolab sa — lalwa peche ak lanmò — dwe pran efè. Peche dwe jwenn pinisyon lanmò. Se pou sa mwayen Wa a pou padone peche mande pri lanmò. Tandiske se pechè a k merite mouri, Bondye te konn aksepte san kèk bèt, tankou yon mouton.

Mouton an pa t dwe malad ou dekalè, ou sal. Li te dwe byen pòtan e pwòp. Li te dwe yon mouton bon nèt.

Yo te dwe touye e boule mouton an. Li t ap mouri nan plas pechè koupab la. Mouton an t ap yon *sibstiti* pou pechè a.

Yon jou, tou 2 frè yo pote ofrann bay Bondye, men yon sèl te pote ofrann kòrèk la. Kèk tan apre sa, Kayen pran nan rekòt li, l ofri bay SENYÈ a. Abèl menm, bò pa l, pran sa k pi gra nan premye pitit mouton l yo, l ofri bay Senyè a.

(Jenèz 4: 3-4)

Ki ofrann ou panse Bondye t aksepte?





SÈN 22

LALWA OFRANN POU PECHE

Gade frè yo, sa y ap prepare yo pou ofri bay Bondye.
Gade lotèl yo.

Yon lotèl se yon platfòm ki gen otè, yo souvan fè l ak wòch oubyen tè. Se yon plas lanmò. Lotèl la kenbe ofrann nan ant syèl e latè, ant Bondye e lòm. Yo dwe boule ak dife nenpòt sa y ofri sou lotèl la.

Bondye toujou aji ak jistis, men L vle fè mizerikòd. Kòman L ka fè tou 2 alafwa? Kòman L ka pini peche san L pa pini pechè a?

Lontan aprè tan Kayen ak Abèl la, Bondye di pwofèt Moyiz:

Nanm tout bèt vivan se nan san an l ye. Se pou sa, mwen menm Senyè a, m mande pou yo vide tout san an sou lotèl la pou l ka wete peche pèp la. Nou bay san an pou nanm nou. (Levitik 17: 11)

Moun nan sipoze met men l sou tèt bèt y ap boule a, e Bondye ap aksepte l sou kont moun nan pou ekspye peche l. (Levitik 1: 4)

Kisa *ekspyasyon* sinifi? Ou peye ranson ki egzije a pou peche w yo ka kouvri, lave, e padone. Nan Ansyen Testaman an, Bondye te di pèp la l t ap aksepte san yon seri bèt kòm mouton, kabrit, bèf, pijon, kòm pèman pou peche yo. San an ap fè ekspyasyon — yon kouvèti pou peche — men sèlman jouk tan an rive pou Bondye Li menm bay Sakrifis Pafè a pou peye vrè pri k egzije pou lalwa peche ak lanmò a.

Kounya gade Kayen, sa l prepare pou ofri bay Bondye. Ala bèl kalite fwi ak legim li chwazi! Ala di l te travay pou l fè ofrann sa! Men sa pa t ka kouvri peche l yo paske l pa t gen san: pa gen pri lanmò a!


Gade Abèl ak ofrann li an. Sa tris pou wè! Ti mouton an lye e pral mouri. Ou wè Abèl poze men l sou tèt mouton an? Paske Abèl te kwè nan plan Bondye a, Li pran tout peche Abèl yo e mete yo sou mouton an. Abèl ap di SENYÈ a mèsì, kwak li menm, Abèl, merite pinisyon lanmò, Bondye ap aksepte san mouton an pou kouvri peche l.

Lalwa Bondye egzije pinisyon lanmò pou tout pechè, men, nan jistis ak mizerikòd Li, Li te konn aksepte lanmò yon mouton nan plas yo. Bondye rele sa, "lalwa ofrann pou peche" (Levitik 6: 25).

Lalwa ofrann pou peche a delivre Abèl anba lalwa peche ak lanmò a.

Men e Kayen?





SÈN 23

AKSEPTE E REJTE

Ou wè lotèl Kayen an? Sa k sou li? Pwodui latè fletri. Kounya gade lotèl Abèl la. Sa k sou li? San ak sann dife.

Kisa Bondye te panse de 2 frè sa yo ak adorasyon yo?

SENYÈ a te kontan ak Abèl e ofrann li an, men li pa t aksepte Kayen ak ofrann li an. (Jenèz 4: 4-5)

Yo pa di n kòman Bondye montre jan L aksepte sakrifis Abèl la e jan L rejte sakrifis Kayen an.¹⁰ Bib la jis di:

Se paske Abèl te gen konfyans nan Bondye li te ofri bay Bondye yon ofrann ki pi bon pase pa Kayen an. Paske I te gen konfyans, Bondye aksepte I pou yon moun ki dwat... (Ebre 11: 4)

Paske I te kwè nan SENYÈ a ak plan Li, Li padone Abèl e deklare I jis. Se te kado Bondye pou Abèl.

Bondye te chaje peche Abèl yo sou tèt mouton an. Mouton an te mouri nan plas Abèl. San I te koule, e kò I boule fè sann.

Kolè jis Bondye kont peche a te tonbe sou mouton an olye sou Abèl. Poukisa Bondye te pran plezi nan sakrifis mouton Abèl la? Paske I montre Sovè a K te dwe vini yon jou peye dèt peche lemonn.

Akoz lafwa I nan plan Bondye a, Abèl te vin kounya nan yon bon relasyon avèk Bondye. Pita, lè Abèl mouri, olye pou I ta separe ak Bondye pou toujou, li ta prale pou I avèk Bondye Zanmi li. Lalwa ofrann peche a triyonfe sou lalwa peche ak lanmò.

Kayen pwoche Bondye ak priyè I yo, men I inyore lwa Bondye a k di peche dwe jwenn pinisyon lanmò. Kayen te relijye, men relasyon I pa t kòrèk ak Bondye. Lalwa peche ak lanmò a toujou sou tèt li kouwè yon nyaj nwa. Si I pa t kwè Bondye ak plan Li, Kayen pa t janm konn Bondye kòm Zanmi. Li t ap gen pou fè fas ak Li kòm Jij.

Gen moun k ap chèche defann Kayen, y ap di, "Li te yon kiltivatè, li pote sa I te genyen." Men Bondye pa t bezwen sa I te genyen. Kayen te ka fè echanj pwodui I yo ak mouton Abèl yo, oubyen I te ka met men I sou tèt mouton Abèl la e adore devan menm lotèl la.

Kisa Kayen ta fè?

Li ta repanti e vin jwenn Bondye ak ofrann kòrèk la?





SÈN 24

PREMYE FWA YO TOUYE MOUN

SENYÈ a te rejte ofrann Kayen an. Poutan Bondye te toujou renmen l, e pouse l pou l repanti.

Sa sa vle di repanti?

Ann di ou vle vwayaje nan yon vil. Lè w fin monte nan yon tren, ou reyalize se pa t bon tren an. Kisa w fè? Ou admèt erè ou, desann tren sa, e monte nan bon tren an. Se sa repanti.

Repanti vle di *chanje lide w; detounen w de sa k fo e soumèt ou a sa k vrè*. Repanti devan Bondye pa vle di m dwe pini tèt mwen pou peche m yo. Li vle di m dwe wè peche m jan Bondye wè li.

Bondye te vle Kayen repanti — sispann kwè nan pwòp fason li, e fè Bondye konfyans, suiv fason pa Li.

Alò Kayen te fache anpil, e l te mare figi l.

SENYÈ a di l, “Poukisa w move, mare figi w konsa? Si w fè sa k byen, yo p ap aksepte w? Men, si w pa fè sa k byen, peche kouche nan papòt ou, ap chèche venk ou. Men w dwe kenbe tèt ak li.” (Jenèz 4: 5-7)

Kayen te twò ògeye pou repanti. *Li te wont devan frè l la! Li te vle debarase tèt li de wont sa e restore onè l nan fason pa l!*

Yon jou, Kayen di Abèl, frè li. Ann al nan jaden. Vwala, antan yo nan jaden an, Kayen vire sou frè li, li touye li.

SENYÈ a mande Kayen, “Kote Abèl, frè w la?”

Kayen reponn, “Mwen pa konnen. Eske w te mete m veye l?”

Bondye di l konsa, “Kisa w fè konsa? San Abèl, frè ou, ki koule atè a, ap rele tankou yon vwa moun, rive jouk nan zòrèy mwen.” (Jenèz 4: 8-10)

Nanm Abèl, lespri l, t ale jwenn SENYÈ a, men kò l te tounen nan pousyè a jis yon jou Bondye ap transfòme pousyè sa pou l bay yon kò gloriye ki bon pou letènite.

Kanta Kayen, Bondye ba l yon lòt chans pou repanti, men l te refize.

Alò Kayen sot nan prezans SENYÈ a. (Jenèz 4: 16)

Ak yon lespri rebelyon e ògèy, Kayen deplase nan direksyon lès e bati yon vil. Li menm ak madanm li te gen anpil pitit. Pitit pitit yo te kòmanse fè zouti ak metal e enstriman mizik.

Desandan Kayen yo te entèlijan anpil, men yo pa t konnen SENYÈ a.





SÈN 25

PASYANS E JIJMAN

Dis long jenerasyon aprè Adan te premye peche, Bondye fè rapò tris sa konsènan lòm:

Lèzòm te mechan toupatou sou latè, tout lajounen se move lide ase ki te nan tèt yo. (Jenèz 6: 5)

Men te gen yon fanmi sou latè k te kenbe konfyans nan Bondye.

Noye te fè Bondye plezi.

Donk, Bondye di l, “Mwen deside pou m fini ak tout moun, paske se yo k lakòz toupatou sou latè se mechanste ase. Wi, m pral detwi yo nèt ansanm ak tout sa k sou latè. Fè yon gwo batiman pou ou ak bwa pichpen. W a fè anpil chanm ladan l. W a badijonnen l byen badijonnen anndan kou deyò avèk goudwon.” (Jenèz 6: 8,13-15)

Gwo bato twa etaj sa, longè yon fwa edmi yon tèren foutbòl, t ap gen ase espas pou yon pè nan chak kalite bèt ak sèt pè bèt yo ka ofri pou peche abite. Lach la t ap fèt jan pou van pase, e l t ap genyen yon gwo pòt.

Li pran Noye, ansanm ak madanm li, twa pitit gason l yo e madanm yo tout yon syèk pou konstwi lach la. Toutan l t ap travay, Noye t ap avèti lemond gen jijman Bondye k ap vini, men yo te jis ap pase l nan betiz.

Finalman, lach la te pare. Fanmi Noye a chaje l ak pwovizyon. Bondye fè bèt yo, reptil, ensèk, zwazo... antre. Sa te bèl pou wè lè y ap antre e enstale yo nan pakèt bann ti chanm yo!

Noye ak fanmi l antre tou. Èske te gen lòt moun ki te vin pranabri? Non. Alò Bondye fèmen pòt la! Anpil nyaj *menasan* kouvri tè a, kout zèklè ap fèt, e loraj ap eklate.

Jou sa tout sous nan fon lanmè a pete. Syèl la menm louvri, li kòmanse vide dlo sou tè a. Lapli tonbe san rete pandan karant jou karant nuit. (Jenèz 7: 11-12)

Se pi gwo katastwòf natirèl nan listwa. Sof uit moun ki te abrite yo nan lach la, tout limanite peri. Monn ògeye, enkredil sa te aprann verite a twò ta.

Rès zosman yo jwenn nan etid kouch latè konfime istwa bibliik la. Sòti nan dezè *Saara* rive nan *Imalaya* yo, yo ka detere zosman nan lanmè, nan dezè, ak nan montay yo.

Nan mizerikòd Li Bondye pasyan, men nan jistis Li L ap jije peche.





SÈN 26

YON NOUVO KÒMANSMAN

A lò, sa k te pase ak Noye e fanmi li, e bèt yo nan lach la? Yo te sove anba jijman Bondye a.

Bondye vin sonje Noye ansanm ak tout bèt bwa ak zannimo domestik ki te avè l nan lach la. Li fè yon van soufle sou latè, epi dlo yo kòmanse bese.

(Jenèz 8: 1)

Gwo gwo bato a touche tè. Li vin rete sou yon gwo gwo montay a 2 tè, Arara, nan zòn lès peyi Latiki.

Noye voye yon pijon deyò twa fwa pou wè si l ta jwenn tè sèch. Premye fwa a, li jis kase tè tounen. Dezyèm fwa a, li retounen vin jwenn Noye ak yon fèy oliv nan bèk li. Twazyèm fwa a, li pa tounen. Sa vle di l te jwenn kote pou rete! E Noye te konprann li te tan pou l sòti nan lach la. Tout yon ane te gentan pase depi kòmansman delij la.

Ou konn premye bagay Noye te fè aprè fanmi l ak bèt yo sòti nan lach la?

Noye bati yon lotèl. Li pran youn nan chak kalite bèt ak zwazo ki bon pou manje, li touye yo, li boule yo nèt sou lotèl la. Lè Bondye pran bon sant lan, sa te fè l plezi...

(Jenèz 8: 20-21)

Jistis ak mizerikòd Bondye pa t chanje. Peche toujou egzije pèman lanmò. Se pou sa Noye te vèse san bèt inosan yo e boule kò yo sou yon lotèl, *elve* ant syèl e latè, ant Bondye e lòm. Sakrifis sa yo montre Mesi san peche a ki t ap vini yon jou sou latè pou bay vrè pèman pou peche.

Epi Bondye bay Noye ak fanmi l yon kòmandman:

“Fè pitit, fè anpil anpil pitit peple latè.”

(Jenèz 9: 1)

SENYÈ a fè tou yon kontra ak Planèt Tè a:

“M ap mete lakansyèl mwen nan syèl la. Men siy M ap ban nou pou kontra Mwen pase ak latè...”

P ap janm gen gwo inondasyon ankò ki pou detwi tout moun ak tout bèt k ap viv sou latè.”

(Jenèz 9: 13,15)

Bondye montre yon si bèl lakansyèl ki etann li nan nyaj nan syèl la, kòm yon senbòl kontra li a. E li pwomèt Li p ap janm voye ankò yon inondasyon pou kouvri tout latè.

Lakansyèl la fè n sonje ke, swa pou pini ou pou pwoteje, Bondye toujou kenbe pwomès Li.

Toujou.





SÈN 27

GWO BATISMAN ÒGÈY LA

Menm lè yo te jwenn benediksyon rekòmanse, nan kèlke jenerasyon, laplipa moun te vire do bay SENYÈ a pou fè wout pa yo. Pa egzanp, Bondye te bay lòd pou yo epapiye e “ranpli latè” (Jenèz 1: 28; 9: 1). E kisa lòm te fè?

Labib di nou.

Kounya tout moun sou tè a te gen menm lang, menm diskou.

Pandan lèzòm t ap deplase nan direksyon lès, yo jwen yon plèn nan China [Irak jodi a] e yo enstale yo la. Youn di lòt, “Vini non! Ann fè brik. Ann kwit yo nan dife.”

Yo sèvi ak brik olye wòch, e asfat pou mòtye.

Epi yo di, “Ann bati yon gwo lavil pou nou rete ak yon gwo gwo kay tou won byen wo ki rive jouk nan syèl la. Konsa tout moun va respekte nou, yo p ap ka gaye nou toupatou sou latè.” (Jenèz 11: 1-4)

Olye yo bay gwo non SENYÈ a louwanj, batisè vil la yo te vle moun bay yo menm louwanj. Menm jan ak Satan, gen yon lespri ògèy ak rebelyon k te kontwole yo.

Nan vle yo vle bati “yon gwo gwo kay tou won byen wo ki rive jouk nan syèl la,” yo kouwè moun relijye jodi a ki espere rive nan syèl ak pwòp efò yo. Menm jan ak Kayen, moun sa yo te relijye, men yo te inyore jan Bondye padone e jistifye. Yo pa kwè nan Bondye ak plan Li a.

Alò Bondye di,

“N ap desann, n ap mele lang yo. Konsa, youn p ap ka konprann sa lòt ap di.”

Se konsa SENYÈ a gaye yo toupatou sou latè. Yo sispann bati lavil la. Se poutèt sa yo rele lavil la Babèl, paske se la SENYÈ a te mele lang tout moun ki rete sou latè, li fè yo pati, li gaye yo toupatou sou latè.

(Jenèz 11: 7-9)

Nan bay chak fanmi ou klan yon lang diferan, SENYÈ a kanpe pwojè konstriksyon yo a. Moun yo pa t gen chwa ke abandone Babèl e ranpli tè a, jis jan Bondye te bay lòd la.

Yo pa t fini batiman yo a, men plan Bondye yo t ap mache nan tan yo.





SÈN 28

BONDYE RELE ABRARAM

Dis jenerasyon gentan pase depi tan pwofèt Noye a. E Satan kenbe nasyon yo sere sere, oubyen l sanble sa.

Olye yo kwè nan SENYÈ a, moun yo te kwè nan relijyon yo. Gen nasyon k t ap adore solèy la olye Sila a K te kreye l la. Lòt t ap adore lalin nan.

Li te nan ane 1925 anviwon avan Jezikri.

Te gen yon pèsonaj yo rele Abram ki t ap viv sou yon tè nan nòdès peyi Arabi. Bondye te chanje non l pita: Abraram, sinifi *Papa anpil anpil pitit*.

Li te gen 75 zan. Sara, madanm li te gen 65, e l pa t gen pitit. Paran yo ak wvazen yo t ap sèvi zidòl, bagay kreye olye Kreyatè a.

Yon jou, SENYÈ a di Abraram, " Pati, kite peyi w la. Kite tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi M a montre w la.

Y a nonmen non w toupatou; w a sèvi yon benediksyon pou tout moun. M ap voye benediksyon M sou tout moun k a mande benediksyon pou ou. Men, M ap madichonnen tout moun k a ba w madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè a jwenn benediksyon."

(Jenèz 12: 1-3)

SENYÈ a te vle fè yon alyans avèk Abraram. Si l ta kite fanmi papa l e ale nan yon peyi l pa konnen, alò SENYÈ a t ap fè gwo bagay avèk li.

1. Bondye t ap fè l vin papa yon gwo nasyon.
2. Bondye t ap beni moun nan tout nasyon pa mwayen nouvo nasyon sa.

Si Abraram ta kwè e suiv SENYÈ a, li t ap vin papa yon nasyon kote pwofèt yo, Bib la, ak Sovè mond lan t ap sòti.

Kisa Abraram te fè?

Paske Abraram te gen konfyans nan Bondye, li t obeyi lè Bondye te rele l la. Li pati pou peyi Bondye ta pral ba li pou pòsyon eritaj pa li. Li leve, li kite peyi l la, san l pa t konnen ki bò l ta prale. (Ebre 11: 8)

Li pa t fasil pou Abraram ak madanm li kite fanmi yo e vire do bay relijyon yo. Poutan yo te dakò andire sa kominote yo t ap di pou yo te ka suiv sèl vrè Dye a.

Kwè e obeyi Bondye pa toujou fasil, men se toujou pi bon chwa a.





SÈN 29

SILA A K KENBE PWOMÈS LI A

Abraram ak madanm li te granmoun e yo pa t gen timoun. Poutan SENYÈ a te pwomèt pou L fè Abraram papa yon gran nasyon.

Kòman Abraram te pran pwomès “enposib” Bondye a?

Abraram te mete konfyans li nan Bondye, epi Bondye fè l gras. Se sak fè yo te rele Abraram zanmi Bondye. (Jak 2: 23; Jenèz 15: 6)

Menm jan ak tout pitit pitit Adan yo, Abraram te yon pechè. Men, menm jan ak Abèl e Noye, Abraram te fè ofrann pou peche bay Bondye. Paske Abraram te kwè Bondye ak pwomès Li yo, Bondye te konte sa pou li kòm jistis nan rekò nan syèl la, e L bay Abraram kado lavi etènèl. Sara tou te kwè nan SENYÈ a, e Bondye deklare l jis tou.

Men sa di pou tann.

Après yo te gen tan pase 10 zan nan peyi Palestin ap espere, priye ke Sara ta vin ansent, yo te deside “bay Bondye yon ti kout men” pou akonpli pwomès bay Abraram yon pitit la. Suivan yon koutim lokal, Sara bay Abraram sèvant ejiptyen li a, Aga. Li kouche avèk Aga, li tonbe ansent e fè yon gason. Yo rele l Ismayèl.

Nan anviwon 13 zan pita, lè Abraram te gen 99an e Sara 89, Bondye Toupuisan an parèt devan yo ankò. Li di yo yo t ap gen yon pitit gason e yo t ap rele l Izzak. SENYÈ a di Abraram tou,

kanta pou Ismayèl... M ap beni li... Men, m ap kenbe kontra mwen an avèk Izzak, pitit gason Sara pral fè pou ou a. L ap fèt lane k ap vini an, lè konsa.” (Jenèz 17: 20-21)

Yon ane pita, Sara fè Izzak, pitit pwomès la.

Gade imaj la. Ou wè Abraram ak madanm li ap gade syèl la nan nuit la. Y ap di SENYÈ a mèsi pou fidelite Li. Pita, yo te mete Aga ak Ismayèl deyò. Men Bondye te fè yo byen.

Bondye te avèk ti gason an pandan l t ap grandi nan dezè Paran an. Li vin konn tire flèch anpil, e manman l ranje yon maryaj pou li avèk yon fanm ki sot nan Ejipt. (Jenèz 21: 20-21)

Ismayèl vin papa pèp puisan arab la, ke Bondye beni nan plizyè fason.

Men pou Izzak, li rete nan kay la, ap pran swen zannimo papa l yo. Gendelè, Izzak ede papa l chwazi yon mouton, touye l, e boule l sou yon lotèl pou peche yo. Men ni Izzak ni papa l pa t ka devine sakrifis Bondye ta pral mande pou yo fè.





SÈN 30

PI GWO TÈS LA

Bondye te planifye pou sèvi ak Abraram e pitit gason l lan pou mete devan mond lan kèk pwofesi e imaj plan L pou sove pechè anba peche e lanmò. Bondye te planifye tou pou teste lafwa Abraram jouk nan bout lè L mande l pou fè yon bagay pou fè kè l sere, yon bagay ki pa t ap fè sans jiskaske tès la fini.

Nan pwèn sa, nan lavi Abraram, li te gen tout konfyans nan SENYÈ a. Abraram te konnen Bondye. Li te Konnen Bondye bon e jis. Poutan, èske Abraram t ap kapab kwè e obeyi Bondye, menm si L mande l pou fè sa k te sanble mal nan je l?

Men istwa a, sòti tout pyès nan Bib la:

Kèlke tan apre, Bondye teste Abraram.

Li di l, "Abraram!"

Li reponn, "Men mwen."

Epi Bondye di, "Pran pitit gason w lan, sèl grenn pitit ou a, Izzak, ke w renmen an, e ale nan rejyon Morija.¹¹ La w a ofri l kòm ofrann pou boule sou youn nan montay M ap montre w."

Bonè nan demen, Abraram leve e sele bourik li. Li pran avè l de nan sèvitè l yo e Izzak pitit li a. Lè l te fin koupe ase bwa pou ofrann k ap boule a, li met deyò pou kote Bondye te di l la.

Sou twazyèm jou a, Abraram leve l je l, li wè plas la de lwen. Li di sèvant li yo, "Ret la avèk bourik la pandan mwen ak ti gason an prale lòtbò a. Nou pral adore, epi n ap tounen vin jwenn nou."

Abraram pran bwa pou ofrann k ap boule a e chaje l sou Izzak, e li menm li pote dife a ak kouto a.

Pandan yo tou de t ap mache ansanm, Izzak pran pawòl e di papa l Abraram, "Papa?"

Abraram reponn, "Wi, pitit mwen?"

Izzak di, "Men dife a ak bwa a, men kote mouton pou ofrann k ap boule a?"

Abraram reponn, "Bondye Li menm ap fè pwovizyon mouton pou ofrann k ap boule a, pitit mwen."

E yo de a kontinye wout la ansanm.

(Jenèz 22: 1-8)





SÈN 31

PITIT GASON KONDANE A

Ou tande sa Abraram te di sèvitè l yo avan li menm ak pitit gason l lan monte sou montay sakrifis la?

“Nou pral adore epi n ap tounen vin jwenn nou.”

Kòman pitit Abraram nan ta ka tounen si yo te dwe touye l boule kò l?

Abraram te fè rezonnman Bondye te ka leve moun mouri. (Ebre 11: 9)

Bondye te pwomèt pou fè Izzarak papa yon nouvo nasyon (ki t ap sèvi pou Sovè a vini). Bondye pa ka manti. Rezonnman Abraram nan te sifi pou li.

Pandan tan sa, kisa Izzarak t ap panse? Li te konnen l se yon pechè, ke l te merite mouri pou peche l yo. Li te konnen tou Bondye t ap aksepte yon sibstiti. Men jodi a yo t ap prale nan lye sakrifis la san yon belye ou yon mouton! Sa pa t fè sans! Alò Izzarak di papa l,

“Dife a ak bwa a la, men kote mouton pou ofrann k ap boule a?”

Abraram reponn, “Bondye Li menm ap fè pwovizyon mouton pou ofrann k ap boule a, pitit mwen.”

Kounya ann kontinye istwa a.

Lè yo rive nan lye Bondye te di l la, Abraram bati yon lotèl la e l ranje bwa a sou li. Li mare Izzarak e l depoze l sou lotèl la sou bwa a.

Epi l lonje men l pran kouto a pou senyen pitit li a.

Men Zanj SENYÈ a rele l nan syèl la, “Abraram! Abraram!”

Li reponn, “Men mwen.”

Li di, “Pa mete men sou ti gason an. Pa fè l anyen. Kounya m konnen ou gen krentif pou Bondye, paske w pa t refize m pitit ou a, sèl grenn pitit ou a.” (Jenèz 22: 9-12)

Abraram ak pitit li a te rejwi! Men, e sakrifis ki egzije a?

Abraram leve je l, li wè yon belye ki kole nan kòn. (Jenèz 22: 13)

Pitit Abraram nan t ap epanye de pinisyon lanmò a.

Bondye te fè pwovizyon yon sibstiti!





SÈN 32

IMAJ E PWOFFESI

Kòmman Bondye te sove pitit kondane Abraram nan? Li te fè pwovizyon yon bèt inosan, san defo pou mouri nan plas li.

Abraram voye je l, li wè yon belye ki te gen kòn li yo makònen nan yon lyann. Li ale, li pran belye a, li touye l, li boule li nèt sou lotèl la pou Bondye nan plas pitit li a. (Jenèz 22: 13)

Tout evènman sa yo montre plan Bondye pou voye sou tè a yon Sovè sen ki t ap satisfè egzijans lalwa peche ak lanmò, e sove pechè nan chak nasyon sou latè.

Alò Abraram rele lye sa *Bondye ap fè Pwovizyon*. E jouk jodi a moun yo di, "Sou mòn SENYÈ a, tout bagay sou kont li." (Jenèz 22: 14)

Poukisa Abraram rele montay la *SENYÈ a ap fè Pwovizyon olye SENYÈ a te fè Pwovizyon?*

Èske Bondye pa t fèk fè pwovizyon yon ranson?

Lè l rele montay la *SENYÈ a ap fè Pwovizyon*, pwofèt Abraram t ap predi jou sa kote sou menm montay la, Bondye Li menm t ap bay pwovizyon sakrifis ak san k si koute ke Bondye t ap aksepte kòm pèman konplè pou dèt peche mond lan, pou nenpòt moun ki kwè nan Sakrifis sa pa peri, men pou l gen lavi etènèl.

Yon 1 900zan apre pwofèt Abraram te ofri belye a sou lotèl la, Sovè pwomès la Li menm t ap voye l *annaryè* sou evènman istorik sa e di,

"Abraram papa n te kontan, paske l te anvi wè jou m lan rive. Li wè li. Sa te fè kè l kontan nèt." (Jan 8: 56)

Pandan lafimen belye a t ap monte nan direksyon syèl, Bondye bay Abraram yon koudèy sou ofrann ki t ap gen pou sakrifye sou menm chèn montay sa. Toutsuit, repons Abraram a kesyon pitit li a "Kote mouton an?" vin gen yon sans pi pwofon.

"Bondye Li menm ap fè pwovizyon mouton pou ofrann k ap boule a, pitit mwen." (Jenèz 22: 8)

Pou Abraram e pitit li a, Bondye pa t ko fè pwovizyon anyo a. Li te bay yon belye.

Kote *Anyo a?*

Nan tan Li, Bondye Li menm t ap bay repons lan.





SÈN 33

YON BONDYE FIDÈL E SEN

Ou sonje 2 gwo pwomès SENYÈ a te fè Abraram? Premyèman, Bondye te di:

“M ap fè w vin yon gran nasyon.” (Jenèz 12: 2)

Bondye te kenbe pawòl Li. Abraram te fè Izzak, Izzak fè Jakòb, e Jakòb te gen 12 pitit gason, 12 fanmi ki vin 12 tribi Izrayèl yo. Bondye te di tou:

“W a sèvi pou tout pèp sou latè jwenn benediksyon.” (Jenèz 12: 3)

Bondye t ap kenbe pati pwomès sa tou. Nan travay avèk nasyon espesyal sa — e souvan rebèl — Bondye te vle montre tout pèp sou latè kòman Li ye e kòman pechè ka vin jwenn Li. Chak tan Bondye pwoteje nasyon sa, Li t ap pwoteje plan L pou L beni ou menm avè m — paske se nan nasyon an pwofèt yo, Sentekriti a, e Sovè pwomès la, t ap sòti.

Plan sekre Bondye a t ap mache.

Nan zòn 1500 avan Jezikri, Bondye rele Moyiz, yon desandan Abraram, pou pwofèt Li. Moyiz ekri senk premye liv nan Bib la. Bondye te sèvi ak Moyiz tou pou l te kondui pèp twa milyon desandan Abraram nan sòti nan kat syèk esklavaj. Bondye Li menm gide yo nan dezè plen danje a avèk yon kolòn nyaj pou bay lonbray lajounen, e yon kolòn dife pou bay limyè lannuit. Avèk men puisan L, Li louvri yon chemen pou chape nan Lanmè Wouj la, ba yo pen k sot nan syèl la e dlo k sot nan yon gwo wòch, e mennen yo nan Montay Sinayi.

La anba pye montay la, Bondye di pèp la,

“N ap yon wayòm pou mwen... e yon nasyon sen!” (Egzòd 19: 6)

Bondye te vle pou nasyon sa sen; apa pou Li e diferan de nasyon k te antoure yo. Men pèp la pa t konprann sa sa vle di pou yo sen. Yo pa t wè tèt yo kouwè pechè san fòs. Yo te panse yo te ka, yon fason ou yon lòt, genyen favè Bondye avèk pwòp fòs yo. Pou ba yo yon leson sou kòlè L ki boule kouwè dife kont peche, SENYÈ a desann nan yon espektak latè tranble, dife ak twonpèt eklate.

Mòn Sinayi a te kouvri ak lafimen, paske SENYÈ a te desann sou li nan dife. Lafimen t ap monte tankou lafimen yon founèz. Tout montay la t ap tranble ak vyolans, e son twonpèt t ap vin pi fò e pi fò toujou. Epi Moyiz t ap pale e vwa Bondye t ap reponn li. (Egzòd 19: 18-19)

Bondye te bay Adan yon sèl prensip.

Li ta pral bay nasyon sa dis.





SÈN 34

DIS KÒMANDMAN YO

Laplipa moun nan nasyon an te panse yo te bon ase pou yo fè pati pèp Bondye a. Alò SENYÈ a ba yo Dis Kòmandman yo, premyèman avèk yon vwa tonè sou Montay Sinayi a, epi sou 2 ti plak wòch.

Ann li Dis Kòmandman yo: (a dwat, an rezime a pati Egzòd 20).

Bondye di Moyiz pèp la dwe obeyi tout dis prensip yo san manke anyen.

“Madichon pou moun ki pa kenbe pawòl ki nan lalwa a, ki pa fè sa yo di ladan !”
(Detewonòm 27: 26)

Kijan w panse pèp la te santi lè yo fin tande dis kòmandman yo? Ou panse yo te toujou kwè yo bon ase? E ou menm? Ou panse w bon ase pou fè pati wayòm pafè Bondye a?

Li prensip No. 1 ankò. Ou toujou mete Bondye an premye? Si non, ou manke kenbe lwa sa. *Li No. 5*. Si sa janm rive ou dezobeyi papa w ou manman w, ou koupab devan Bondye. Kounya, gade *prensip No. 8*. Si sa janm rive ou pran yon bagay ki pa pou ou, oubyen ou triche nan yon egzamen, ou vyole lwa sa. Sa janm rive ou bay manti? Alò, ou pa obeyi *prensip No. 9*. *Dènye kòmandman an* di nou se mal pou n menm dezire sa k pou yon lòt moun. Bondye wè peche a depi nan kè nou.

Konbyen peche sa te pran pou gate relasyon Adan e Èv avèk Bondye? *Yon sèl!* Prensip pafè Bondye pa janm chanje.

“Moun ki obsève tout lalwa a men ki dezobeyi yon sèl nan kòmandman yo, se tankou si l te dezobeyi tout kòmandman yo.”
(Jak 2: 10)

Bondye sen; Li pa ka inyore peche. Kòman w t ap santi w pou w pataje yon chanm ak yon kò kochon k ap pouri? Se konsa peche nou ye pou Bondye. Menm jan flite pafen sou kò santi a p ap pwòpte chanm nan, ankenn kantite efò relijye p ap ka pwòpte kè nou.

Menm jan ak yon glas ki fè m wè salte nan vizaj mwen, lalwa Bondye montre m peche nan kè mwen. Menm jan glas la pa ka lave vizaj mwen, lalwa pa ka lave kè mwen.

Se pa paske yon moun fè sa lalwa a mande kifè li inonsan devan Bondye. Poukisa? Paske lalwa annik fè nou konnen sa nou fè a pa bon.
(Wòm 3: 20)

Tout jan n ka panse nou bon, nou pa bon ase pou viv avèk Bondye nan syèl.

Nou bezwen yon Sovè.

1. Píga nou gen lòt bondye pase mwen menm sèlman.
2. Píga nou janm fè ankenn zidòl, paske M se SENYÈ Bondye nou an.
3. Píga nou sèvi mal ak non SENYÈ Bondye nou an.
4. Toujou sonje jou repo a pou nou mete l'apa pou mwen.
5. Onore papa nou ak manman nou.

6. Píga nou touye moun pou tèt pa nou.
7. Píga nou fè adiltè.
8. Píga nou pran sa ki pa pou nou.
9. Píga nou bay manti sou frè parèy nou.
10. Píga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou, ou sou anyen ki pou pwochen nou.



SÈN 35

PLIS IMAJ

Dis Kòmandman yo bay pèp la yon tablo klè sou sa k byen ak mal. Se te yon bon bagay. Men lalwa Bondye a te pote move nouvèl tou. Li montre pèp la ke yo te nan gwo tèt chaje. Akoz peche yo yo tout dwe mouri e separe de Bondye.

Bon nouvèl la sèke SENYÈ a t ap toujou aksepte san vèsè mouton, towò, bouk, e pìjon pou kouvri peche yo. Donk, menm jou sa Bondye te kominike Dis Kòmandman yo nan yon vwa tonè a, li te di Moyiz,

“Fè yon lotèl... e sakrifye ofrann boule nèt sou li.” (Egzòd 20: 24)

Ou wè Moyiz ak men l sou tèt mouton an? Ou wè moun yo lonje men yo nan direksyon mouton an? Paske yo kwè Bondye e mwayen L pou bay padon, peche yo transfere sou mouton inosan an. Yo t ap touye mouton an sou yon lotèl. San vèsè a t ap kouvri peche pèp la. Epi yo t ap boule kò bèt la fè sann. Sann nan t ap montre pèp la sa Bondye fè ak peche yo. Yo te padone!

Men sistèm sa, ofri san bèt pou peche a, te jis yon imaj de sa Bondye reyèlman egzije.

Sakrifis sou ansyen sistèm nan te konn repete ankò e ankò, ane aprè ane. Men yo pa t ka janm lave nèt moun ki apwoche pou adore yo. Si yo te ka lave moun yo nèt, yo t ap sispann fè yo, paske adoratè yo t ap pirifye yon fwa pou tout, e santiman kilpabilite yo t ap disparèt.

Men se te kontrè a k te rive. Sakrifis anyèl sa yo t ap raple peche yo ane aprè ane. Paske sa te enposib pou san towò ak bouk kabrit ta efase peche.

(Ebre 10: 1-4)

Zannimo yo pa t kreye nan imaj Bondye.

Yon mouton pa gen menm valè ak yon moun. Menm jan ou pa ka pran yon ti machin jwèt w al nan yon mezon pou ofri l kòm pèman pou yon machin reyèl, konsa tou san yon mouton pa t ka peye gwo pri lalwa peche ak lanmò egzije.

Yo te bezwen yon meyè sakrifis. Tandiske sakrifis bèt yo pa t ka efase dèt peche mond lan, yo te bay pechè yo yon imaj de Sila a k te ka fè sa.





SÈN 36

PLIS PWOFESE

Tandiske tan pou Sovè a te vini an t ap pwoche, SENYÈ a te di pwofèt Li yo pou ekri anpil pwofesi¹² konsènan Wa-Mesi a. Men kèk nan pwomès ansyen sa yo:

“Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason...”

— Pwofèt Ezayi 7: 14

“Men ou menm, Betleyèm... se nan mitan ou m ap fè sòti pou mwen yon chèf... k ap sòti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan.”

— Pwofèt Miche 5: 2

“Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Y a rele l: Bon konseye k ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, ... Wa k ap bay kè poze a!”

— Pwofèt Ezayi 9: 6

Men Bondye nou an ap vini... pou l ka delivre nou. Je avèg yo pral louvri. Zòrèy moun soudè yo pral debouche. Moun enfim nan pye yo pral sote ponpe tankou kabrit...

— Pwofèt Ezayi 35: 4-6

Li te tankou ti mouton y ap mennen labatwa...

— Pwofèt Ezayi 53: 7

“Yo klouwe men m ak pye m yo.”

— Pwofèt David, Sòm 22: 16

Sovè pwomès la t ap vini!
Men kilè? E Kiyès Li t ap ye?
Kòman pwofesi sa yo t ap akonpli?



2^e Pati



WA A REYALIZE
PLAN AN

— NOUVO TESTAMAN —



SÈN 37

ISTWA WA A AP KONTINYE

Kijan w wè premye pati liv Wa a?

Sa w te aprann nan Ansyen Testaman an?

Testaman sinifi *akò* ou *alyans*. Lontan avan Bondye te bay Nouvo Testaman an, Li di,

“Tan an ap vini kote M ap etabli yon nouvo alyans.” (Jeremi 31: 31)

Nan premye alyans avèk pèp Li a, Bondye te ba yo anpil lwa pou montre yo sentete Li ak eta peche yo. Li te ba yo tou anpil imaj e pwofesi konsènan Sovè K t ap vini an. Nan Ansyen Testaman an, pwofèt yo te predi: Wa-Mesi a ap vini. Men nan Nouvo Testaman an, nou li: Wa-Mesi a vini!

Nou jwenn Levanjil la nan Nouvo Testaman an. Nan lang arab yo rele l *Injil*. Tou de (2) mo yo vle di Bon Nouvèl. Levanjil la kòmanse avèk mo sa yo:

“Men rejis zansèt Jezikri, Mesi a, pitit pitit David, pitit pitit Abraram. Abraram te papa Izzak; Izzak te papa Jakòb...” (Matye 1: 1-2)

Non aprè non, Bib la anrejistre yon chèn ankè *desandan* apati Abraram jiska Jezi. Bondye te vle kenbe pwomès Li pou L beni tout nasyon yo nan voye Sovè a nan liy fanmi Abraram nan.

Gen kat liv ki rakonte Levanjil la nan Nouvo Testaman an. Poukisa kat? Poukisa se pa jis youn? Nan Ansyen Testaman an, Bondye di Moyiz,

“Fòk gen de osinon twa temwen ki pou fè yon depozisyon pou l ka kenbe.” (Detewonòm 19: 15)

Pou konfime istwa e mesaj Li a, Bondye chwazi, pa jis de ou twa, men kat moun pou ekri kat rapò separe sou lavi Mesi a. Non yo se: Matye, Mak, Lik, e Jan. Menm jan ak kat jounalis k ap repòte menm evènman an, yo chak rakonte menm istwa, men kat fason diferan.

Nouvo Testaman an gen yon total 27 liv. Liv Travay la, ke Lik ekri a, rakonte sa k pase apre Mesi a te fin fè misyon L sou tè a. Bondye te enspire Pòl (yon nonm ki te vyolan) Jak e Jid (demi frè Jezi yo), ak Pyè e Jan (pechè pwason) pou ekri rès Nouvo Testaman an. Chak liv revele plis bagay toujou sou Wa a e plan Li pou tout moun ki renmen Li.

Kounya, men rès istwa Li a.





SÈN 38

ISTWA MARI

Tan an te rive. Aprè plizyè milye ane preparasyon, Bondye ta pral voye Wa-Mesi-Sovè a nan lemonn. Men Kiyès Li t ap ye? E kijan L t ap vini?

Nan tan Ewòd wa Jide... Bondye voye zanj Gabriyèl Nazarèt, yon vil nan Galile, kay yon fi vyèj ki te angaje pou marye avèk yon nonm yo te rele Jozèf, yon *desandan* David. Non fi vyèj sa se te Mari.

Zanj lan di l, "Pa pè, Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye. Ou pral vin ansent, w ap fè yon pitit gason.

W a rele L Jezi. L ap gen pouvwa, y a rele L Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. SENYÈ Bondye a ap fè L wa tankou David, gran granpapa Li.

L ap renye... gouvènman L lan p ap janm fini."

Mari mande, "Kijan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm konn gason!"

Zanj lan reponn li: Sentespri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri w tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, pitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y a rele L Pitit Bondye."

(Lik 1: 5, 26-27, 30-35)

Poukisa Gabriyèl di y a rele Jezi "Pitit Bondye" a?

Gen moun ki panse sa vle di Bondye te pran yon fanm e fè yon pitit avè l. Se pa sa l vle di. Si w fèt nan kontinan Lafrik la, yo ka rele w yon "pitit Lafrik." Èske sa vle di Lafrik te marye e fè yon pitit? Non! Sa vle di ou sòti Lafrik.

Mesi a rele Pitit Bondye paske L sòti nan Bondye. Li vini nan fanmi Adan an ke peche delabre, men Li pa gen sous Li nan fanmi sa. Li se Pawòl la menm, Nanm, e Pitit Bondye.

Avan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Li t avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa L te ye tou. Li te la avèk Bondye depi nan kòmansman. Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay.

Nan tou sa k te fèt, pa t gen anyen k te fèt san Li.

Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou... , Li mennen yon lavi ki konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè L. Nou wè pouvwa L, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit Li a. (Jan 1: 1-3, 14)

Ou sonje pwomès Bondye te fè jou Adan te manje fwi defandi a? Bondye te anonse *Pitit pitit fanm nan t ap kraze tèt sèpan an*. Pitit pwomès sa te kounya nan vant yon fi vyèj. Nou gen pou n wè kijan L t ap kraze tèt sèpan an.





SÈN 39

ISTWA JOZÈF

Mari te fyanse ak Jozèf, yon bòs chapant nan Nazarèt, yon vil sou fwontyè nan nò Palestin.

Mari ak Jozèf te tou 2 Jwif, liy zansèt yo monte nan Wa David, rive jis nan Abraram. Jozèf te ka prens eritye kouwòn nan, men Wòm t ap gouvènen peyi l la. Sòlda t ap fè patwouy nan lari. Yo te konn arete e krisifye Jwif yo te sispèk kòm trèt. Kolektè taks yo t ap vòlè pèp la. Lavi a te anmè.

Men kè Jozèf te cho. Talè li ta pral marye ak Mari! Li te travay di pou prepare yon kote pou yo viv ansanm apre maryaj la. Epi yon jou nouvell kè kase a tonbe: Mari ansent!

Kijan w pansè Jozèf te santi l? Li te sanble Mari te fè enfidelite sou li.

Kè Jozèf te brize, men l te vle aji byen. Alò l te deside kraze fiansay la san fè deblozay, paske l pa t vle fè Mari wont.

Pandan lide a te nan tèt li, dòmi pran l, e yon zanj SENYÈ a parèt devan l nan yon rèv.

Zanj lan di, "Jozèf, pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l ap pote a se travay Sentespri a. Li pral fè yon pitit gason. W a rele l Jezi. Se Li menm ki pral delivre pèp Li a anba peche l yo."

Tout sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre: "Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. Y a rele l Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.) (Matye 1: 20-23)

Lapenn Jozèf te chanje an jwa! *Gade gwosè yon onè! Mari ta pral manman Mesi pwomès la! E li menm, Jozèf, ta pral gadyen legal pitit la!*

Mesi sen an t ap gen yon manman *imen*, men pa yon papa *imen*. Pitit la t ap rele Jezi, ki vle di *SENYÈ a Sove, ou tou senp, Sovè*.

Lè Jozèf reveye, li fè sa zanj lan te ba l lòd fè a. Li pran Mari lakay li kòm madanm, men li te rete vyèj jiskaske pitit gason l lan te fèt. E Jozèf ba l non Jezi. (Matye 1: 24-25)

Bondye te gen men l nan tout bagay.





SÈN 40

WA A RIVE

Sèt san ane avan sa, pwofèt Miche te predi ke Wa-Mesi a t ap fèt Betleyèm, ansyen vil kote David te fèt.

Men te gen yon pwoblèm. Mari ak Jozèf t ap viv Nazarèt, distans 3 jounen a pye nan nò. Kijan pwofesi a t ap akonpli? Bondye te gen kontwòl tout bagay.

Tandiske tan pou Mari akouche t ap pwoche, Anperè Seza Ogis fè sòti yon dekrè k di ke tout moun nan *anpi* a dwe ale toutsuit nan vil zansèt yo pou yo anrejistre e peye taks yo. Alò, Jozèf ak Mari gwo gwovant fè vwayaj la sot Nazarèt al Betleyèm.

Antan yo te la, jou pou Mari te akouche a rive. Li fè premye pitit li a, yon ti gason.

Mari vlope pitit la nan kouchèt, li mete l kouche nan yon pak bèt, paske pa t gen plas pou yo nan lotèl la. (Lik 2: 6-7)

Se te la nan Betleyèm, boure ak vwayajè fatigue (nan vil la pou anrejistre pou taks) *yon fanm fè Pitit pwomès la*. Nou jwenn evènman an nan Levanjil la ak presizyon:

Li fè premye pitit li, yon gason. (Lik 2: 6)

Bò kot manman l, bebe a se pitit Mari te fèk fè a, men bò kot papa l, li te Pitit Gason etènèl Bondye a. Menm Pawòl ki te sèvi pou Bondye kreye lemonn nan, menm Vwa yo te tande kouwè tonè sou Mòn Sinayi a, yo te ka tande l kounya nan vwa dous yon ti bebe k ap kriye.

E ki kote l te fèt?

Pa nan yon palè wa, pa nan yon lopital, pa menm nan yon lotèl pou vwayajè! Wa k sot nan syèl la te fèt kote ti mouton te fèt — nan yon pak, avèk yon manjwa pou bèso.

Tout sa te nan plan Bondye.

Nou konnen ki favè Jezikri, SENYÈ a, fè nou. Li menm ki te rich, Li fè tèt Li tounen pòv pou nou. Konsa, lè L fè tèt Li tounen pòv la, Li fè nou rich. (2 Korent 8: 9)

Men, èske Bondye pa t ka òganize yon ti selebrasyon pou onore nesans Pitit Li a?

Li te fè sa!





SÈN 41

ISTWA BÈJE YO

Ki moun Bondye te anonse an premye nouvèl vini Mesi a sou latè? Anperè a? Moun rich ak sa k gen renome? Lidè relijye yo?

Non.

Premye moun ki te resevwa nouvèl kè boule sa se te pòv bèje yo, moun ki gade mouton pou sakrifye sou lotèl tanp lan nan Jerizalèm.

Te gen bèje k rete deyò nan chan yo, ap veye sou twoupo yo nan nuit. Yon zanj SENYÈ a parèt devan yo, e lagwa SENYÈ a vlope yo, e yo te pè anpil.

Men zanj lan di yo, "Pa pè. M ap anonse nou bon nouvèl k ap ba nou gwo lajwa, nou ak tout pèp la. Jodi a nan site David la, gen yon Sovè ki fèt pou nou; Li se Kris¹³ la SENYÈ a!

Men yon siy pou nou: N ap jwenn yon bebe vlope nan moso twal kouche nan yon manjwa."

Bridsoukou, tout yon kò lame syèl la rejwenn zanj lan nan louwanj pou Bondye, yo t ap di, "Glwa pou Bondye nan syèl pi wo, e kè poze sou latè pou moun ki jwenn favè Li!"

Lè zanj yo te kite yo e monte nan syèl, bèje yo youn di lòt, "Ann ale Betleyèm wè bagay sa k rive a, ke Senyè a pale nou an.

Alò yo te kouri e yo te jwenn Mari ak Jozèf, e bebe a, k te kouche nan manjwa a.

Lè yo te fin wè l, yo gaye pawòl la sou sa yo te aprann konsènan timoun nan, e tout moun ki te tande te etone pou sa bèje yo te di yo."

(Lik 2: 8-18)

Se pa t yon ti istwa bèje yo t ap rakonte a!

Sovè a fèt! Nou wè Li! Touche Li! Zanj lan di nou Li se Kris la SENYÈ a! Yon koral zanj te kouvri syèl la! Nuit la te kouwè lajounen! Mesi a vini! Li la! Li la!

Gen moun ki te kwè mesaj bèje yo. Anpil pa t kwè. Men, kwè pa kwè, Wa a, ke nesans Li pataje istwa lemonn an de,¹⁴ te vin fèt nan ras lòm nan.

Uit jou aprè, lè yo te sikonsi bebe a, yo rele l Jezi, non zanj lan te bay pou Li a avan menm Li te fèt la.

(Lik 2: 21)





SÈN 42

ISTWA MAJ YO

Apre nesans Jezi nan pak bèt la, Jozèf degaje l pou fanmi l jwenn kote pou yo rete nòmalman.

Yon jou, kèk Maj (moun save k etidye zetwal) rive Jerizalèm ak tout kè cho. Yon zetwal espesyal kondui yo sòti byen lwen nan peyi Pès nan chèche Wa a ki fèk fèt la.

Moun save sa yo te gen yon kesyon e yon objektif:

“Kote Sila ki pran nesans kòm Wa Jwif yo? Nou wè zetwal li sou bò kote solèy leve e nou vin pou adore li.”

Lè wa Ewòd tande sa, li twouble, e tout Jerizalèm avè l tou. Li rasanble tout doktè lalwa yo, li mande yo kibò Kris la te sipoze fèt.

Yo reponn li, “Nan Betleyèm vil Jide, paske men sa pwofèt la te ekri...”

Epi Ewòd rele Maj yo an sekre... e di, “Ale, ranseye nou avèk swen sou timoun nan. Kou nou jwenn li, fè m konnen, pou mwen tou ale e adore li.”

Lè yo fin tande wa a, y al fè wout yo, e zetwal yo te wè sou bò kote solèy leve a t ale devan yo jiskaske l kanpe sou tèt kote timoun nan te ye a.

Lè yo te wè zetwal la, yo te kontan anpil.

Lè yo rive nan kay la, yo wè timoun nan avèk Mari manman l, e yo koube devan l e adore li. Epi yo ouvè djakout trezò yo e yo fè l kado lò, lansan, ak lami.

E akoz yon avètisman yo te jwenn nan rèv pou yo pa t tounen kot Ewòd, yo pran yon lòt wout pou retounen nan peyi yo.

Yo fè sa yo pati, yon zanj SENYÈ a parèt devan Jozèf nan rèv. Li di l, “Leve, pran timoun nan ak manman l, chape poul ou an Ejip. Rete la jiskaske m di w, paske Ewòd pral chèche timoun nan pou touye li.”

(Matye 2: 1-13)

Ewòd te eseye touye timoun nan. Pèp Jerizalèm nan yo menm inyore l. Men Maj yo, k te travèse yon dezè cho pou jwenn li, t adore l e ba l lò, kado pou yon wa; lansan, yon epis chè pou anbome moun mouri. Poukisa epis pou anbome a?

Eske moun save sa yo te konnen Jezi te fèt pou l mouri?





SÈN 43

TIMOUN PAFÈ A

Apre avètisman zanj lan, Jozèf mennen Mari ak timoun nan nan peyi Ejipt, kote yo te viv kòm refijye jiskaske wa mechan an, Ewòd, mouri.

Lè l mouri, yon zanj Senyè a parèt devan Jozèf nan rèv e di l, “Leve, pran timoun nan ak manman l e tounen an Izrayèl, paske sila yo k t ap chèche touye timoun nan mouri.”

(Matye 2: 19-20)

Gen yon lòt ansyen pwofesi SENYÈ a te bay ki akonpli la:

Mwen rele pitit gason M nan sòti nan peyi Ejipt.

(Oze 11: 1)

Alò, Jozèf e Mari mennen Jezi Nazarèt, kote L te grandi ansanm ak demi frè L e sè¹⁵ L yo.

Tinonm Jezi a te kouwè nenpòt lòt timoun nan anpil fason. Li manje, dòmi, jwe, etidye, e aprann yon metye. Konsa tou nan anpil fason, Li te diferan de lòt timoun yo. Li pa t janm egoyis. Li te toujou onore paran L yo. Li pa t janm bay manti. Li te toujou fè Papa L nan syèl la plezi.

Li te sen, san repwòch, nèt, apa pami lòt pechè yo.

(Ebre 7: 26)

Jezi te sèl timoun pafè nan listwa lèzòm. Sa pa vle di Li pa t janm gen yon jenou grafouyen, ou yon bouton. Sa vle di L te gen yon nati pafè. Li te sen e bon nèt. Li te gen tou tout pouvwa e tout sajès, men avan L te vin nan vant Mari, Li mete tèt Li anba yon seri limitasyon pou L ka viv kouwè yon nonm pami lèzòm.

Jezi t ap grandi ak sajès, byen pòtan; Li t agreyab devan Bondye e devan lòm.

(Lik 2: 52)

Lè Jezi te gen 12 zan, li te vwayaje avèk paran L yo sòti Nazarèt al Jerizalèm pou fèt anyèl sakrifis yo rele Pak¹⁶ la. Pandan ti gason zanmi L yo t ap eksplòre vil la, Jezi te pase semèn nan nan lakou tanp lan, chita pami anseyan yo, t ap koute e poze yo kesyon.

Tout moun ki te tande L te etone akòz konpreyansyon L e repons Li yo.

(Lik 2: 47)

Tanp lan se kote yo te konn boule ti mouton sou lotèl pou peche pèp la. Tinonm Jezi a te konprann sa gwo konèsè yo pa t konprann. Li te vin pou ofri dènnye ti mouton an.





SÈN 44

ANYO BONDYE A

Trant ane gentan pase depi Jezi te fèt nan Betleyèm. Seza Ogis mouri; pitit madanm li, Seza Tibè t ap renye sou Anpi Women an. Ewòd Antipas t ap gouvène Galile. Pons Pilat t ap gouvène Jide. E yon nouvo pwofèt t ap preche nan Palestin.

Nan tan sa, Jan Batis vini, ap preche nan Dezè Jide a, li t ap di,
“Repanti, paske wayòm syèl la pa lwen.”

Se de Jan Batis, pwofèt Ezayi t ap pale, lè l te di: Vwa yon nonm k ap rele nan dezè a di: Pare chemen an pou Senyè a. Fè ti wout yo dwat pou li.

Jan te genyen yon rad an plim chamo sou li ak yon sentiwon kui nan ren l. Manje l, se te krikèt ak siwo myèl mawon. (Matye 3: 1-4)

Tandiske anpil moun nan tan l lan te gen bèl rad an swa fen, yo te manje manje bouch gou, Jan t ap viv senp. Li te nan misyon sou latè.

Jan se te avangad Wa a.

Plizyè santèn ane avan, de (2) pwofèt, Ezayi ak Malachi, te ekri sou yon pwofèt ki te gen pou vini ki t ap anonse vini Wa-Mesi a. Se te pwofèt Jan.

Tandiske pwofèt avan yo te pwofetize: *Nan tan fikse a, Sovè pwomès la ap vin sou latè... Jan li menm di: Tan sa rive. Sovè a la!*

Gwo foul moun pote boure nan dezè a pou tande Jan. Sila yo k te konfese eta yo kòm pechè ki bezwen Sovè a te batize nan Rivyè Jouden an. Konsa yo te montre lafwa yo nan Mesi a, ki t ap vini efase gwo dèt peche yo e abiye yo ak rad lajistis.

Jou aprè jou, semèn aprè semèn, Jan t ap pale pèp la de Sovè yo t ap tann sot nan syèl la pandan lontan an, Sovè l “pa merite pou ta pote sandal Li. Li menm, Li va batize nou nan Lespri Sen an.” (Matye 3: 11)

Epi yon jou, Sovè a vini — desann sou yon timòn, nan mitan yon foul, e rive anba kote Jan t ap batize a.

Jan lonje dwèt li sou Jezi e di,

“Gade Ti Mouton Bondye a, ki pote ale peche mond lan!” (Jan 1: 29)

Poukisa Jan rele Jezi Ti Mouton Bondye a? Si w konnen poukisa, alò w konnen misyon Wa a.





SÈN 45

PITIT GASON PAFÈ A

Jezi mande Jan pou batize Li. Jan opoze, paske Wa-Mesi a Ki sot nan syèl la pa t bezwen repanti.

Jezi reponn, “Kite sa fèt kounye a. Paske, se konsa pou nou konfòme nou, pou nou akonpli tout sa ki jis.” (Matye 3: 15)

Alò Jan batize Jezi. Lè Jezi batize a, Li montre L te fè pati fanmi lòm nan ke L te vin pou sove a.

Kou Jezi te fin batize a, li monte sot nan dlo a. Nan moman sa, syèl la ouvè, e [Jan] te wè Lespri Bondye a desann kouwè yon pijon ak kout zèklè sou Li. E yon vwa nan syèl la di, “Li menm, Li se pitit Mwen renmen anpil la. Li fè M plezi anpil.” (Matye 3: 16-17)

Menm jan nan premye jou kreyasyon an, inite konplèks nan Bondye a manifeste la ankò. Menm jan Bondye, Lespri L, ak Pawòl la te travay kou yon sèl pou te kreye lemonn, konsa kounya yo t ap travay kou yon sèl pou sove l.¹⁷

Nou wè *Lespri Bondye* (Ki t ap plane sou dlo yo nan kòmansman an) desann sou Jezi. N ap gade *Pitit Bondye* a (Pawòl la K te kreye lemonn nan) mache sot nan rivyè a. E nou tande vwa *Papa a* K ap pale nan syèl la.

Pandan 30 an, Jezi t ap viv dèyè rido a, lwen je piblik la. Men Papa L nan syèl la t ap obsève tout ti panse, pawòl, e tout ti aksyon. E ki jijman Bondye te fè de lavi Pitit Gason L lan?

“Li fè M plezi anpil.”

Nan tout listwa lèzòm, Jezi se sèl moun Ki fè tout sa Bondye egzijje. Tout Bagay. Toujou. San mank.

Jezi fè sa Adan te echwe a: reflete imaj Bondye. E L fè plis ke sa. Li se Imaj la menm!

Nan tan lontan, Bondye te pale avèk zansèt nou yo ak divès mwayen epi nan divès fason, grasa pwofèt yo. Men, nan dènye jou sa yo, Li pale avèk nou grasa Pitit la. Se Li menm, Bondye mete eritye tout bagay. Se grasa Li menm tou Li fè linivè a. Li se reyon glwa Bondye. Li se anprent nati Bondye. L ap soutni tout bagay ak pisans Pawòl Li... (Ebre 1: 1-3)

Se pa etonan lè Jezi ta pral di pita,

“Mwen ak Papa a, Nou se yon sèl.” (Jan 10: 30)

Jezi se Pitit Gason pafè a.





SÈN 46

DEZYÈM NONM NAN

Satan pa t kontan Nonm pafè sa t ap viv nan wayòm li an! Men dyab la te gen yon estrateji. Menm jan l te tante premye nonm nan pou l peche, konsa tou kounya l ta pral eseye fè Nonm sa peche.

Satan te vle met Jezi anba kontwòl li menm jan l te met Adan anba kontwòl li a. Si Satan te antrene Pitit Bondye a nan peche, alò L pa t ap kalifye pou sove pèp Li a anba peche yo.

Alò Sentespri a mennen Jezi nan dezè a pou dyab la tante L. Aprè Jezi te fin fè jèn karant jou e karant nuit, Li te grangou.

Tantatè a pwoche L e di L, "Si W se Pitit Bondye a, bay lòd pou wòch sa yo tounen pen."
(Matye 4: 1-3)

Jezi te grangou, men L pa t obeyi dyab la. Li pa t vle aji andeyò volonte Papa L. Li pa t vle sèvi ak tout pouvwa L la pou satisfè dezi kò Li. Pou konbat dyab la, Jezi site Lalwa Moyiz la:

"Se pa pen sèlman ki fè moun viv, Men, se chak pawòl ki sòti nan bouch Bondye."
(Matye 4: 4; cf. Detewonòm 8: 3)

Nan ògèy sòt li, dyab la eseye tante ankò Sila ki sen an.

Dyab la mennen Jezi sou yon mòn byen wo, pou l montre L tout wayòm sou latè ansanm ak glwa yo. Li di L, "Se tout bagay sa yo m ap ba Ou, si Ou koube pou W adore mwen."
(Matye 4: 8-9)

Lè Adan te peche, lòm te pèdi dwa pou domine tè a. Satan te vòlè dwa domine mond lan, li fè tèt li wa. Kounya Wa laglwa a te sou latè pou rebran dwa domine a, men L pa t vle fè sa nan koube devan sila L te vini kraze a.

Jezi di, "Retire w sou Mwen, Satan! Paske, men sa ki ekri: Se Senyè a, Bondye ou, pou w adore. E, se Li sèl pou w sèvi."
(Matye 4: 10)

Finalman, dyab la kite Jezi. Satan pa t janm tante ankenn moun kòm Jezi, yon nonm ki pa t gen ni dezi ni kapasite pou peche. Jezi te diferan de Adan e *desandan* l yo.

Premye nonm nan te sòti nan tè, li se pousyè. Men, dezyèm nonm nan se Senyè ki sot nan syèl la.
(1Korent 15: 47)

Adan te premye nonm pafè a.

Jezi te dezyèm nonm pafè a.

Lè Satan te tante Adan pou peche, Adan te pèdi e Satan te genyen. Lè l te eseye fè Jezi peche, Satan pèdi e Jezi genyen.

Premye nonm nan te mennen nou nan wayòm peche e lanmò Satan an. Dezyèm Nonm nan te vini pou kondui nou sòti ladan.





SÈN 47

WA-MESI A

Aprè tantativ san siksè Satan pou l te fè Jezi peche, Li retounen Nazarèt, kote L te dwe grandi e travay antan ke bòs chapant.

Jou Saba a Li antre nan Sinagòg la kòm se te abitud Li. (Lik 4: 16)

Sinagòg la se te yon kay yo adore Bondye, kote yo li e eksplike Sentekriti a chak samdi. Samdi sa menm, Jezi te gen yon anons pou L fè.

Li kanpe e fè lekti a.

Yo te lonje woulo pwofèt Ezayi a ba Li. Lè L dewoule l, Li jwenn kote pawòl sa te ekri:

“Lespri Senyè a sou mwen, Paske, li konsakre mwen Pou mwen anonse pòv bon nouvèl la... Pou mwen anonse prizonye yo libète, Pou mwen anonse avèg yo, yo ka wè...” (Lik 4: 17-18)

Sa Jezi te li a se te yon ansyen pwofesi konsènan Wa-Mesi a ki te gen pou montre mond lan kijan Bondye ye e sove pechè yo anba dominasyon Satan, peche, ak lanfè.

Epi [Jezi] woule woulo a, remèt li bay moun ki t ap fè sèvis la, e L chita.

Je tout moun nan sinagòg la te fikse sou Li, e L te pran di yo, “Jodi a, Ekriti sa a akonpli nan tande nou tande l la.” (Lik 4: 20-21)

Kòman vwazen Jezi yo te reyaji lè L di Li se Mesi a Ki sot nan syèl pou akonpli sa pwofèt yo te ekri nan woulo yo?


Tout moun nan sinagòg la te vrèman an kolè lè yo tande sa. Yo chase Jezi deyò vil la, e kondui L sou yon ti mòn vil la te bati, pou yo te ka jete L nan falèz.

Men L pase nan mitan foul la, al fè wout Li. (Lik 4: 28-30)

Jezi te gen pouvwa domine. *Kontrèman a desandan* Adan yo ke peche enfekte, k ap mouri, Wa-Mesi a, Ki gen onksyon¹⁸ Bondye sou Li a, te gen tout kontwòl. Pyès moun pa t ka touche L si Li pa pèmèt sa.

Men Li te vle touche yo.





SÈN 48

DOMINASYON SOU DEMON AK MALADI

Nan Ekri pwofèt yo, youn nan tit Mesi a se *Bra SENYÈ* a (Ezayi 53: 1). Mirak Jezi yo te montre L se Bra Bondye sou tè a. Li te ka geri nan yon bat je malad yo, sa k ap mouri yo ak yon touche men L.

Gwo foul moun t ap vin jwenn Li, yo pote bwate, avèg, paralize, bèbè, e anpil lòt, yo depoze yo nan pye Li: Jezi geri yo. (Matye 15: 30)

Pawòl pwofèt yo t ap akonpli.

Moun avèg ap wè, epi moun bwate ap mache. Moun ki gen lèp ap vin pwòp, epi moun soud ap tandè. Moun mouri ap resisite, epi moun pòv ap tandè bon nouvèl la. (Matye 11: 5 [Ezayi 35: 4-6; 61: 1])

Pa t genyen maladi Jezi pa t ka geri.

Yon nonm malad ak lèp vini kote Jezi, li sipliye Jezi, li ajenou devan li, epi li di li: Si ou vle, ou kapab pirifye mwen.

Lè sa a, kè Jezi fè L mal. Li lonje men L, Li manyen nonm nan, epi Li di li: Mwen vle. Ou mèt vin pwòp!

Menm lè Li di sa, lèp la sòti sou nonm nan, e li te vin pwòp. (Mak 1: 40-42)

Lè solèy kouche, tout moun ki te gen moun malad ak plizyè kalite maladi t ap mennen yo bay Jezi. Li menm, Li poze men sou yo chak, Li geri yo. E, demon t ap sòti sou anpil moun tou. Lè konsa, yo rele, yo di: Ou se Kris la, Pitit Bondye a!

Epi, Li fè yo obsèvasyon. Li pa t pèmèt yo pale, paske yo te konnen se Li Ki Kris la. (Lik 4: 40-41)

Jezi pa t vle demon yo temwanyen de Li. *Movèzespri* sa yo te asiste lè L t ap pale avèk otorite e puisans pou kreye syèl la ak tè a. Frison pran yo lè yo sonje jou L te chase yo nan syèl la. E kounya, L t ap viv sou latè kòm yon nonm! Dominasyon mèt yo a t ap *efondre*. Wa laglwa a te anvayi domèn yo a.

Tout kote Jezi te pase, pouvwa Satan t ap febli. Tout kote L pase, malediksyon peche a t ap repliye.

Jezi te gen yon mesaj ki akonpanye mirak Li yo:

“Wayòm Bondye a pa lwen. Repanti e aksepte bon nouvèl la!” (Mak 1: 15)





SÈN 49

DOMINASYON SOU VAN AK VAG

Jezi chwazi douz gason pou vwayaje avè L e fòmme yo. Te gen anpil fanm tou ki t ap suiv Li. Yo te bay Jezi ak disip Li yo sipò nan manje ak kòb.

Apèl Jezi pou sa yo k te kwè nan Li te senp:

“Suiv Mwen.”

(Lik 5: 27)

Men apèl sa te gen pri li:

“Yon moun ki renmen papa l oubyen manman l plis pase Mwen, li pa merite Mwen. Yon moun ki renmen pitit gason l oubyen pitit fi l plis pase Mwen, li pa merite mwen.”

(Matye 10: 37)

Piske plizyè nan disip Li yo te pechè pwason, Jezi te souvan pase jounen an bò Lanmè Galile a. Moun te sòti prè e lwen vin jwenn Li.

Yon fwa ankò Jezi te pran anseye bò lak la. Te gen yon si gwo foul bò rivaj la ke L te oblije monte nan yon kannòt e chita pou pale la. (Mak 4: 1)

Aprè L fin pase yon jounen ap anseye, Li di disip Li yo, “Ann travèse lòtbò.” Li te deja nan kannòt la, donk yo derape, kite foul la dèyè.

Men, bridsoukou, yon tanpèt leve. Gwo lanm t ap antre nan kannòt la, e l te kòmanse plen ak dlo. Jezi t ap dòmi nan dèyè kannòt la, tèt Li sou yon kousen. Disip Li yo reveye Li, yo kriye, “Mèt, sa pa fè W anyen ke n ap nwaye?”

Lè Jezi leve, li obsève van an e di lanm yo, “Silans! Ret trankil!”

Sa w tandè a, van an kanpe, e te gen yon gwo kalmi.

Epi Li mande yo, “Poukisa nou pè a? Nou toujou pa gen lafwa?”

Disip yo te vrèman *tèrifye*. Youn t ap mande lòt, “Kiyès nonm sa ye, menm van ak vag obeyi Li!”

(Mak 4: 37-41)

Kiyès nonm sa ye? Mil an avan, pwofèt David te gentan reponn kesyon sa:

Yo pa t konn kisa pou yo te panse ankò. Anba tout tray sa yo, yo rele nan pye SENYÈ a. Li wete yo nan lafliksyon sa. Li kase gwo van an.

Lanm lanmè yo sispann fè bri. Kalmi fèt.

(Sòm 107: 27-29)

Kiyès ki ka kalme van ak vag lè l jis pale avèk yo?

Menm Vwa K te kreye yo a!





SÈN 50

DOMINASYON SOU PECHÉ

Yon jou, kat nonm pote yon nonm paralize sou yon branka nan kay kote Jezi te ye a.

Yo t ap fòse antre, men pyès la te tèlman boure ak moun yo pa t kapab. Donk, yo dekouvri pati fetay kote L te ye a. Yo fouye yon twou. Epi, yo pran branka a ak nonm paralize a kouche sou li, yo glise l desann.

Lè Jezi wè lafwa yo, Li di nonm paralize a: Pitit Mwen,
peche w yo padone.

(Mak 2: 5)

Jezi te konnen pi gwo bezwen nonm nan se pa t pou l mache ankò, men se te pou peche l yo padone.

Men, kèk nan doktè lalwa k te chita la t ap di nan kè yo, "Sa L ap di konsa? Sa se *blasfèm*! Se sèl Bondye K ka padone peche!"

Jezi te vit konnen sa k te nan kè yo, donk Li mande yo, "Poukisa n ap poze kesyon sou sa nan kè nou? Kisa k pi fasil, 'di nonm paralize a peche w padone' oubyen 'leve, pran nat ou, e mache'? Alò, M ap pwouve nou Pitit Lòm nan gen otorite sou latè pou padone peche."

Epi Jezi vire sou nonm paralize a e di, "Leve, pran nat ou, e al lakay ou!"

E nonm nan sote debou, pase men l pran nat li, e mache nan mitan espektatè yo bouch fèmen.

Yo tout te etone, e yo t ap louwe Bondye; yo t ap di, "Nou pa t janm konn wè bagay konsa avan!"

(Mak 2: 6-12)

Relijyon ak ògèy doktè lalwa yo te rann yo avèg. Sa k te nan panse yo se te pito, "Jezi, *W ap blasfeme, Monchè!*" *W ap pale mal devan Bondye paske Ou pretann Ou ka padone peche, men se sèl Bondye K ka fè sa!*

Yo te gen rezon nan panse se sèl Bondye K ka padone peche, men yo te nan lerè sou konklizyon yo Kiyès Jezi ye.

Kiyès ou kwè Jezi ye? Ou sonje sa non L sinifi? Li sinifi *SENYÈ a Sove*.

Nan youn nan vil Palestin kote Jezi te anseye, moun yo te fè konklizyon sa:

"Kounya nou tande ak zòrèy nou, e nou rekonèt nonm sa se vrèman Sovè mond lan."

(Jan 4: 42)





SÈN 51

DOMINASYON SOU LANMÒ

Jezi te domine sou bagay nan kreyasyon an. Poutan Li pa t ap mache di, “Adore Mwen! Se Mwen K Bondye a! Se Mwen menm!” Li te jis fè sa Bondye sèl ka fè, e kite moun tire pwòp konklizyon yo.

Apati de (2) pwochen istwa yo, Kiyès ou kwè Jezi ye?

Jezi t aprale nan yon vil yo rele Nayin, e disip Li yo ak yon gwo foul moun t aprale avè L tou. Lè L prèske rive bò pòtay vil la, twouve yo t ap pote yon mò al antere — sèl pitit manman l, e manman an te vèv. Yon gwo foul moun nan vil la te la avè l tou.

Lè Senyè a wè vèv la, kè L fè L mal pou li. Li di li: Pa kriye!

Epi, Li pwoche, Li manyen sèkèy la. Moun ki t ap pote l yo kanpe. Epi, Senyè a di: Jennonm, M ap di ou sa: Leve!

Mò a leve vre, li kòmanse pale. Epi, Senyè a remèt li bay manman li.

Laperèz pran tout moun. Yo t ap bay Bondye glwa... (Lik 7: 11-16)

Yon lòt fwa, Jezi te rann de (2) sè an dèy vizit: Mat ak Mari. Kat jou avan sa, frè yo a, Laza, te mouri.

Mat di Jezi, “Senyè, si W te la, frè m nan pa t ap mouri...”

Jezi di l, “Mwen se rezirèksyon ak lavi a. Moun ki kwè nan Mwen ap viv, menm si l mouri; e nenpòt moun k ap viv e ki kwè nan Mwen p ap janm mouri. Èske w kwè sa?”

Li reponn, “Wi, Senyè, mwen kwè W se Kris la, Pitit Bondye a, Ki te dwe vini nan mond lan.”

Jezi... vin nan tonbo a. Se te yon kav avèk yon wòch nan bouch li. Li di, “Retire wòch la.”

Mat, sè mò a, di, “Men, Senyè, nan lè sa, li santi, paske li la depi kat jou.”

Alò Jezi di, “Èske M pa t di w si w kwè, w ap wè glwa Bondye?” Alò yo retire wòch la. Jezi rele ak yon vwa byen fò, “Laza, sòti!” Mò a sòti, men l ak pye l yo vlope ak moso twal len. Jezi di yo, “Retire rad lanmò a sou li e kite l ale.” (Jan 11: 21, 25-27, 38-41, 43-44)

Senyè Jezi se sèl moun nan listwa ki ka di,

“MWEN SE rezirèksyon ak lavi a.”

Zèv Li yo pwouve pawòl Li yo se laverite.





SÈN 52

SILA KI FÈ PWOVIZYON AN

Gwo foul moun kouvri Jezi, pafwa pandan tout jounen. Souvan yo t al jwenn Li nan zòn dezè kote L te konn ap pase tan ak disip li yo. Pafwa foul la te konn grangou.

Se sa k te rive yon apremidi pandan plis ke 5 000 moun te rasanble sou bò yon ti mòn Lanmè Galile a. Alò Jezi mande Filip, youn nan disip yo,

“Kote n pral achte pen pou bay tout moun sa yo manje?” Li t ap gade kote Filip ye, paske L te deja konnen sa L ta pral fè.

Filip reponn, “Sa t ap pran yon ti trezò pou ba yo manje!”

Alò, Andre, frè Simon Pyè a, leve vwa l, “Gen yon tigason isit la ki gen senk pen lòj ak de pwason. Men, kisa yo ka fè pou tout moun sa yo?”

Alò, Jezi di: Fè moun yo chita. Te genyen anpil zèb kote sa a. Donk, yo chita. Kantite gason yo te rive senk mil.

Jezi pran pen yo. Li rann gras. Li bay disip yo. Epi, disip yo bay moun ki te chita yo kantite yo te vle. Pou pwason yo, se te menm bagay tou.

Men, lè moun yo te kontante,

Jezi di disip li yo: Rasanble moso ki rete yo, dekwa pou anyen pa pèdi.

Avèk sèlman senk pen an, te gen douz panye ranpli ak rès pen moun yo pa t manje!

(Jan 6: 5-13)

Nan demen, gen moun ki te nan foul la ki t ap chèche Jezi, men se te jis pou L te ka sove yo anba bouwo Women yo e ba yo plis manje. Jezi di yo,

“Nou pa ta dwe ap bat pou manje k ap gate. Okontrè, travay pou manje k ap konsève pou lavi etènèl la. Se li menm, Pitit Lòm¹⁹ nan va ban nou. Paske, se sou Pitit la, Bondye Papa a poze so li.”

“Pen ki bay lavi a se mwen menm! Moun ki vin jwenn mwen p ap grangou ditou. Moun ki kwè nan mwen tou p ap janm swaf ditou.”

(Jan 27, 35)

Manje ka kenbe kò w anvi pou yon tan, men sèl Jezi ka ba w vrè lavi a, pou tout tan e pou letènite.

Sèl Jezi ka di, “MWEN SE pen k bay lavi a.”





SÈN 53

ANSEYAN AN

Jezi pa t kouwè mèt relijye yo ki t ap di, "Fè sa! Pa fè sa! Obsève prensip sa yo! Men kijan w dwe fè sa!" Sèl Jezi te ka di,

"MWEN SE chemen an, laverite, ak lavi a."

(Jan 14: 6)

Jezi te diferan tou de pwofèt yo ki t ap ofri sakrifis pou pwòp peche yo e ekri sou Mesi a K te gen pou vini an. Jezi di,

"Pa panse, mwen vini pou mwen aboli oubyen lalwa oubyen pwofesi yo. Mwen pa vin aboli yo. Okontrè, mwen vin akonpli yo." (Matye 5: 17)

Jezi te souvan anseye disip Li yo kijan sitwayen wayòm syèl la dwe viv pou yo ka reflekte karaktè e glwa Wa a.

Nou tande yo te di: "Renmen pwochen w!" epi: "Rayi lènmi w!" Men, Mwen menm, Mwen di nou: Renmen lènmi nou, e priye pou moun ki pèsekite nou.

Lè w ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo. Paske, yo renmen kanpe lapriyè... dekwa pou moun ka wè yo. Men, ou menm, lè w ap lapriyè, antre nan chanm ou, fèmen pòt ou, lapriyè Papa ou ki la, an sekrè. Donk, men kijan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Se pou yo kenbe non ou sen. Se pou wayòm ou an rive. Se pou volonte ou fèt, sou latè menm jan ak nan syèl la! Jodi a, ban nou pen pou jounen an...

Pa chaje tèt nou nan kalkile sa n ap manje ak sa n ap bwè ou nan kalkile kijan n ap fè abiye. Paske, tout bagay sa yo, se payen yo k ap chèche yo. Vrèmanvre, Papa nou ki nan syèl la konnen n bezwen tout bagay sa yo. Men, se pou n chèche wayòm Bondye a ak jistis li, an premye. Epi, L ap ajoute tout bagay sa yo pou nou.

Men, fè atansyon ak fo pwofèt yo. Yo vin sou nou, degize an mouton. Men, anndan kè yo, se lou devoran.

Donk, tout moun ki tande bagay sa yo M ap di a epi ki fè yo, M ap konpare yo ak yon nonm ki gen bonsans ki bati kay li sou wòch. Epi, lapli tonbe, lavalas desann, van soufle al bat sou kay la. Men, li pa tonbe. Paske, li te bati sou wòch.

Men, tout moun ki tande bagay sa yo m ap di a epi ki pa fè yo, ebyen, yo tankou yon nonm fou ki bati kay li sou sab. Epi, lapli tonbe, lavalas desann, van soufle al bat sou kay la, kay la tonbe, epi se yon gwo devas.

(Matye 5: 43-44; 6: 5-6, 9-11, 31-33; 7: 15, 24-27)

Ankenn moun pa janm pale tankou Mèt la K sòti nan syèl.





SÈN 54

MAJESTE WA A

Doktè lalwa ak prèt Jwif yo pa t kontan wè fowl moun yo ap koute Jezi. Yo te vle moun yo ap tande yo pito, pa Li menm.

Yon jou, prèt anchèf yo voye gad tanp lan yo arete Jezi, men yo pa t ka fè sa. Lè yo tounen, prèt yo mande yo, "Poukisa n pa mennen misye? Gad yo reponn,

"Pa janm gen yon moun ki pale tankou nonm sa." (Jan 7: 46)

Menm pwofèt yo pa t pale tankou Jezi. Pwofèt yo te tankou balèn k ap jete ti limyè k ap tranble nan yon mond fènwa, men Mesi a se te "Solèy lajistis" la menm (Malachi 4: 2). Kiyès ki bezwen balèn yonfwa solèy leve?

Jezi di,

"MWEN SE limyè lemonn. Moun k ap suiv Mwen p ap janm mache nan fènwa, men l ap genyen limyè lavi a." (Jan 8: 12)

Jezi se Pawòl la K te di nan kòmansman an, "Se pou limyè a fèt." Li se dènye Sous limyè fizik e espiritiyèl la.

Tandiske tan pou Mesi a te ranpli misyon Li a t ap pwoche, Li mennen twa nan disip Li yo (Pyè, Jak, e Jan) sou yon montay ki wo.

Vizaj Li chanje la devan yo. Figi L vin klere kon solèy. Rad Li vin blan tankou limyè.

Epi, twouve se Moyiz ak Eli k parèt sou yo. Yo t ap pale ak Jezi. Yon nyaj klere kouvri yo. Epi, twouve yon vwa ki sòti nan nyaj la di:

Li menm, Li se pitit Mwen renmen anpil la. Li fè m plezi anpil! Koute Li!

Lè disip Li yo tande sa, yo tonbe sou fas. Yo te pè anpil.

Alò, Jezi pwoche kote yo, Li manyen yo, epi Li di: Leve, pa pè.

Lè yo leve je yo, yo pa wè pèsonn, eksepte Jezi sèl. (Matye 17: 1-3, 5-8)

Disip yo pa t janm bliye sa yo te wè jou sa. Pita, Pyè t ap ekri, "Nou te wè majeste L ak je nou!" (2 Pyè 1: 16) e Jan t ap di, "Li te plen avèk gras ak verite. Nou te wè glwa Li, yon glwa tankou glwa yon sèl Pitit Ki sòti kote Papa a" (Jan 1: 14).

Men, pou kounya, glwa Pitit la t ap rete kache nan kò lachè Li. Li te tan pou Wa a ranpli misyon Li.





SÈN 55

MISYON WA A

Pandan twa zan, Senyè Jezi t ap vwayaje nan tout Palestin, “t ap fè byen, delivre tout sa yo k t anba pouvwa dyab la” (Travay 10: 38). Moun nan mas pèp la te renmen Li, men lidè relijye yo nan Jerizalèm t ap fè konplo pou touye L — e Jezi te konn sa.

Kòm tan pou L te monte nan syèl t ap pwoche, Jezi te deside pran wout pou Jerizalèm. (Lik 9: 51)

Si w te konnen yon bann moun mechan nan yon vil lwen t ap konplote pou mete men sou ou, maltrete w, e touye w, èske w ta pral la?

Se sa Jezi te fè.

Depi lè sa a, Jezi kòmanse ap montre disip Li yo fòk Li ale Jerizalèm; fòk Li soufri anpil bagay nan men ansyen yo, sakrifikatè prensipal yo, ak pwofesè lalwa yo; fòk Li mouri; epi, apre twa jou, fòk Li resisite. (Matye 16: 21)

Se pa t jan de Wa sa disip yo t ap chèche. *Yon Mesi sou yon kwa? Sètènman, Bondye pa t ap janm pèmèt Sila L chwazi a soufri tout penn ak lawonte sa! Alò Pyè di Jezi,*

“Jamè, Senyè! Sa p ap janm rive W!”

Jezi vire e di Pyè, “Retire w sou mwen, Satan! Ou se yon wòch glise devan Mwen. Paske, se pa bagay Bondye w ap panse, men, se bagay lèzòm. (Matye 16: 22-23)

Disip yo te vle yon Wa-Mesi Ki t ap touye okipan Women yo e monte yon nouvo gouvènman nan Jerizalèm. Pandan menm yo te nan wout, disip yo t ap debat pou konn kiyès ki t ap gen pi gwo pòs nan wayòm Bondye a. Alò Jezi di yo,

“Moun ki ta vle vin gran nan mitan nou, yo dwe sèvitè nou... Konsa tou, Pitit Lòm nan pa t vini pou yo sèvi L, men, pou Li sèvi epi pou L bay lavi L pou peye delivrans anpil moun.” (Matye 20: 26,28)

Nan premye vini L sou tè a, Mesi a pa t vini pou venk wayòm politik e renye sou twòn sou tè a; Li te vin venk Satan e renye nan kè moun. Se pou sa Jezi anseye,

“Wayòm Bondye a se nan nou li ye.” (Lik 17: 21)

Men avan Wa syèl la te ka renye nan kè moun (e pita sou tout tè a), li te dwe peye dèt peche lemonn e venk pouvwa lanmò.

Se te sa misyon Li.





SÈN 56

WA A ANTRE JERIZALÈM

Tout bagay t ap mache jan Bondye te planifye l. Kòm Jezi te tou prè Jerizalèm, Li voye de (2) disip al fè yon bagay.

Li di yo, "Antre nan vilaj sa. Kou n fè sa n rive, n ap wè yon bourik yo poko janm monte mare la. Demare l e mennen l la. Si yon moun mande, 'Poukisa n ap demare ti bourik la?' jis di, 'Senyè a bezwen l!'"

Epi y ale e yo jwenn ti bourik la jan Jezi te di a. E vrèman vre, pandan y ap demare l la, mèt li mande yo, "Poukisa n ap demare ti bourik la?"

E disip yo jis reponn, "Senyè a bezwen l!"

Alò yo mennen l bay Jezi, e yo voye rad yo sou li pou Jezi monte l.

Pandan L t ap fè wout, foul la ouvè rad yo sou wout la devan L. Lè L pran *ladesant* nan Mòn Oliv la, tout moun ki t ap suiv Li yo tanmen pouse gwo kri, e yo t ap chante pandan y ap mache, louwe Bondye pou tout mirak etonan yo te asiste yo. "Benediksyon pou Wa k ap vini nan non Senyè a! Lapè nan syèl la! Epi, glwa nan syèl ki wo!"

Kèk nan Farizyen²⁰ yo te nan foul la, yo di Jezi: "Mèt, fè disip Ou yo obsèvasyon!"

Li reponn yo: M ap di nou sa: "Si yo menm, yo pe, se wòch yo k ap rele!"
(Lik 19: 30-40)

Ala Wa sa te diferan!

Wa-Mesi a pa t investi kapital la avèk gwo kout klewon ak yon gwo lame. Li pa t antre sou yon chwal batay byen chèlbè!

Li monte yon senp bourik — yon jenn bourik, ki poko donte (ki nòmalmman ta tire pye, pike tèt), yon bèt ou ka wè yon mak lakwa desine sou do l ak zepòl li, e, pi enpòtan toujou, sèl bèt ki te ka ranpli sa pwofèt Zakari te ekri 500 zan avan:

Pouse gwo kri, ou menm Jerizalèm Pitit fi Mwen!

Gade, men Wa w la rive sou ou, Li jis e delivrans lan nan men L; Li tou dou, monte sou yon bourik, yon ti mal bourik, pitit yon manman bourik.
(Zakari 9: 9)

Poukisa Wa-Mesi a pa t antre Jerizalèm monte sou yon gwo chwal batay? Paske L pa t vin pou sove pèp la anba bouwo Women yo.

Li te vini pou sove pèp Li a anba peche yo.





SÈN 57

YO KESYONE WA A

Pandan de ou twa jou apre, Jezi anseye moun yo nan tanp lan kote, lè L te ti gason, Li te fè moun save yo sezi ak gwo kesyon ak repons Li yo. Lidè yo nan tanp la kounya te gen lòt atitid,

“Nou pa vle nonm sa pou Wa nou!” (Lik 19: 14)

Alò yo pote boure sou Jezi ak kesyon pyèj; yo t espere tounen moun nan mas pèp la kont Li.

Nan chèche yon twou vid, lidè yo voye espyon ki bay tèt yo pou moun onèt. Yo t ap eseye fè Jezi di yon bagay yo te ka pot ale bay gouvènè Women an pou l te ka arete Jezi.

Yo di, “Mèt, nou konnen W pale e anseye sa k dwat, e W pa okipe W de sa lòt panse. Ou anseye chemen Bondye a an verite. Kounya, di nou non — èske se byen pou n peye Seza taks ou non?” (Lik 20: 20-22)

Kisa Jezi ta reponn? Si L di, “Wi, peye anperè a taks,” pèp Jwif la t ap akize L Li pa pou yo. Yon lòt kote, si L reponn, “Non, pa peye taks,” gouvènè Women an t ap aprann sa, e l t ap kondane Jezi pou trayizon.

Li te wè kote yo ye, e L di, “Montre M yon pyès lajan women. Pòtre kiyès e ki tit ki tanpe sou li?”

Yo reponn, “Seza.”

Li di, “Ebyen alò, bay Seza sa k pou Seza, e bay Bondye sa k pou Bondye.”

Donk, yo pa t reyisi pran Jezi nan sa L t ap di devan pèp la. Olye sa, repons Li a te fè yo sezi, e yo ret bouch pe. (Lik 20: 23-26)

Ankò e ankò, plizyè gwoup mèt relijye t eseye trape Jezi, men chak fwa, Li reponn yo ak yon sajès pafè.

Apre sa, ankenn moun pa t oze poze L lòt kesyon. (Matye 22: 46)

Piske Jezi te fè yo wont, mesye yo glise kò yo kot chèf prèt yo pou fè konplo pou fè arete Jezi e touye L. Se pa ti avèg yo te avèg! Prèt sa yo k te responsab pou ofri sakrifis sou lotèl tanp lan, pa t gen ankenn ide ke Nonm sa yo te vle touye a se Sila menm sakrifis yo te reprezante.

Plan sekre Bondye a te sou wout akonpli.





SÈN 58

YO ARETE WA A

Se te *lavèy* Fèt Sakrifis anyèl, yo rele Pak¹⁶ la. Nan demen yo ta pral touye plizyè milye ti mouton.

Kwak Jezi te konnen yo ta pral touye Li menm tou nan jou a, Li pase apremidi a ap pataje yon dènye soupe avèk disip Li yo. Pandan repa a, Li pran pen an, beni li, separe l, e bay mesye yo pou manje. Li fè pase gode diven an ba yo tou. Li di yo pen rache a dwe fè yo panse a kò Li, e ji wouj la a san Li ki ta pral koule pou etabli yon nouvo alyans pou padon peche yo.

A minui, Li mennen disip Li yo nan yon jaden yo rele Jetsemani. La, konnen L konnen sa k ap tann Li an, Li priye Papa a.

Epi, kòm si yo te konnen, lidè relijye yo debake ak yon foul mesye ame. Jezi di yo,

“Nou vin arete Mwen avèk epe ak baton tankou se dèyè yon malfektè nou ye, pa vre? Se chak jou, Mwen te chita avèk nou ap anseye nan lakou tanp lan. E, nou pa t pran Mwen. Men, tout sa rive, dekwa pou Ekriti pwofèt yo te ka akonpli.”

Lè sa a, tout disip yo kite L, yo sove.

(Matye 26: 55-56)

Jezi kite mesye yo mare Li e mennen L kay gran prèt la kote otorite Jwif yo te rasanble. Te gen yon pakèt moun la ki t ap bay manti sou Jezi.

Alò gran prèt la kanpe devan yo e mande Jezi, “Ou pa reponn anyen? Sa y ap temwaye kont ou konsa?”

Men, Jezi rete bouch fèmen. Li pa reponn anyen. Gran prèt la mande L ankò, “Èske se ou ki Kris la, Pitit Sila ki Beni an?”

Jezi di: “Se mwen! Epitou, nou va wè Pitit Lòm nan, lè Li va chita adwat Pisans lan, ak lè L ap vini avèk nyaj nan syèl la.”

Gran prèt la chire rad li. Li di: “Poukisa nou bezwen temwen ankò? Nou tande Li pale mal sou Bondye, ki desizyon nou?”

Yo tout kondane Li. Yo di Li merite lanmò.

Kèk nan yo tanmen krache sou Li, yo kouvri figi Li, yo ba Li kout pwen, epi yo di Li: Pwofetize! Gad yo pran L e bat Li.

(Mak 14: 56,60-65)

Tribinal Jwif yo te pwononse santans lanmò, men li pa t gen otorite pou ekzekite sa. Sèl tribinal women an te ka fè sa.





SÈN 59

YO KONDANE WA A

Li te bonè nan maten lè lidè relijye yo ak yon foul ki t ap grandi nan lari Jerizalèm mennen Jezi sot kay gran prèt la al nan palè gouvènè women an, Pons Pilat.

Lidè relijye yo te vle Pilat fè touye Jezi.

Yo annik kòmanse fè depozisyon yo: “Nou jwenn Nonm sa a ap eksite nasyon nou an revòlte, L ap anpeche yo bay Seza enpo, epi L ap plede di se Li ki Kris, se Li ki wa.”

[Aprè Pilat fin poze Jezi kesyon], Li vire Li di prèt an chèf yo, ak foul moun yo: “Mwen pa jwenn anyen mal nan Nonm nan!” (Lik 23: 2,4)

Yo reponn, “Si Li pa t yon malfektè, nou pa ta livre Li ba ou...”

Donk, Pilat antre nan palè a ankò. Li rele Jezi, li di Li: “Èske se Ou Menm Ki wa Jwif yo? ... Kisa Ou te fè?”

Jezi di: “Wayòm Mwen an, se pa nan monn sa a li sòti. Si wayòm Mwen an te sòti nan monn sa a, sèvitè M yo ta lite pou yo pa livre Mwen bay Jwif yo. Men, kounye a, wayòm Mwen an pa sòti anba isit.”

Pilat di, “Donk, ou se Wa?”

Jezi reponn, “Ou menm, ou di Mwen se Wa! Men poukisa Mwen te fèt, men poukisa Mwen te vini nan lemonn: se pou Mwen te ka temwaye verite a. Tout moun ki moun verite a, yo koute vwa Mwen.”

Pilat di li: “Kisa ki verite a?”

Lè li fin di sa, li sòti al kote Jwif yo ankò. Li di yo: “Mwen pa jwenn anyen mal nan Li.” (Jan 18: 30, 33, 35-38)

Men, foul la kontinye kriye byen fò:

“Krisifye L! Krisifye L!”

Pou yon twazyèm fwa, li di yo: “Ebyen, ki mal Li fè? Mwen pa jwenn anyen Li fè ki merite lanmò. Donk, m ap fè kale L, epi m ap lage L.”

Men, yo pèsiste rele pi fò toujou. Yo mande pou yo fè krisifye L. Yo menm ak prèt an chèf yo tèlman rele, yo pran fòs sou Pilat. (Lik 23: 21-23)

Pilat te konnen Jezi te inosan, men paske l te pè lidè relijye yo ak foul la, li kondane Jezi pou mouri.





SÈN 60

YO KOUWONE WA A

Pilat kondane Jezi pou sibi dènnye degre pèn lalwa women an prevwa: bat Li byen bat epi krisifye L. Yo te konn filange kondane yo ak yon fwèt ki gen moso metal file koud nan lanyè yo.

700 zan avan, Senyè a te di pwofèt Ezayi ekri,

“Mwen pare do M bay moun k ap bat Mwen yo. Mwen lonje figi M bay moun k ap rache bab Mwen yo. Mwen pa kache figi M lè y ap joure M, lè y ap krache sou Mwen.”

(Ezayi 50: 6)

Levanjil la di nou sa k te pase apre yo fin fwete Senyè a.

Kèk nan sòlda gouvènè a mennen Jezi nan baz yo e yo rele tout rejiman an.

Yo rache rad li sou li e yo mete yon wòb wouj vyolèt sou Li.

Yo trese yon kouwòn pikan long e pwenti, e yo mete l nan tèt Li, epi yo met yon wozo nan men dwat Li kòm sèp. Epi, yo ajenou devan L pou yo pase L nan betiz. Yo di: “Viv wa Jwif yo!” Yo krache sou Li. Yo pran wozo a, yo frape l sou tèt Li.

(Matye 27: 27-30)

Sòlda yo pa t konn sinifikasyon kouwòn pikan yo te foure nan tèt Jezi a. Pikan yo fè pati madichon k te tonbe sou latè akòz peche Adan an. Wa laglwa sen an te vin pou pran madichon peche a pou nou.

Lè yo te bouke pase L nan betiz anfen, yo retire wòb la e met rad pa L sou Li ankò. Epi yo kondui L ale pou krisifye L.

(Matye 27: 31)

Yo te mennen tou de (2) kriminèl kondane avèk Jezi. Yo te fè yo chak pote pwòp kwa yo nan lye krisifikasyon an.

Nan wout nan parad kè sere sa, sòlda women yo fòse yon nonm moun Lafrik *dinò* pote kwa Jezi a pou Li. Epi yo kontinye fè wout, pase nan lari plen moun Jerizalèm, andeyò ranpa vil la, rive sou yon ti mòn yo rele Gòlgota, nan pati nò Mòn Morija, kote, anviwon.


1 900 zan avan, pwofèt Abraram te di,

“Bondye Li menm ap fè pwovizyon ti mouton pou ofrann k ap boule a, pitit mwen.”

(Jenèz 22: 8)

Lè a te rive pou Ti Mouton an mouri.





SÈN 61

YO KRISIFYE WA A

Krisifiksyon se metòd touye moun ki pi tèrib ke leta soutni, ke yo te janm envante. Anplis soufrans k ap rache zantray moun nan, sòlda women yo ajoute lawont piblik nan mete moun nan toutouni avan yo fourè klou k ap travèse men ak pye moun nan antre nan bwa a.

Lè yo rive kote yo rele Zotèt la, se la yo krisifye Jezi, Li menm ansanm ak malfektè yo: youn adwat, lòt la agoch. Jezi di: "Papa, padone yo, paske yo pa konn sa y ap fè."

Yo fè *tirajosò*, yo separe rad li. Pèp la, li menm, te kanpe ap gade. E chèf yo te ansanm avèk yo tou nan pase Jezi nan rizib. Yo t ap di: "Si se Li ki Kris la, Sila Bondye chwazi a, kòm Li sove lòt yo, se pou L sove tèt Li tou."
(Lik 23: 33-35)

Si Jezi te sove tèt Li, Li pa t ap ka sove nou. Foul la pa t gen yon ide ke yo t ap akonpli sa Senyè a itilize pwofèt David pou di,

"Yo pèse men M ak pye M yo... Yo kale je yo sou Mwen, e yo pran plèzi nan malè Mwen. Yo separe rad Mwen ant yo menm, yo *tire osò* pou rad Mwen an... Tout moun ki wè M ap pase M nan rizib; y ap di betiz, y ap souke tèt yo, di: 'Jan Ou te konte sou Senyè a, poukisa Li pa delivre Ou? Si Senyè a renmen Ou, poukisa Li pa ede Ou?'"
(Sòm 22: 16-18, 6-8).

Plan delivrans Bondye a t ap akonpli nan tout ti detay.

Sou menm montay¹¹ kote pwofèt Abraram te di, "Bondye Li menm ap fè pwovizyon ti mouton an," e "SENYÈ a ap fè pwovizyon an," (Jenèz 22: 8, 14) Bondye te fè pwovizyon pwòp Ti Mouton L vre — Jezi.

Ou sonje kijan Abraram te sakrifye belye inosan an sou bwa sou lotèl la kòm ranson pou pitit kondane li a? Kounya, yo t ap sakrifye Pitit san peche Bondye a sou yon kwa an bwa kòm ranson pou *desandan* kondane Adan yo. Bondye te epanye pitit Abraram nan, men Li "pa t epanye pwòp Pitit Li a, men L livre L pou nou tout." (Wòm 8: 32)

Paske, Bondye te tèlman renmen lemonn, Li bay sèl Pitit gason L lan, dekwa pou tout moun ki kwè nan Li pa peri, men pou yo genyen lavi etènèl.
(Jan 3: 16)

Bondye peye yon ranson pou sove w de lavi san sans ou eritye nan zansèt ou yo. E ranson sa se pa t senp lò ou lajan. Li peye pou ou avèk san presye Kris la ki gen lavi ladan l, san Ti Mouton Bondye a ki san tach, san peche.
(1Pyè 1: 18-19)

Se tout sa ou vo pou Bondye!





SÈN 62

WA-SOVÈ A

Pou L ka reyalize plan delivrans Bondye a, Senyè Jezi viv lawont ke peche koze. Li te pote madichon an nan plas nou. Li pran pinisyon nou te merite a.

Jou Adan te vyole lwa Bondye a, Li te fè konnen ke Mesi a t ap kraze tèt sèpan an yon jou.

Bondye te di Satan,

“L ap kraze tèt ou, e ou menm w ap blese L nan talon.” (Jenèz 3: 15)

Pwofesi lou ansyen sa sou Satan k ap blese Sovè a nan talon te predi wont ak penn Ti Mouton Bondye a t ap soufri sou kwa a lè yo “pèse L akoz *transgresyon* nou yo.” (Ezayi 53: 5)

Moun sa yo k te krisifye Jezi pa t konnen plan sekrè Bondye a.

Ankenn nan chèf mond sa pa t konprann li; si yo te konnen l, yo pa t ap krisifye Senyè laglwa a. Paske, pawòl kwa a se yon foli pou moun k ap peri. Men, pou moun ki sove, li se pisans Bondye. (1 Korent 2: 8; 1: 18)

Kwa Jezi a te nan mitan de (2) kriminèl.

Youn nan kriminèl yo ki te pann la t ap di betiz sou Li: Se pa Ou Ki Kris la? Sove tèt Ou, e sove nou tou!”

Men lòt kriminèl la te fè l obsèvasyon. Li di, “Ou pa gen krentif pou Bondye, ou menm k ap sibi menm santans lan? Nou menm se jistis, nou jwenn sa n merite. Men nonm sa pa fè anyen mal.” Epi l di, “Jezi, sonje mwen lè W vini nan wayòm ou an.”

Jezi reponn li, “Sa M ap di w la se vre, jodi a menm w ap avèk Mwen nan paradi a.” (Lik 23: 39-43)

Premye kriminèl la te vle sove sèlman anba soufrans fizik li. E l pa t kwè l te bezwen yon Sovè pou mouri nan plas li.

Dezyèm nan te di betiz tou sou Jezi. Men kòm li wè lanmò a anfas, kè l chanje. Li te vle Senyè a rache l nan wayòm Satan an. Li te vle vin sitwayen wayòm Bondye a, si Wa a te vle pran L. Repons Jezi a te rasire misye:

“Jodi a menm w ap avèk Mwen nan paradi a.” (Lik 23: 43)

Nan pita, tout de (2) kriminèl yo te mouri. Youn ale nan lanfè. Lòt la ale nan paradi. Kisa k te fè diferans lan? Gen youn ki pa t met konfyans li nan Wa-Sovè a. Lòt la te fè sa.



ΙΗΣΟΥΣ ΝΑΖΑΡΕΤΟΥ
ΤΟΥ ΕΒΡΕΩΣ ΤΟΥ ΚΥΡΙΟΥ
Ο ΒΑΣΙΛΕΥΣ ΤΩΝ ΙΟΥΔΑΙΩΝ



SÈN 63

DÈNYESAKRIFIS LA

Li fè midi. Jezi gentan pase twa zè sou kwa a. Gwo nyaj epè ap ramase. Jou a ap tounen lanuit. Espektatè ap gaye kò yo paske yo te pè anpil. Gen yon silans simetyè ki kouvri ti mòn nan. Twa zè ankò pita, Jezi kriye,

“Bondye Mwen, Bondye Mwen, poukisa Ou abandone Mwen?”

(Matye 27: 46)

Sou lotèl lakwa a, Pitit ètènèl Bondye a santi penn k ap dechire kè ke separasyon avèk Bondye nan syèl la koze. Diran de ou twa zè fènwa sa yo, san lòm pa sezi sa, Bondye pran tout peche nou yo e mete yo sou Pitit Li a Ki sen. Jezi vin dènye ofrann pou peche a.

Tandiske Jezi te chaje sou tèt Li peche nan pase, prezan ak lavni mond lan, Bondye nan syèl la te oblije gade lòt bò paske “je L twò sen pou L ap gade sa ki mal” (Abakik 1: 13). Pandan twa long èdtan, kòlè Bondye, tankou dife, *anbraze* pwòp ofrann Li k ap boule. Menm jan ak yon ti mouton sakrifye sou yon lotèl, Ti Mouton Bondye a te pandye sou kwa a ant syèl e latè, ant Bondye e lòm. Sila Ki pa gen bout la andire lanfè nou nan letan pou n pa bezwen al andire l nan letènite.

Epi sa te fini.

Piske L te konnen Li te fin resevwa chatiman pechè yo merite a e ke L te fin akonpli pwofesi Ansyen Testaman yo, Jezi di,

“Sa fini!”

Epi L koube tèt Li e rann nanm Li.

(Jan 19: 30)

Epi, twouve rido tanp lan fann de bò, depi anwo jis anba. Tè a tranble. Wòch fann.

(Matye 27: 51)

Pandan anpil syèk, yo t ap touye e boule ti mouton sou lotèl tanp lan. Lè Jezi mouri, Bondye dechire rido k te bare chanm espesyal kote yo te konn fè *aspèsyon* san chak ane pou kouvri peche a. Lè L dechire rido a, Bondye deklare: *Sa fini! Dèt peche a peye kach! Ti Mouton M nan vèse san L pou peche lemonn. Men M p ap aksepte san bèt ankò pou peche. Pitit byeneme M nan se Dènye Sakrifis la. Pòt syèl la byen louvri pou tout moun ki kwè nan Li!* (Gade nan liv Ebre nan Nouvo Testaman an.)

700 zan avan, pwofèt Ezayi te ekri,

“Yo te pèse L akoz rebelyon nou, brize L akoz peche nou. Yo te bat Li pou n te ka vin ankè. Yo te fwete L pou n te ka geri. Nou tout, nou te kouwè mouton egare. Nou kite chemen Bondye pou n suiv pwòp chemen nou. Poutan SENYÈ a chaje sou Li peche nou tout. (Ezayi 53: 5-6)

Sa fini!



עֵשׂוֹרְתָא בְּרִי הַמַּלְכָא
IHS N ZAREIS REX IUDAEA
IHOYCOHAZCYPHOZ
CBACMEYOTUNIOZ AITON



SÈN 64

YO ANTERE WA A

Jezi Nonm Nazarèt la mouri. Pou pa t gen dout, yon sòlda foure yon *lans* bò kòt Li. San epi dlo pete sòti.

Disip yo te pèdi espwa tou. Lè yo te panse Jezi te dwe kraze Women yo e kanpe wayòm Li sou latè, disip yo pa t ko konprann pwomès Li te fè pou L resisite sou twazyèm jou a.

Yo te konn jete kadav viktim krisifye yo nan yon ravin fatra andeyò vil la oubyen nan *fòs komin*. Se pa t sa ak kò Jezi. 700 zan avan, pwofèt Ezayi te ekri,

“Yo te mete tonbo L avèk mechan yo, e avèk yon nonm rich lè L mouri...”
(Ezayi 53: 9)

Bondye te fè plan pou yo antere Pitit Li a nan yon tonb ak onè.

Lè aswè rive, yon nonm rich, yo rele Jozèf, vini. Li te moun Arimate. Li menm tou, li te vin yon disip Jezi. Li pwoche kote Pilat, li mande l kò Jezi. Alò, Pilat pase lòd pou yo livre li kò a.
(Matye 27: 57-58)

Avan lanmò Jezi, Jozèf moun Arimate a ak zanmi l Nikodèm te disip Mesi a Jezi an sekrè. Yo te pè lidè relijye yo. Men apre yo te wè Jezi soufri sou kwa a, yo pa t pè ankò. Donk yo pran kò Jezi, lave li, e vlope l avèk band twal len pwòp avèk 35 kilo lami, menm kalite epis chè pou *anbome* kò Maj yo te bay Jezi lè L te piti a. Apre, yo mete kò a nan pwòp tonb nèf Jozèf la. Apre yo te fin woule yon gwo gwo wòch nan bouch kavo a, y al lakay yo.

Se te yon antèman yon wa merite.

Nan demen maten, lidè relijye yo al jwenn Pilat.

Yo di, “Mèt, nou sonje lè demagòg sa a te vivan, li te di: ‘Apre twa jou, m ap resisite.’ Donk, pase lòd pou yo veye kavo a jiska twazyèm jou a, dekwa pou disip li yo pa vin vòlè kò a lannuit epi pou yo pa di pèp la: ‘Li resisite pami mò yo.’ Dènye demagoji sa a ta pi rèd pase premye a.”

Pilat di yo: “Nou gen yon kò sekirite. Al fè veye kavo a jan nou konnen.” Y ale vre, yo mete sele sou wòch la, yo poste sekirite. Konsa, yo fè veye kavo a.
(Matye 27: 63-66)

Pandan tan sa, anndan kavo a, sa k t ap pase ak kò Jezi?

Anyen.





SÈN 65

TONBO VID LA

Depi jou Adan te peche a, Lanmò t ap renye tankou yon wa mechan sou fanmi lòm. Si Jezi te manke peche, Lanmò t ap fè kò L tou kòmanse dekonpoze, santi, e tounen pousyè dousman.

Men, 1 000 an avan, pwofèt David te ekri,

“Ou p ap... kite Moun pa W la Ki Sen pouri anba tè.” (Sòm 16: 9-10)

Lanmò ak tonbo a pa t gen pouvwa sou Sila a K pa t janm peche a.

Sou twazyèm jou aprè yo te touye e antere Jezi a, dimanch maten bonè, plizyè fanm vin nan tonbo a pou fè reverans yo. Bridesoukou, te gen yon *trablemann* tè pandan yon zanj desann sot nan syèl, pouse wòch la sou kote, e chita sou li. Gad yo tranble tank yo pè. Yo vin tankou mò.

Zanj lan di medam yo:

“Nou menm, nou pa bezwen pè. Paske, mwen konnen se Jezi, Sila yo te krisifye a, n ap chèche. Li pa isit la! Paske, menm jan Li te di a, Li resisite. Vini, gade kote Senyè a te kouche a. Epi, ale vit kote disip Li yo, di yo: Senyè a resisite pami mò yo...”

Yo sòti nan tonb lan byen vit! Yo te pè anpil, men yo te gen yon gwo kontantman tou. Yo kouri al anonse disip Jezi yo sa.

Pandan menm yo pral anonse disip Li yo sa a, twouve se Jezi ki rankontre avèk yo. Li di: “Bonjou!” Yo menm, yo pwoche, yo kenbe pye Li, yo adore Li. (Matye 28: 5-9)

Pandan tan sa, sòlda yo rive nan vil la e rakonte lidè relijye yo sa k te rive. Alò lidè yo bay sòlda yo anpil lajan. Epi, yo di sòlda yo:

“Di se disip li yo ki vini lannuit pandan n ap dòmi epi ki vòlè kò a.” (Matye 28: 13)

Men mansonj yo a pa t ka kache verite a. *Tonb lan te vid!*

Avèk lanmò Li Jezi peye dèt peche nou. Nan antere L antere a, Jezi desann nan sejou lanmò e koripsyon. Nan resisite L resisite a, Li venk lanmò, e L di kounya,

“Pa pè! Mwen se Premye a e Dènye a. Mwen se Moun vivan an Ki te mouri a. Gade! Mwen vivan pou toujou! E M gen nan men M kle lanmò ak sejou lanmò.” (Revelasyon 1: 17-18)

Pou tout moun ki kwè bon nouvèl sa, Lanmò se jis pòt ki louvri nan prezans Wa a Ki di,

“Piske M vivan, ou menm tou w ap viv.” (Jan 14: 19)





SÈN 66

MESAJ PWOFEYÈ YO

Nan jou rezirèksyon Jezi a, Li parèt devan anpil nan disip Li yo; premyèman medam yo, epi Pyè, e apre vwayajè yo...

Menm jou sa, de (2) nan moun ki t ap suiv Jezi yo ta pral nan vilaj Emayis la, 11 kilomèt konsa sot nan Jerizalèm.

Jezi Li menm fè sa L vini e kòmanse mache ak yo. Men Bondye t anpeche yo rekonèt se Li. Li mande yo, "Sou kisa n ap pale byen serye konsa pandan n ap fè wout la?"

Yo kanpe sou pa yo, ou te ka li tristès nan vizaj yo. Epi youn nan yo, Kleopas, reponn, "Èske W se sèl moun k ap vizite Jerizalèm epi Ki pa ta konnen bagay ki pase nan jou sa yo?"

Jezi mande, "Ki bagay?"

(Lik 24: 13, 15-19)

Vwayajè yo rakonte kijan yo t espere Jezi Moun Nazarèt la se te Mesi a Ki t ap venk lènmi yo. Men yo krisifye Li! E kounya tonb lan vid. *Sa pa fè sans!*

Alò Jezi di yo, "Ala nou sòt! Ala kè nou lou pou nou kwè tout sa pwofèt yo te pale yo!

Èske Kris la pa t gen pou L souffri konsa anvan L antre nan glwa Li?"

Epi, Li kòmanse depi nan Moyiz ak tout pwofèt yo, rive nan tout Lekriti, Li eksplike yo bagay ki pale de Li yo.

Rive lè sa yo t ap pwoche Emayis e nan bout vwayaj yo. Jezi fè kòm si L ta prale pi lwen, men yo te sipliye L, "Pase nuit la avèk nou, piske L t ap fè ta." Donk Li antre lakay avèk yo.

Pandan yo chita pou manje, Li pran pen an e di Bondye mès. Epi L separe l ba yo. Menm lè a, je yo vin louvri, e yo rekonèt se te Li. E menm lè a Li disparèt.


Youn di lòt: Lè L t ap pale avèk nou sou wout la, lè L t ap louvri Lekriti ban nou an, kè nou t ap boule nou, pa vre?

(Lik 24: 25-32)

Yo leve, yo kouri tounen Jerizalèm al di disip yo: *Senyè a resisite vre! Li se Sovè pwomès la nan Sentekriti yo. Li se Ti Mouton K reprezante nan sakrifis yo! Li se SENYÈ a!*

Anfen, mesaj pwofèt yo fè sans pou yo. Tout sans!





SÈN 67

YON KÒ TRANSFÒME

Li te dimanch swa. Disip yo te rasanble, e pòt te fèmen a kle. Jezi annik parèt nan sal la e di, “Lapè avèk nou!”

Lè L fin di sa, Li montre yo men L ak bò kòt Li. Kè disip yo t ap *debòde* ak jwa lè yo wè Senyè a.

(Jan 20: 19-20)

Toma, youn nan douz disip yo pa t la swa sa. Pita, disip yo di l, “Nou wè Senyè a!”

Men li di yo, “Si m pa wè mak klou yo nan men L e met dwèt mwen kote klou yo te ye a, e met men m bò kòt Li, m p ap kwè.”

Yon semèn pita disip yo te nan kay la ankò, e Toma

t avèk yo. Kwak pòt la te fèmen a kle, Jezi vini e kanpe pami yo e di, “Lapè avèk nou!”

Epi L di Toma, “Mete dwèt ou la; gade men M. Lonje men w e mete l bò kòt Mwen. Sispann doute e kwè.”

Toma di L, “Senyè Bondye mwen!”

Epi Jezi di l, “Paske ou wè Mwen, ou kwè; benediksyon pou sila yo k pa wè e kwè poutan.”

(Jan 20: 24-29)

Pandan karant jou k suiv yo, Senyè a te konn parèt *sanzatann* devan disip yo, pale ak yo, epi disparèt. Kò Jezi te resisite a te ka pase nan mi kay e vwayaje ak vitès yon panse. Tandiske L se premye Ki gen yon kò parèy, Li p ap dènye.

Menm jan n te pote imaj nonm ki pousyè a, se konsa tou, n ap pote imaj nonm ki sot nan syèl la.

Piske lanmò vini akòz yon nonm, rezirèksyon mò yo ap vini tou grasa yon nonm. Paske, menm jan tout moun mouri nan Adan, konsa tou Bondye ap fè tout moun vivan nan Kris.

(1Korent 15: 49, 21-22)

Èske w reyalize w se yon pechè san fòs ki pa gen ankenn mwayen nan ou menm pou w jwenn dwa viv nan wayòm Bondye a? Èske w kwè Senyè Jezi te mouri nan plas *ou*, pou peche *w* yo, e L te tounen vivan, Li venk lanmò pou *ou*? Si wi, Bondye di ou pa *nan Adan* ankò. Bondye wè ou kòm yon moun jis *nan Kris*. Yon jou, ou menm tou w ap resevwa yon lòt kò — menm jan ak pa L la.

Men san mak klou yo.





SÈN 68

DEPA WA A

Dwa pou domine Adan te pèdi devan Satan an, Jezi rebran li pou lòm. Li montre L gen kontwòl tout bagay nan egzès otorite total sou dyab la e demon yo, van e vag, maladi e grangou, peche e lanmò. Menm lè lidè relijye yo ak sòlda yo te arete L, maltrete L, e krisifye L, se Li K te kite yo fè sa.

Se pou sa, avan L te tounen monte lakay Papa L, Senyè Jezi di disip Li yo,

“Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl ak sou latè. Donk, ale. Fè moun tout nasyon vin disip. Batize²¹ yo nan non Papa a, Pitit la, ak Lespri Sen an.

Anseye yo pou yo obsève tout sa mwen te kòmande nou yo. Gade! Mwen avèk nou chak jou, pou jis lafen di monn rive.” Amèn!

(Matye 28: 18-20)

Jezi di moun ki t ap suiv Li yo,

“M ba nou yon nouvo kòmandman: Nou youn renmen lòt. Menm jan M te renmen nou an, konsa nou dwe renmen youn lòt. Se sa k ap fè tout moun konnen nou se disip Mwen, lè nou renmen youn lòt.”

(Jan 13: 34-35)

Karant jou aprè rezirèksyon L, Jezi reyini disip Li yo sou Mòn Oliv la andeyò Jerizalèm. Disip yo te vle konn lè L t ap retounen.

Jezi reponn,

“Afè konn tan ak dat, sa pa pou nou! Se Papa a Ki fikse yo avèk pwòp otorite L. Men, lè Lespri Sen²² an va vini sou nou, n a resevwa pisans, epi nou va temwen pou Mwen nan Jerizalèm, nan tout Jide, nan Samari, rive jis nan pwent latè.”

Lè L fin di sa, pandan yo t ap gade a menm, Li monte nan syèl. Yon nyaj pati ak Li devan je yo. Pandan L t aprale, je yo te fikse nan syèl la. Epi, twouve de nonm ki t abiye an blan te kanpe devan yo.

Epi, yo di: “Nou menm Galileyen, pouki nou kanpe ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki monte nan syèl kite nou an, menm jan nou wè L ale nan syèl la, se konsa L ap vini tou.”

Epi yo retounen Jerizalèm...

(Travay 1: 7-12)

Pandan tan sa, anwo nan syèl la, li te lè pou Wa a “kouwone avèk glwa e onè.” (Sòm 8: 5; Ebre 2: 9)





SÈN 69

SELEBRASYON VIKTWA A

Imajine bèlte. Koulè. Mizik. Kè kontan. San milyon zanj ap pale ant yo menm: *Wa a ap vini! Men L ap gen yon lòt aparans! Sila a K te kreye lòm nan imaj Bondye a ap pote imaj lòm pou toujou!*

Yon silans vin pran plas nan vil selès la.

Toutsuit, yon bann son twonpèt espesyal an kè koupe silans lan, epi yo pwoklame byen fò:

Wete lento pòt yo! Wete lento pòt ansyen yo, e kite Wa laglwa a antre. Kiyès Ki Wa laglwa a? Se SENYÈ a, Ki gen fòs ak puisans, SENYÈ a, Ki toujou pote viktwa nan batay!

Kiyès Ki Wa lagwa a? SENYÈ Toupuisan an — se Li Ki Wa laglwa a!
(Sòm 24: 7-8, 10)

Pòtay yo louvri byen laj, anba kout aplodisman tankou tonè, pou Chanpyon an antre, Ti Mouton an, Pitit Lòm nan Ki pote mak batay la — *Jezi!* La mache nan mitan yon gwo foul k ap adore, rive jis sou twôn Papa a. Li vire, li voye je L sou ras Adan an Li *rachte*, e Li chita.

Misyon akonpli.

Pita, sitwayen selès yo chante chan nouvo sa pou Wa byeneme yo a:

“Ou diy... paske yo te touye W, e W te rachte ak san W moun sòti nan tout tribi, lang, pèp e nasyon.”
(Revelasyon 5: 9)

Epi zanj yo antoure twôn nan, ap louwe Bondye, yo t ap di,

“Ti Mouton an diy, Li menm yo te touye a, pou L resevwa... onè, glwa e louwanj!”
(Revelasyon 5: 12)

Sou latè jodi a, laplipa *desandan* Adan yo toujou prizonye nan wayòm peche ak lanmò kondane Satan an. Men gen libète. Grasa lanmò L, antèman L, e rezirèksyon L, Senyè Jezi te genyen gwo batay la. Li di tout moun ki kwè nan Li,

“Anyen pa dwe toumante kè nou. Kwè nan Bondye, kwè nan mwen tou!

Lakay Papa mwen, genyen anpil plas. Si se pa t sa, mwen ta di nou. Mwen pral pare yon plas pou nou. ... Lè tout bagay fini, M ap vini pran nou, konsa n a avè M kote M ye.”

“Mwen se chemen an, laverite, e lavi a. Ankenn moun pa ka vin jwenn Papa a si L pa pase nan Mwen.”
(Jan 14: 1-3, 6)





SÈN 70

WA A AP RETOUNEN

Youn nan jou sa yo, pandan lemonn ap okipe ak tout aktivite pa esansyèl, ak fo relijyon l yo, Wa laglwa a ap retounen sou latè, fwa sa pa sou yon senp bourik, pou yo pase L nan betiz ou kouwone L ak pikan.

Wa resisite a te bay Jan yon apèsi sou jou sa k gen pou vini an:

Aprè sa, m wè syèl la ouvè. Epi, twouve se yon chwal blan k parèt. Sila k te monte l la rele Fidelite ak Verite. Li jije ak jistis. Li fè lagè ak jistis.

Je L tankou flanm dife. Te genyen anpil kouwòn sou tèt Li... Non L se Pawòl Bondye a. Lame nan syèl yo t ap suiv li sou chwal blan. Yo t abiye ak twal len byen blan, byen pwòp.

... Li te genyen yon non ki ekri sou rad Li ak sou kuis Li: **WA TOUT WA! SENYÈ TOUT SENYÈ!**

(Revelasyon 19: 11-14, 16)

Kou Wa a ap tounen, yon vwa ap pati kouwè tonè nan syèl la:

"Wayòm mond lan vin pou Senyè nou an avèk Kris li a. Li va domine pou letan e pou letènite!"

(Revelasyon 11: 15)

Lènmi Wa a yo p ap ka kanpe devan L. L ap lye Satan e L ap montre yon mond fatige kisa yon gouvènman jis ye. Se ap pi bon epòk pou latè.

SENYÈ a ap tabli Wa sou tout latè. Nan jou sa, ap genyen yon sèl SENYÈ, e non L ap sèl non.

(Zakari 14: 9)

Nan Jou Jijman an, se SENYÈ Jezi K ap Jij.

Fotèy Li a tankou flanm dife, Li monte sou wou ki tankou chabon dife tou limen. Dife ap koule sòti nan fotèy la devan L tankou yon larivyè. Te gen mil milye zanj la ki t ap sèvi L. Te gen dimil milyon ki kanpe la devan L. Tribinal la te pare pou jijman an. Yo louvri liv yo. (Danyèl 7: 9-10)

Bondye ap lage Satan ak wayòm fènwa l la nan "letan dife ak souf la" (Revelasyon 20: 10). Anfen, tèt Sèpan an ap kraze pou toujou.

Kanta pou sitwayen wayòm limyè a, Bondye ap kreye pou yo, "yon nouvo syèl ak yon nouvo tè... Y ap vin pèp Li. Epi, Bondye, Li menm, ap avèk yo. L ap siye tout dlo nan je yo. Epi, p ap gen ni lanmò, ni dèy, ni kriye, ni doulè ankò" (Revelasyon 21: 1, 3-4).

Anfen, priyè tout moun ki renmen Wa yo a ap reyalize pou toujou:

"Se pou wayòm ou vini, se pou volonte W fèt sou tè a tankou nan syèl la!"


(Matye 6: 10)

Èske se priyè w? Èske ou koube devan Wa laglwa a?

Èske Li se Wa ou?



Fen



Sa M ap di nou la se verite: Yon moun ki tande pawòl Mwen epi ki kwè nan Moun ki voye M nan, li gen lavi etènèl. Epitou, li pa prale nan jijman. Okontrè, li soti nan lanmò ale nan lavi.

— Jezi, Wa de Glwa (Jan 5: 24)

Li te nan lemonn. Se grasa Li, lemonn te vin egziste. Men, lemonn pa t konnen Li. ... Men, tout sa ki te resevwa Li yo epi ki te kwè nan non Li yo, Li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye.

— Levanjil (Jan 1: 10, 12)

MESAJ NAN ISTWA A • 1

BYENERE POU TOUJOU?

Moun tout laj renmen istwa imajinè kote nonm vyan an sove moun li renmen an, istwa ki gen bon fen. Moun rakonte jan de istwa sa yo paske sèl vrè Dye a mete nan kè lòm yon dezi pou delivrans anba sa ki mal e viv byenere pou toujou. Men istwa Wa de Glwa a pa ditou yon istwa imajinè.



Yon istwa fiksyon se pa yon istwa karant pwofèt ekri pandan plis ke kenz syèk, men se istwa Bondye. Zèv fiksyon se pa bagay san e san pwofesi konfime, avèk dekouvèt akeyolojik, men se istwa Bondye.



Nonm vyan nan yon istwa fiksyon pa sèvi kòm referans pou pataje listwa limanite, men se Jezi. Bagay fantezi pa ka retire peche ak lawont nou, mennen nou devan Bondye, e ba nou yon lòt kè plen ak lanmou Li, jwa, ak lapè, men se Jezi K ka fè sa.

Lè L fè sa Ekri Pwofèt yo te di, Jezi Mesi a rann li posib pou *desandan* Adan yo ka viv pou toujou avèk Wa-Kreyatè yo. Men se pa tout moun k ap viv nan wayòm Li a.



Menm jan Bondye te bay Adan yon lòd klè sou jan li te dwe viv nan jaden sou tè a, konsa Li bay *desandan* Adan yo yon lòd klè tou sou jan yo dwe viv nan lavil selès la:

Ni bagay sal, ni moun k ap fè abominasyon, ni moun k ap bay manti, yo youn p ap janm antre nan vil la. Se sèl moun ki gen non yo ekri nan Liv Lavi Ti Mouton an sèlman k ap antre. (Revelasyon 21: 27)



Liv Anyo a se kaye rekò syèl la ki gen non chak moun ki, depi Adan, te mete konfyans yo nan mwayen Bondye bay pou sove a. Wa de glwa a p ap fòse w ou fanmi w pou kwè nan Li e nan sa L te fè pou sove w anba Satan, peche, lanmò, ak lanfè.

P ap gen ankenn sijè nan wayòm Li a pa fòs. Men paske Wa a pa vle ankenn moun peri, Li fini Liv Li a ak yon envitasyon, yon avètisman, e yon pwomès:

“Moun ki swaf, se pou yo vini. Moun ki vle, yo te mèt pran dlo lavi a gratis. M ap temwaye sa bay tout moun k ap koute pawòl pwofesi ki nan liv sa a: Si yon moun ajoute sou yo, Bondye ap pran kalamite ki ekri nan liv sa a pou l ajoute sou yo pou li. ... Sila a ki temwaye bagay sa yo di: Wi, m ap vini talè konsa.

Amèn! Wi, Senyè Jezi, vini non!”

(Revelasyon 22: 17-20)

Apre Adan te peche, kisa l te di Bondye lè L te vin nan jaden an ap rele l? Adan nan lawonte l te reponn,

“Mwen tande vwa Ou nan jaden an, mwen pè.” (Jenèz 3: 10)

Men kounya, kòman anpe nan desandan Adan yo reyaji a pwomès vini Senyè a sou tè a pou yo? Yo reponn ak jwa,

“Amèn! Wi, Senyè Jezi, vini non!” (Revelasyon 22: 20)


Kisa k te mennen yon tèl transfòmasyon? Poukisa gen moun ki pa pè kanpe devan Jij latè a ankò? Poukisa yo tèlman cho pou yo wè Wa a fas a fas?

Se paske yo kwè istwa ak mesaj Li a.

Pwofèt Ezayi ekri,

Ki moun ki te kwè sa n ap tande la a? ... Nou te tankou mouton ki pèdi bann, chak moun bò pa yo. Chatiman ki te pou tonbe sou nou an, Senyè a fè li tonbe sou Li. (Ezayi 53: 1, 6)

Ezayi rezime istwa e mesaj Wa a an twa deklarasyon:



1. Nou gen yon pwoblèm.
“Chak moun fè bò pa yo.”



2. Bondye gen solisyon an.
“Chatiman k te pou tonbe sou nou an, Senyè a fè l tonbe sou Li [Pitit Gason Li a].”



3. Nou gen yon chwa.
“Ki moun ki te kwè sa n ap tande la a?”

Èske w kwè Wa a?

Si nou resevwa temwayaj lèzòm, ebyen, temwayaj Bondye a pi gran. Paske, se sa ki temwayaj Bondye te temwaye sou Pitit li a...

Moun ki pa kwè nan Bondye, yo fè Bondye pase pou mantè. Paske, yo pa t kwè nan temwayaj Bondye te bay sou Pitit li a. Men sa temwayaj la ye: Bondye ban nou lavi etènèl. Lavi a se nan Pitit la li ye. Moun ki genyen Pitit la, yo genyen lavi. Moun ki pa genyen Pitit Bondye a, yo pa genyen lavi.

Nou menm ki kwè nan non Pitit Bondye a, mwen ekri nou bagay sa yo, dekwa pou nou ka konnen nou genyen lavi etènèl... (1 Jan 5: 9-13)

Wi, ou ka *konnen*. Wa a pa kite w ap devine.

Èske w vire do bay relijyon lòm e kwè temwanyaj Bondye a? Si wi, ebyen w ap pase letènite avèk Wa a... byenere pou toujou.

MESAJ NAN ISTWA A • 2


MOVE NOUVÈL

Tandiske n ap li nan kòmansman Liv Li a, Wa linivè a te kreye lòm nan pwòp imaj ak resanblans Li. Li te fè lòm pou laglwa Li. Lèzòm t ap trezò espesyal Li, zanmi sere avè L, e sitwayen sen nan wayòm limyè Li a. Men dabò, dwe gen yon moman tès.

SENYÈ Bondye a te bay Adan yon ti tès avèk gwo konsekans. Bondye te di l li lib pou manje nan tout pyebwa nan jaden an eksepte yon sèl. Sa Bondye te di ki t ap rive Adan si l vyole sèl grenn prensip sa?



Èske Bondye te di Adan li dwe kòmanse resite priyè, jene, e fè bon zèv ase pou ranje fòs-kote move zèv li yo? *Non!* Bondye te di, "Jou ou manje li, w ap mouri kanmèm." (Jenèz 2: 17)



Nou konnen sa k te pase. Lòm te chwazi dezobeyi Wa-Kreyatè li. Adan e Èv te peche. Men èske yo te tonbe mò menm jou sa? Non. Alò kisa Bondye te vle di lè L te di, "Jou ou manje li, w ap mouri kanmèm"?

Kisa lanmò sinifi, selon Sentekriti yo?



Gade imaj la. Sa k ap pase ak branch lan? Sa k ap rive l apre l kase sot nan pyebwa a? L ap gen lavi ladan n? Ou l ap mouri?

Branch lan ka toujou sanble l gen lavi ladan n, men l ap mouri paske l separe de sous ki ba l lavi a.

Lanmò sinifi *separasyon*. Sa se move nouvell.

Lè Adan e Èv te chwazi fè pwòp volonte yo olye volonte Bondye, yo te pèdi koneksyon yo avèk Bondye, menm jan ak yon branch koupe nan yon pyebwa. Relasyon yo avèk Bondye te mouri. Yo pa t gen dezi avè L ankò. Yo te eseye kache. Adan e Èv te mouri espiritlyèlman.

Men se mechanste nou yo ki mete yon baryè ant nou ak Bondye nou an. Se peche nou ki fè L vire figi L pou L pa tande nou. (Ezayi 59: 2)



Adan e Èv te kòmanse tou mouri nan kò yo. Menm jan fèy yo nan yon branch kase pa seche menm moman an, konsa tou kò yo pa t tounen pousyè jou yo te peche a. Men pwosesis pou vyeyi a te kòmanse. Lanmò te yon lènmi yo pa t ka chape anba l.

Men te gen pi move nouvell toujou. Amwens ke Bondye founi yon mwayen pou sove, Adan e Èv te anfas separasyon etènèl avèk Bondye nan "nan dife etènèl ki te prepare pou djab la ansanm avèk zanj li yo." (Matye 25: 41)

Gen moun ki fè blag ak zafè lanfè a—yon letan dife kote nanm kontamine ak peche ap plase an karantèn pou tout letènite. Men eskè sa saj pou fè blag ak sa nou pa konprann? Antan ke lòm, nou pa ka sezi zafè letènite a. Se yon lòt dimansyon.⁸ Moun te pase tou pwofèt Noye nan betiz lè l t ap konstui lach la e avèti yo ke gen yon delij ki t ap vini. Men, yon fwa pòt lach te fèmen e delij la te rive, yo te konprann verite yo t ap pase nan betiz la. Nan menm jan, nan moman lèzòm ap antre nan lanfè, y ap konprann lojik serye ki nan kesyon sa.



Y ap sibi yon chatiman, kote y ap detui pou letènite, y ap lwen prezans Senyè a, y ap lwen glwa pouvwa li a. (2 Tesalonik 1: 9)

Wa a p ap kite polisyon peche a kontinye nan linivè Li a pou toujou.

Peche se pi gran fòs destriksyon ak dezaz ki rive pi lwen sou planèt nou an. Peche se sa k koze tout sa ki mal.



Menm jan ak yon maladi atrapan, peche Adan an enfekte nou tout. Menm jan chak ti klis ak fèy bwa sou yon branch kase mouri, se konsa chak moun nan nou peche Adan an afekte. Nou tout fè pati branch Adan an.




Lè Adan te peche a, peche antre nan lemonn, Peche Adan an mennen lanmò, konsa lanmò blayi sou tout moun, paske yo tout peche. (Wòm 5: 12)



Lè n remonte nan tan Moyiz, moun te gen menm move ide moun jodi a yo genyen an. Yo te espere si yo fè plis byen ke mal, Bondye t ap gen mizerikòd pou yo nan jou jijman an. Pou korije move panse



yo, Bondye desann sou Mòn Sinayi nan yon dife devoran e bay pèp la dis kòmandman yo pou obeyi. Nenpòt moun ki pa t obsève tout dis lwa yo san manke anyen, yo te deklare yo koupab e merite lanmò.



Dis Kòmandman yo kouwè yon miwa. Si vizaj ou sal, yon miwa ede w wè salte a, men li pa ka retire l pou ou. Menm jan an, kòmandman yo pa t la pou rann nou kòrèk devan Bondye. Olye sa, yo montre nou ke nou se pechè koupab devan yon Bondye sen. Nou pa bon pou nou viv nan wayòm jis Li a. Nou se pechè san mwayen pa nou, ki bezwen yon Sovè pafè.

Wrèmanvre, tout moun peche, epi yo manke glwa Bondye. (Wòm 3: 23)

Move nouvèl la sèke nou pa rive atenn estanda pafè jan yon moun dwe bon devan Bondye. Bon nouvèl la sèke gen yon moun nan listwa ki te rive.

Non Li se Jezi.

MESAJ NAN ISTWA A • 3

BON NOUVÈL

SENYÈ a pafè nan jistis ak mizerikòd. Jistis sinifi ke tout pèn lalwa te egzije akòz peche mwen, sa egzekite deja. Mizerikòd sinifi pèn lalwa te egzije a pa egzekite sou mwen.

Kòman Bondye te ka pini peche nou san l pa pini nou menm?


Nou jwenn repons lan nan Jezikri, Ki te vini pou sove nou.



Nan tan Ansyen Testaman an, avan Jezi te vini, Bondye te plase *lalwa ofrann pou peche* pou pote pechè sekou anba *lalwa peche ak lanmò*. Bondye t aksepte san bèt inosan kòm pèman pou peche. Se te konsa Li pini peche san l pa pini pechè a.

Men èske yon anyo se echanj jis pou yon nonm? Non. San bèt te ka sèlman reprezante sa jistis vrèman egzije.


Ki kalite san k te ka peye dèt peche lemonn? Sèlman san yon nonm pafè, ke lanmò pa gen pouvwa sou Li. Se Pawòl-Kreyatè a Li menm ki te tounen Nonm sa.



O kòmansman, Pawòl la te la, ... Pawòl la vin tounen chè. Li te abite pami nou. Li te plen avèk gras ak verite. E, nou te wè glwa li, yon glwa tankou glwa yon sèl Pitit ki soti kote Papa a. (Jan 1: 1, 14)



San anyo yo te ka jis *kouvri* peche. Jezi se "Ti Mouton Bondye a Ki wete peche lemonn nan. (Jan 1: 29)



Ou sonje Abèl? Bondye te plase peche Abèl yo sou ti mouton an. Anyo a te pote peche Abèl pou yon tan. Jezi pote peche nou nèt. Bondye chaje tout peche nou sou Li.






Ti mouton ki te mouri e boule fè sann nan plas Abèl la te reprezante Jezi Ki peye tout pèn pou peche nou yo. Se pou sa, jis avan Li mouri, Jezi te pouse kri viktwa sa, "Se fini!" (Jan 19: 30)




Jistis te fèt. Gen mizerikòd.

Se Bon Nouvèl sa ki sove nou si nou asire konfyans nou nan li... Kris mouri pou peche nou yo, jan Lekriti te di l la. Yo antere li, epi li resisite sou twazyèm jou, jan Lekriti te di l la. (1 Korent 15: 2-4)




Panse a Abraram e pitit gason l lan. Poukisa Bondye te voye yo sou yon montay byen lwen ke L dezinye pou sakrifis la?



Bondye t ap make plas kote pwòp Pitit Gason L lan t apral mouri pou peche lemond.



Poukisa Abraram te bay montay la non, "SENYÈ a ap fè Pwovizyon"? Paske se te sou montay sa Bondye te founi dènnye sakrifis la ki konplè.



Kisa Bondye te bay pou pitit gason Abraram nan? Yon belye. Ki pwovizyon Bondye te fè pou sove ou anba jijman? Jezi, Anyo Bondye a.



Èske w pè lanmò ak jijman? Si w mete tout konfyans ou nan Jezi kòm Sovè ou, ou pa bezwen pè, paske Bondye resevwa pèman konplè nan men Jezi pou peche w yo, e Li resisite Jezi anvi.



Kounya, ann tounen panse a Adan e Èv.

Peche yo ak lawont te fè yo kouvri kò yo ak fèy figfrans, e yo te vle kache tèt yo pou Bondye. Nan jistis ak mizerikòd Li, Bondye t avili peche yo e abiye yo ak po bèt sakrifye. San koule bèt yo te reprezante sa k te nesèsè pou kouvri peche yo, e po bèt yo te reprezante sa k te nesèsè pou kouvri wont yo.

Nou tout nou pataje nan peche ak lawont zansèt nou yo. Nou pa satisfè jistis Bondye. Nou pa diy pou n viv avèk Li. Bon nouvèl la sèke Jezikri pote peche ak lawont nou sou lakwa. Pandan lè fènwa sa, Li te fè eksperyans separasyon ak Bondye ke nou menm merite. Epi Li mouri. Men piske L pa t gen peche pou tèt pa Li, tonbo a pa t ka kenbe Li.

Akoz Lanmò Jezi e rezirèksyon Li, Bondye ofri pou L lave ou e abiye ou: pou echanje peche ou pou jistis Li.

Nou tout nou enfekte e sal ak peche. Lè nou prezante zèv jistis nou, se tankou ranyon sal yo ye.
(Ezayi 64: 6)



Se pa ti kontan kè m kontan pou sa Senyè a fè! ... Li kouvri m ak pouvwa Li pou L sove m. Li vlope m nan bra Li pou l delivre m. (Ezayi 61: 10)



Sila ki pa t konnen peche a, li fè l tounen peche akòz nou menm. Konsa, nan li, nou vin jistis Bondye.
(2 Korent 5: 21)

Nan Jou Jijman an, èske w ap kanpe devan Bondye abiye ak ranyon pwòp efò relijye ou yo?

Oubyen w ap abiye ak wòb jistis san tach Kris?


MESAJ NAN ISTWA A • 4

SA W AP DI AK WA A

Imajine w ap mache nan yon forè sèl. Kisa w ta pito rankontre— yon ti mouton ou yon lyon?



Nan premye vini Li a, yo te rele Wa a *Anyo a*. Li te vini ak imilite pou sove pechè yo. Lè Wa ap retounen, L ap rele Lyon an. L ap vini nan majeste Li pou jije pechè k pa repanti yo.



Lè Jezi retounen, èske w ap rejwi nan prezans Wa-Sovè ou oubyen w ap tranble devan Wa-Jij ou? Tout sa depann de sa w fè ak mesaj Bondye a.

Lè Jezi te kòmanse vwayaje e anseye, youn nan premye pawòl Li te,

“Repanti! Kwè nan bon nouvèl la!”

(Mak 1: 15)

“Repanti” sinifi *chanjepanse* w sou sa w kwè ki ba w dwa pou viv nan wayòm Bondye. Sa sinifi sispann kwè nan pwòp chemen ou e kòmanse kwè e suiv chemen Bondye.

“Kwè nan bon nouvèl la” sinifi *mete lafwa* ou nan Sovè a Ki te mouri pou peche w yo e resite pou ba w yon nouvo vi. Men kisa sa sinifi mete lafwa ou nan yon moun?

Kite m ilistre avèk yon istwa ke mwen menm m te viv nan Afrik Lwès. Se konsènan de(2) fanm, Fatu ak Bintu.

Yo tou de(2) te gen enfeksyon nan je yo. Fatu al lopital. Doktè a ba l gout antibyotik pou je. Je l te geri. Bintu ale kay medsen fèy. Li fwote je l ak “remèd.” Je l vin tou blan e l vin avèg.

Fatu ak Bintu yo tout de (2) te gen lafwa. Tout de(2) fanm yo te aplike lafwa yo pou al jwenn sila yo te kwè ki ka geri yo — men rezilta a te diferan.

Nan zafè letènite a, chak moun kwè nan yon bagay oubyen yon moun. Anpil akwoche espwa yo nan relijyon paran yo. Genyen ki kanpe ak sila yo k di lavi fini nan tonbo. Lòt envante pwòp ide yo sou lavi, lanmò, ak letènite. Lè tout bagay fini, yon sèl kesyon ap enpòtan: Èske w te chwazi laverite?

Mwen menm, m fè chwa pa m. M kwè nan Wa a, ki di,

“Tout moun ki moun verite a, yo koute vwa mwen.”

(Jan 18: 37)

Se avè L mwen vle viv pou toujou. Se Li “Ki te renmen mwen epi Ki te livre tèt Li pou mwen.” (Galasi 2: 20)

Li pa jis yon wa. Li se Wa *mwen!*



Premye nonm nan te fèt pou reflekte imaj Bondye. Peche te gate imaj sa. Jezikri, "Imaj Bondye envizib la" (Kolòs 1: 15) te vini pou ba ou lavi nouvo e restore imaj Bondye nan ou.



Si ou mete lafwa w nan Jezikri, Wa de glwa a, alò, nan je Bondye, ou *pa nan Adan* ankò. Ou *nan Kris*. Ou se yon sitwayen selès ki jwenn favè e yon pitit byeneme Bondye. Ou se pwòp trezò Bondye, ke Li te rachte avèk san pwòp Pitit Li a.

Antan ke yon manm ki fèt ankò nan fanmi Bondye a, ou ka rele Bondye kounya *Papa*. Men gwo privilèj mache ak gran responsabilite.

Tankou timoun obeyisan, pa imite modèl dezi, nou te konn genyen lontan yo, lè nou te san konesans. Okontrè, menm jan sila ki te rele nou an sen, nou menm tou, se pou nou sen nan tout konpòtman nou.

(1 Pyè 1: 14-15)

Antan ke moun k ap suiv Kris, ou fèt pou w padone, renmen, e priye pou tout moun, menm lènmi w yo. Jezi di,

"Si nou gen lamou youn pou lòt, se konsa tout moun va konnen se disip mwen nou ye."

(Jan 13: 35)

Pandan w ap soumèt ou devan L, Lespri Senyè Jezi a, Ki vini nan kè w lè w kwè nan Levanjil la, ap ede w gen viktwa sou peche e reflekte karaktè sen Li.

Sentespri a pwodui jan de fwi sa yo nan lavi nou: lamou, lajwa, lapè, pasyans, bonte, byenveyans, lafwa, dousè, disiplin moral. (Galasi 5: 22-23)

Antan ke yon pitit Wa a, ou gen yon nouvo bi nan lavi: onore Li. Ou se anbasadè Li devan yon mond pèdisyon. Reprzante Li byen. Yon jou w ap wè li fas a fas, e alò w "a menm jan avèk Li" (1Jan 3: 2). Pandan tan sa, pale avè L nenpòt lè. Fè louwanj Li nan tout sitiyasyon. Adore e sèvi L avèk lòt moun ki renmen Li e Pawòl Li. Etidye Sentekriti yo chak jou (kòmanse ak *Lik, Jan, Travay, e Wòm*). Sentespri a se Anseyan ou. Bib la se nouriti espiyèl ou e zam ou kont Satan, ki pa vle w panse, pale, e aji tankou Jezi. Plis ou medite sou Sentekriti yo se pi fò w ap vini espiyèlman.



Mwen renmen imaj pawòl sa kreye nan Sòm yo:

Menm jan yon bèt anvi bwè dlo larivyè, se konsa mwen anvi wè ou, Bondye.

(Sòm 42: 1)

Èske w ka di sa?

Se ou k pou fè chwa a.

Paul D. Bramsen
resources@rockintl.org

Sa W ap Jwenn Anplis

Vrèmanvre, se akòz gras li, ki fè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye. Sa pa soti nan zèv, dekwa pou pèsonn pa vante tèt yo. Paske, se chedèv Bondye nou ye. Li kreye nou nan Jezi Kris, pou nou fè bon zèv. E, li te prepare yo davans, dekwa pou nou ka mache ladan yo.

Donk, kòm Bondye jistifye nou dapre lafwa, ebyen, nou gen lapè avèk Bondye grasa Senyè nou an, Jezi Kris. Se grasa li menm tou, nou te gen mwayen antre nan gras sa a dapre lafwa. E, nou rete fèm ladan li. Epi, nou nan lajwa, poutèt esperans nou, nan glwa Bondye.

— Pasaj nan Nouvo Testaman
(Efèz 2: 8-10; Wòm 5: 1-2)

Lis sa genyen yon kesyon oubyen de(2) pou chak nan 70 sèn yo. Repons yo ensere nan tèks chak sèn ki mache ak kesyon an. Nou mèt kopye paj sa yo pou etid an gwoup. Pou plis enfòmasyon, vizite: www.one-god-one-message.com

Nimewo Sèn • Kesyon

- 1 • Wa de Glwa a t ap pran mil e mil an pou egzekite plan Li yo. Kisa sa di w sou Wa a?
- 2 • Bay non de(2) pati prensipal Bib la. Kijan yo diferan youn de lòt?
- 3 • Èske w kwè premye pawòl Sentekriti yo? (Jenèz 1: 1) Poukisa wi ou poukisa non?
- 4 • Menm si Bondye te egziste poukont Li, Li pa t janm sèl. Kisa w konprann nan deklarasyon sa?
- 5 • Kisa nou ka aprann sou Bondye apati de sa Li kreye yo?
- 6 • Bay kèk jan Bondye kreye lèzòm diferan de bèt yo?
- 7 • Poukisa Bondye pa t mande Adan si l te vle viv an Edenn?
- 8 • Kisa peche ye? Kisa Bondye te di k t ap rive Adan si l dezobeyi kòmandman Bondye a? Ki lòt mo pou *lanmò*?
- 9 • Menm jan ak Adan, Bondye te kreye Èv nan imaj Li. Kisa sa vle di?
- 10 • Kisa ki pi bèl pou wè nan syèl la?
- 11 • Kòman peche te antre nan linivè a?
- 12 • Kisa SENYÈ a te di k t ap rive si lòm manje nan pyebwa konesans byen ak mal la? Kisa Satan te di k t ap rive?
- 13 • Kòman peche te antre nan fanmi lòm?
- 14 • Kisa k te premye efè peche? Nan ki sans peche Adan e Èv la te ranplase lonè yo ak lawont?
- 15 • Nan ki sans Adan e Èv te mouri menm jou yo te peche a? Kijan yo te kouwè yon branch kase? (Gade tou nan paj 160.)
- 16 • Bay kèk jan madichon peche a sabote kreyasyon orijinal la.
- 17 • Poukisa w panse plan sekrè Bondye a te gen ladan n yon Sovè Ki t ap Pitit yon fanm (genyen yon manman *imen*, men pa yon papa *imen*)?

- 18 • Kisa Bondye te fè pou kouvri peche Adan e Èv ak lawont yo? Kijan Bondye te montre yo Li se yon Bondye jistis, mizerikòd, ak gras?
- 19 • Poukisa Bondye te mete Adan e Èv deyò nan jaden Edenn nan?
- 20 • Kijan peche Adan e Èv te afekte timoun yo? Kijan I afekte nou ak fanmi nou yo? (Gade tou paj 161.)
- 21 • Ki kalite ti mouton Bondye t ap aksepte mouri nan plas pechè a?
- 22 • Kisa *ekspyasyon* sinifi? Poukisa mwayen pou Bondye padone peche a egzije lanmò kòm pèman?
- 23 • Kisa Bondye te fè ak peche Abèl?
- 24 • Kisa sa vle di repanti? Kisa Bondye te vle Kayen fè?
- 25 • Kisa gwo inondasyon mondyal (delij) nan tan Noye a anseye nou sou pasyans e jijman Bondye?
- 26 • Ki premye bagay Noye ak fanmi I te fè lè yo soti nan lach la?
- 27 • Nan ki sans gwo batisman Babèl la ilistre fo relijyon?
- 28 • Ki de(2) gwo pwomès SENYÈ a te fè Abraram, si I ta kwè e suiv SENYÈ a?
- 29 • Poukisa Bondye te padone peche Abraram ak Sara e deklare yo jis?
- 30 • Ki kesyon pitit gason Abraram nan te poze I pandan yo t ap mache monte sou montay sakrifis la?
- 31 • Bondye te pwomèt pou L fè Izzak papa yon nouvo nasyon. Piske Abraram te konnen Bondye pa ka manti, kisa Abraram te panse Bondye t ap fè apre I te sakrifye Izzak sou lotèl la?
- 32 • Poukisa Abraram te bay montay la non *SENYÈ a ap fè Pwovizyon*? Èske *ti mouton an* te mouri nan plas pitit gason Abraram nan jou sa?
- 33 • Kòman Bondye te reyalize de(2) gwo pwomès Li te fè Abraram yo?
- 34 • Si nou redi pou obeyi kòmandman Bondye yo, èske n ka janm bon ase pou kalifye pou viv avèk Li nan syèl? Nan ki sans Dis Kòmandman yo kouwè yon miwa? Nan ki jan Kòmandman yo montre nou nou bezwen yon Sovè?
- 35 • Poukisa sakrifis bèt yo pa t ka retire dèt peche lemonn?
- 36 • Chwazi yon pwofesi nan woulo a e eksplike jan I endike Senyè a K te gen pou vini an?

KESYON REVIZYON • 2^E PATI • NOUVO TESTAMAN

- 37 • Poukisa Bondye te itilize kat moun (olye jis yon sèl) pou ekri listwa levanjil sou Jezi?
- 38 • Poukisa zanj Gabriyèl te rele Jezi *Pitit Gason Bondye a*?
- 39 • Kisa non *Jezi* sinifi?
- 40 • Kisa w pi renmen nan istwa nesans Jezi?
- 41 • Zanj lan di bèje yo, “Gen yon Sovè ki fèt pou nou. E, se li ki Kris la, Senyè a.” Poukisa kè bèje yo te cho pou tande nouvèl sa?
- 42 • Èske li te kòrèk pou Maj yo t adore tinonm Jezi a? Poukisa wi ou poukisa non?
- 43 • Nan ki jan Jezi te diferan de lòt timoun?
- 44 • Nan ki jan mesaj pwofèt Jan an te diferan de tout mesaj pwofèt avan yo? Poukisa w panse Jan lonje dwèt sou Jezi e di, “Gade, Ti Mouton Bondye a, Ki wete peche lemond nan”?
- 45 • Gade sèn sa ankò e di yon bagay ou konnen apati de Sentekriti yo sou Lespri Bondye a, Pitit Gason Bondye a, e Papa a nan syèl la.
- 46 • Poukisa Satan te eseye fè Jezi peche?
- 47 • Lè Jezi te fin li nan woulo pwofèt Ezayi a, Li te di, “Jodi a, Ekriti sa akonpli nan tande nou tande l la!” Poukisa w panse sa te fè pwochen L yo fache?
- 48 • Nan ki sans Jezi te *Bra Bondye* sou latè? Poukisa demon yo te pè Jezi?
- 49 • Lè Jezi te kòmande tanpèt la, “Silans! Rete trankil!” disip yo te di, “Kiyès nonm sa ye? Menm van ak vag obeyi li!” Kiyès ou panse Jezi ye?
- 50 • Poukisa lidè relijye yo te akize Jezi Li t ap *blasfeme*?
- 51 • Jezi di, “Mwen se rezirèksyon an. Mwen se lavi a. Yon moun ki kwè nan mwen, menm si l ta mouri, li va viv.” Kòman n fè konnen L ap pale verite?
- 52 • Kisa Jezi te di a moun yo ki te tounen nan demen vin chèche plis manje?
- 53 • Revize sèn sa e di yon bagay Jezi te di ki siprann ou.
- 54 • Pwofèt yo rele Mesi a, “solèy jistis la.” Jezi rele tèt Li, “Limyè mond lan.” Nan ki sans Jezi Mesi a diferan de pwofèt yo?

- 55 • Kisa disip yo te panse Mesi a ta dwe fè? Kisa Mesi a te vin pou fè?
- 56 • Poukisa Jezi te antre nan Jerizalèm monte sou yon ti bourik olye yon puisan chwal lagè?
- 57 • Poukisa lidè relijye yo pa t ka twonpe Jezi e fè L di bagay ki mal?
- 58 • Poukisa gran prèt la ak otorite Jwif yo te di yo ta dwe touye Jezi a?
- 59 • Poukisa Pilat te kondane Jezi pou mouri a?
- 60 • Sòlda yo te foure yon kouwòn pikan nan tèt Jezi. Kisa pikan yo fè n sonje?
- 61 • Kòman Jezi akonpli pwofesi Abraram yo? Konbyen ou vo nan je Bondye?
- 62 • Yo te krisifye de(2) vòlè kot Jezi. Jodi a youn nan lanfè (separe ak Senyè a pou toujou) e youn nan syèl (avèk Senyè a pou toujou). Kisa k te fè diferans lan?
- 63 • Tandiske Jezi te pann sou kwa a nan fènwa a, kisa Papa a nan syèl te chaje sou Li? Poukisa Jezi te di, "Sa fini"? Poukisa Bondye te dechire gwo rido tanp lan?
- 64 • Èske disip yo te sonje pwomès Jezi a ke L t ap leve ankò? Èske lidè relijye yo te sonje Pwomès Li a?
- 65 • Kisa medam yo te jwenn lè yo te rive nan tonbo a nan dimanch maten? Kisa lidè relijye yo te fè konsènan tonbo vid la? Si m kwè ak tout kè m nan Jezi Ti Mouton Bondye a Ki te mouri pou peche mwen yo e Ki te leve ankò a, poukisa m pa bezwen pè lanmò?
- 66 • Poukisa Jezi te di de(2) vwayajè yo sou wout Emayis la tèt yo pa byen an?
- 67 • Lè Sovè resisite a te parèt nan chanm nan, Toma te di L, "Senyè Bondye mwen!" Èske Toma te gen rezon ou tò rele Jezi Senyè e Bondye li? Poukisa?
- 68 • Kisa Jezi te di disip Li yo pou fè apre L te retounen nan syèl?
- 69 • Kiyès Ki Wa de Glwa? Kisa w panse konsènan Li?
- 70 • Lè Wa a retounen, èske w ap kontan ou pè? Poukisa?

NÒT AN FEN

Sèn Kache: ¹ Tandiske yo tradui *Alice in Wonderland* prèske nan 200 lang, yo tradui *Bib la*, tout nèt oubyen yon pati, nan plis ke 2 500 lang.

² Rechèch nan akeyoloji, istwa sekilye, pwofesi akonpli, e jan istwa konplèks sa ki ekri sou plizyè milènè a byen akòde a, tout sa yo konfime Bib la.

Sèn 2: ³ Wa a pa sèlman Kreyatè e Sila a ki kenbe linivè Li a, Li se Otè e Gadyen Liv Li a. Woulo bò *Lanmè Mò* yo konfime Lekriti Ansyen Testaman yo nou gen jodi a se menm Lekriti ki te egziste avan tan Kris la. Mil e mil maniskri ansyen sètifye Lekriti Nouvo Testaman yo, anpil ladan yo remonte nan premye syèk yo apre Kris. Deklarasyon anpil moun fè ke lèzòm te modifye e kowonp tèks orijinal yo pa baze sou ankenn reyalyte. Gade *One God One Message*, chapit 3. www.one-god-one-message.com

Sèn 5: ⁴ Pou apwofondi konesans ou sou atribi Bondye yo jan nou te wè yo nan sis jou kreyasyon an, gade *One God One Message*, chapit 8.

Sèn 6: ⁵ Piske Bondye se YON SÈL, poukisa L di, “Ann fè lòm nan pòtre NOU an...”? Repons lan koud nan inite konplèks ki defini Bondye. Nan Sentekriti yo, mo Ebre pou “Bondye” se *Eloyim*, ki se yon pliryèl. Mo yo itilize pou “youn” nan pwopozisyon “Bondye se yon sèl” se *ekad*, ki ka gen sans yon inite konpoze. Nan letènite, avan L te kreye zanj ou lòm, Bondye te viv kominyon nan Li menm — avèk Pawòl Li/Pitit Li e Sentespri a. “Ala Bondye gran — sa depase konpreyansyon nou!” (Pwofèt Jòb 36: 26)

Sèn 7: ⁶ Menm eleman chimik nou jwenn nan kò lòm yo yo prezan nan pousyè tè sèch la. Lasyans pa t rekonèt yon tèl reyalyte jiske dènyèmman la. Tandiske laplipa syantis baze konesans yo sou obsèvasyon ak *teyori* (ide lòm), konesans sila yo ki kwè nan Bib la baze sou obsèvasyon ak *revelasyon* (Pawòl Bondye).

Sèn 11: ⁷ Pou plis detay sou orijin Satan, gade *One God One Message*, chapit 11.

Sèn 16: ⁸ Si Letan Dife a, plas chatiman etènèl la, sanble pa jis ou pa rezonab nan lespri nou, petèt nou pa sezi dimansyon sentete Bondye, nati etènèl lòm, gravite peche, e zafè letènite a. Mo *etènite* a menm se tèt chaje pou kapasite mantal nou, piske tout dimansyon referans nou limite nan letan. Letènite pa gen fen. Bondye Ki te kreye tan pa limite nan letan Li menm (2 Pyè 3: 8-9). Letènite pa konte an ane. Panse a sa kouwè *yon kounya ki p ap janm fini*. Nan moman pechè yo antre nan reyalyte sa ke yo p ap janm soti ladan an, y ap konprann lojik serye ki akonpanye l.

Sèn 17: ⁹ Rachte sinifi *achte menm bagay la ankò e peye pri yo egzije a*. Nan chapit 18 *One God One Message* otè a ilistre sa avèk yon istwa nan lè l te timoun:

Pandan m te ti gason k ap grandi nan Kalifòni, m te gen yon ti chyen. M te konn ba l manje, pran swen l, e jwe avè l. Li te konn suiv mwen kote m pase e kontan wè mwen lè m sot lekòl. Men l te gen yon defo. Kèk fwa, li te konn pwomennen nan vwazinaj la, kwak li te toujou tounen. Rive yon jou. M antre lakay sot lekòl, men ti chyen m nan pa t la pou akeyi m. Nan lè dòmi, nou te toujou pa jwenn li. Nan demen, papa m sigjere m telephone enstitisyon ki abrite bèt nan zòn nan, yon kote yo kenbe chat ak chyen pèdi pou yon ti tan. Yo touye bèt mèt yo pa reklame yo. M telephone abri a vre. Wi, yo te genyen yon ti chyen kouwè pa m nan vre. Moun ki konn kenbe chyen nan vil la te pran l. Chyen m nan pa t gen ankenn mwayen li menm pou sove tèt li, yo t ap touye li. M ale nan abri a. M t apral rebran chyen m nan! Men otorite sou biwo a di m si m vle rebran chyen an m dwe peye yon penalite. Lalwa pa t pèmèt chyen lage nan lari.

M peye pri yo te egzije a e yo te lage chyen m nan. Ala l te kontan pou l te deyò move kalòj sa e pou l t avèk sila a ankò ki te renmen l lan! Mwen te rachte l!

Eksperyans sa lè m te ti gason an lè m te rachte chyen egare m nan ba nou yon ti ide de pwòp sityasyon nou. Antan ke pechè rebèl, kondane, nou pa gen ankenn mwayen pou sove tèt nou anba penalite pou peche nou, anba lalwa peche ak lanmò. Nou bezwen yon Sovè K ka peye pri pou rachte nou.

Sèn 23:¹⁰ Se posib ke Bondye te montre L aksepte sakrifis Abèl la menm jan L te fè l nan tan pwofèt Moyiz, Salomon, e Eli a: "Yon dife jayi soti nan prezans SENYÈ a e boule tout vyann ak tout grès ki te sou lotèl la." (Levitik 9: 24; 2 Kwonik 7: 1; 1 Wa 18: 38)

Sèn 30 & 61:¹¹ Morija sinifi *Sa SENYÈ a Chwazi*. Se zòn kote pita Jerizalèm te bati. Jodi a, Mòn Morija se espas kote tanp Salomon an te konstwi a (2 Kwonik 3: 1). Pa twò lwen, sou menm ranje montay la nou jwenn "kote yo rele Zotèt la" (Lik 23: 33).

Sèn 36:¹² Pwofesi akonpli yo mete Bib la apa nan tout lòt liv nan mond lan. Prediksyon pwofèt yo sou sa k te gen pou rive nan lavni, e ki akonpli vre nan listwa, se yon fason Bondye valide mesaj Li. Sèl Bondye K ka "di depi nan kòmansman jan sa pral ye, fè nou konnen davans sa ki ta pral rive" (Ezayi 46: 10). Jezi Mesi a di, "Depi kounye a M ap pale nou anvan sa rive, dekwa pou lè sa rive, nou ka kwè Mwen se Mwen menm!" (Jan 13: 19). Gade *One God One Message*, chapit 5.

Sèn 41:¹³ Kris se mo grèk pou mo ebre *Mesi, Sila yo Chwazi a*.

¹⁴ Jan yo date evènman nan listwa baze sou ane Kris te pran nesans. Pa egzanp, pwofèt Abraram te fèt nan 2 000 avan Jezikri (2 000an avan Jezi te fèt). Liv sa (*Wa de Glwa*) te ekri an 2011 aprè Jezikri (plis ke 2 000an aprè Kris te fèt). Yo itilize tou AD, ki soti nan Latèn an *Anno Domini* pou pale de *Ane Mèt la*. Anpil lòt moun itilize tou ekspresyon *Avan È/Epòk sa e Nan È/Epòk sa* pou yo pa sèvi ak non Kris la, men pwèn referans pou divize listwa lèzòm toujou rete nesans Jezikri.

Sèn 43:¹⁵ "Èske se pa bòs chapant lan, pitit Mari a? Èske se pa li ki frè Jak, Joz, Jid, ak Simon an? Epi, se pa sè li yo ki isit la avèk nou an? Donk, li te yon *pyè d achopman* pou yo. (Mak 6: 3) Piske Jozèf pa t papa biyolojik Jezi, Jezi te fanmi frè L ak sè L yo sèlman bò kot manman L. Jezi te Pitit Gason Bondye e Pitit Lòm nan. Gade nòt an fen 19 (Sèn 52).

Sèns 43 & 58:¹⁶ Chak ane lè Fèt Pak la, Jwif yo sonje yon evènman k te pase nan tan Moyiz la, lè yo te esklav nan peyi Lejip. Zansèt yo te touye ti mouton e pase san an sou ankadreman pòt kay yo paske Bondye te di, "Lè M wè san an, M a sote kay nou" (Egzòd 12: 13). A minui, SENYÈ a touye tout premye pitit gason nan tout kay ki pa t gen san ti mouton an sou ankadreman pòt yo. Bondye te ilize evènman sa pou sove pèp Li a anba 400zan esklavaj.

Sèn 45:¹⁷ San n poko nan syèl, nou p ap janm konprann nèt zafè tri-inite Bondye a. Epi, Li se DYE! Yon bagay nou tout konprann, poutan, se lè yon bagay egziste an twa, poutan l se youn. Mond nou an plen ak inite "twa nan youn." TAN: pase, prezan, ak fiti. ESPAS: longè, lajè, wòtè. LÒM: lespri, nanm, kò. ATOM: elektwon, pwoton, netwon. SOLÈY nou an se yon tri-inite tou. Nou rele kò selès la *solèy*, limyè li *solèy*, e chalè li *solèy*, poutan solèy la se yon sèl. Se konsa tou ak SENYÈ a ki se Papa Etènèl la, Pitit Etènèl la, Sentespri Etènèl la. Menm jan limyè ak chalè a soti nan solèy la, konsa tou Pitit (Pawòl la) Bondye a ak Sentespri a soti nan Bondye, poutan "SENYÈ a se yon sèl" (Detewonòm 6: 4). Gade tou Sèn 4 ak nòt an fen 5 (Sèn 6). Pou plis detay sou inite konplèks Bondye ak nati *imen e diven* Jezi, li *One God One Message*, chapit 9 e 17. Pi bon toujou, li Levanjil Jan an.

WA DE GLWA

NÒT AN FEN

Sèn 47:¹⁸ Mesi sinifi *Sila yo Chwazi a* ou, plis literal, *Sila ki gen Onksyon an*. Nan tan ansyen yo nan zòn Oryan yo, lè yo t ap fè investiti yon nouvo wa, yon prèt ou yon pwofèt te konn vide yon luil espesyal sou tèt li pou montre li se nouvo gouvènè wayòm nan. Jezi pa t resevwa onksyon Li nan men lòm, men nan Sentespri a Li menm (Gade Sèn 45).

Sèn 52:¹⁹ Jezi souvan fè referans a Li menm kòm Pitit Lòm nan. Li te toujou Pitit Bondye, men Li tounen Pitit Lòm. Antan ke Pitit Bondye, li se Pawòl la Ki t avèk Bondye nan kòmansman an (Jan 1: 2; Jenèz 1: 3), men antan ke Pitit Lòm nan, Li se Pawòl la ki pran chè sou li, Sila a Bondye chwazi pou Wa-Sovè-Jij mond lan (Jan 1: 14; Danyèl 7: 13-14).

Sèn 56:²⁰ Farizyen yo te manb yon sèk Jwif chofe. Gen ladan yo ki priye sis fwa nan yon jounen, fè jèn twa mwa nan ane a, e bay di pou san nan kòb yo antre a pòv (Lik 18: 9-14). Men tout sa se te rityèl vid. Yo te relijye, men yo pa t konnen ou renmen Bondye.

Sèn 68:²¹ Pou moun ki kwè nan Senyè Jezikri, batèm se yon mwayen pou deklare chwa yo pou suiv Li. Plonje anba dlo a pa retire peche. Li senbolize idantifikasyon moun nan avèk Jezi nan Lanmò Li, antèman L ak rezirèksyon L. Batèm dlo a reprezante tou fen ansyen lavi moun nan t ap mennen an e kòmansman yon nouvo lavi nan Kris.

²² Pa anpil jou apre Pitit Bondye a monte nan syèl, Lespri Bondye desann vin viv nan kè chak nonm, fanm, e timoun ki kwè nan Levanjil la. Liv Travay Apot yo nan Nouvo Testaman gen ladan n istwa enteresan sou kòmman Sentespri a te bay disip yo pouvwa pou reflekte karaktè Jezi e fè konnen mesaj Li a nasyon yo. Mwayen sove Bondye bay la pa chanje. Si w fè chwa kwè mesaj Li a — ke w se yon pechè separe de Bondye sen an, e ou san pouvwa nan ou menm pou sove tèt ou anba chatiman pou peche a, e ke Jezikri te pran chatiman w lan sou lakwa, Li te antere, e leve soti pami mò yo — alò ou menm tou ap resevwa kado Sentespri a. Sa vle di Wa linivè a Li menm ap vini viv nan kè w. L ap vin nouvo Mèt ou, Papa w, e Zanmi w. Sentekriti yo di, “Nan Kris, nou menm tou, lè nou te tandè pawòl verite a, levanjil ki sove nou an, epi lè nou te kwè nan li, Bondye poze so a sou nou, ki se Lespri Sen li te pwomèt la. Lespri Sen an se avalwa sou eritaj nou an, pou jis redanmsyon pwopriyete a rive, pou nou fè lwanj pou glwa li.” (Efezyen 1: 13-14)

Bondye se yon gwo Wa mèveye, e L ap gen yon gwo fanmi mèveye avè L nan tout letènite. Èske w ap la?

ANN ALE PI LWEN


UN SEUL DIEU UN SEUL MESSAGE



Menm jan ak Wa de Glwa, One God One Message kondui w nan yon vwayaj nan Lekriti Pwofèt yo, men nan yon fason pi apwofondi tandiske l ap konpare mesaj Bib la avèk lòt vizyondimond yo. Anpil kesyon ki pa gen repons nan Wa de Glwa jwenn repons yo nan One God One Message.

Tandiske Wa de Glwa pran anviwon twa zè pou li a vwa wo, One God One Message pran anviwon douz è.

Nan melanje ansanm eksperyans pèsònèl, imèl septik yo voye, ak yon istwa vrè rakonte tou nèf, liv sa ofri yon kad pou repanse gwo kesyon lavi yo.



- Otè: P. D. Bramsen
- Ilistratè: D. C. Bramsen
- Piblikasyon: ROCK International

“Liv sa se yon min verite; estil otè a ekri a pa gen parèy; li se yon fwaye enterè pou lòm.”

— William MacDonald, author of *Believer's Bible Commentary*

“Se kouwè yon istwa detektiv, ke nan yon sans li ye menm.”

— Theo, lektè nan Kanada

“Aprè m fin li liv sa lojik nan Bib la fè sans ak klik nan lespri mwen. Li kreye yon enterè nan mwen pou li Bib la.”

— Mohammed, kòrespondan nan Mwayen-Oryan

- Auteur: P. D. Bramsen
- Illustrateur: D. C. Bramsen
- Editeur: ROCK International
- Plus de 30 illustrations
- Guide de discussion avec 150 questions
- 269 notes de fin
- Téléchargement gratuit en anglais, allemand, arabe, albanais, bengali, bosniaque, chinois, coréen, espagnol, français, indonésien, ourdou, persan, russe, somali, turc, etc.

www.one-god-one-message.com

« Ce livre est une mine de vérités; son style d'écriture est unique en son genre; il est rempli d'un intérêt certain pour l'homme. »

— William MacDonald, auteur du *Commentaire Biblique du Disciple* et de 80 autres ouvrages

« Les extraits de courriels sont pour le lecteur la garantie que l'auteur n'élude pas les questions difficiles. »

— Vaughan, titulaire d'une prépa médecine, citoyen de la R.A.S.

« Maintenant que j'ai lu ce livre, la logique biblique me semble parfaitement cohérente et tout s'imbrique parfaitement dans mon esprit. Cet ouvrage m'a insufflé un désir de lire la Bible. »

— Mohammed, correspondant du Moyen-Orient

ROCK INTERNATIONAL AP PREZANTE

WA de GLWA

FIM NAN

Yon prezantasyon motamo liv WA de GLWA a

1 ISTWA AN 2 PATI. 70 SÈN AN 15 EPIZÒD.

1 ^E PATI: ANSYEN TESTAMAN: WA A ANONSE PLAN LI A		1 è 47 minit
1. Pwològ	Sèn 1-3	~ 10:40
2. Kreyatè a e Kreyasyon Li a	Sèn 4-9	~ 19:04
3. Antre Lemal	Sèn 10-15	~ 15:10
4. Madichon Peche & Pwomès Bondye	Sèn 16-19	~ 11:57
5. Chemen Sakrifis la	Sèn 20-24	~ 14:58
6. Rebelyon Lòm & Fidelite Bondye	Sèn 25-27	~ 9:05
7. Plan Bondye ap Mache	Sèn 28-32	~ 14:04
8. Lalwa & Pwofèt yo	Sèn 33-36	~ 12:20
2 ^E PATI: NOUVO TESTAMAN: WA A REYALIZE PLAN LI A		1 è 55 minit
9. Antre Wa a	Sèn 37-42	~ 20:16
10. Karaktè Wa a	Sèn 43-47	~ 15:32
11. Dominasyon Wa a	Sèn 48-51	~ 14:02
12. Misyon Wa a	Sèn 52-56	~ 15:24
13. Soumisyon Wa a	Sèn 57-61	~ 14:50
14. Sakrifis & Triyonf Wa a	Sèn 62-65	~ 13:53
15. Levanjil & Glwa Wa a	Sèn 66-70	~ 18:26
Bondye nou an gran (nan lang Arab) <i>Rekonesans Patisipasyon</i>		~ 2:45

"Fim nan eksplike bagay yo nan jan m ka konprann." — Eli, 7

"Mwen viv istwa a ak tout emosyon m kòm si m te la an reyalyte." — Lydia, 21

"Eksplike anpe nan revelasyon ki pi pwofon nan linivè a poutan nan yon fason senp e puisan!" — Dick, 74



KOURIKOULÒM
WA de GLWA

LIV POU
KOLORYE

GID ETID
ILISTRE

FIM AN
PLIZYÈ LANG

LIV AN
IMAJ

www.king-of-glory.com